


# ZVAKAZARURWA,

## CHITSAUKO CHECHINA

### CHIKAMU III

 Mazvita Hama Neville. Ishe vakuropafadzeiwo zvakare. Zvakare mangwanani akanaka, kirasi yeBhaibheri. Uye munhu wese ari kunzwa zvakadii mangwanani ano? Zvakanaka, ndinovimba. Amen. Taita sekuti...ichi chaitsa sechiziviso chazopiwa nguva yave shoma chatave nacho chekuti tichange tiri pano mangwanani ano, nekuti ndanga ndisina...hurongwa hwenzendo dzangu nazvino hwanga husati hwagadzirwa hwenguva chaiyo yandinozenge ndava kuenda. Uye izvi zviri zvino kuti hwakagadzirirwa kuve hwemwedzi mitanhatu inotevera, saka, zvino, ndakafunga kuti zviri nani tive neshumiro mangwanani ano nokuti zvichatora nguva ndisati ndadzoka zvakare, sekuziva kwangu; zvichida mumatsutso uno.

<sup>2</sup> Uye ndicha...tichange tichisimuka zvino vhiki rino rinotevera kuenda kuBeaumont, Texas, kwatichatanga zasi ikoko svondo rinouya toita musangano wemazuva masere kana gumi ikoko nemubatanidzwa weva—vakazvimiririra nemachechi akasiyana-siyana. Uri kunyatsotsigirwa nemari nemachechi e*Jesus Name* zasi kuBeaumont, Texas, uko kwatakava nemusangano mukuru nguva yapfuura, mushure mokunge mufananidzo *uyu* uchangobva kutorwa. Uye ivo...Ndinoziva kuti vanofambisa tiroko ikoko rine, ndinotenda, matiroko makumi maviri nemanomwe...kana kuti chitima chine matiroko makumi maviri nemanomwe, chichiuya ikoko kumusangano kuBeaumont. Ndiko ikoko meya weguta akave nevaifora zvino ndokuenda nemumigwagwa, nevese zvavo. Takava nenguva yakanakisa kuBeaumont, uye tiri kudzokerako svondo rino rinouya. Uye ipapo ndanga ndichitarisira San Antonio, asi handizove nenguva yakakwana yayo, kunze kwekunge kuri pakudzoka.

<sup>3</sup> Zvino tichibvako tichienda kuPhoenix, Los Angeles, zasi kuLong Beach. Zvino todzoka, Ishe vachitendera, todzokera kuMahombekombe okuMabvazuva, todzokera kuVirginia neSouth Carolina. Todzoka ipapo kuBloomington, Illinois. Uye kubva ipapo toenda kuLane Tech High School, svondo rekupedzisira muna Kubvumbi, neChristian Businessmen. Zvino ndozobva ipapo ndichienda kuchamhembe kweBritish Columbia, kumusoro ndakananga kuAlaska, ndozovako kusvika

Chikumi. Zvino, ipapo, tiri kutarisira kuva nenguva yakanaka kwazvo.

<sup>4</sup> Ndichinamata zvino kana kuferefetwa kwe...kwandanga ndiri pasi pako kwechinguva nevemitero, pamusoro pechechi pano, kunenge kwapera panguva iyoyo. Uye ipapo ticha... Ndichakwanisa kuenda mhiri kwemakungwa ipapo kana zviri izvo, muna Chikumi chaimo, zvinobva zvangova zvinozviita zvakanaka kuenda kuAfrica; muna Chikumi, Chikunguru, naNyamavhuvhu, mu—muAfrica. Saka ndinoda minamato yenyu zvechokwadi.

<sup>5</sup> Uye takatarisira Kuuya kwaShe. Zvinhu zvose izvi zviri “kana kuri kuda kwaShe,” munoona. Hatizive, Aigona... Izvi hazvisi chaizvo kutungamirirwa, takangatora kokero dzese pamwe chete ndokunamata pamusoro padzo, ndokubvunza Ishe, “Toenda nenzira ipi?” Uye—uye zvinoita sekuti, zvino, handizviise zvose pandiri ndoga, ndinorega vamwe vachifunga nezvazvo, nekuzvinamatira. Uye zvinoratidza sekunge isu tose taiita setinotungamirwa kuenda nechekumadokero, kumaodzanyemba nekumadokero panguva ino. Saka zvino taive nekokero kumativi ose, saka takabva tangotanga kudzikako. Uye nzvimbo yekutanga yakawira pamwoyo wangu yakava Beaumont kana San Antonio. Saka takadzitarisa, uye takanga tine kokero munzvimbo dzose dziri mbiri. Uye...

<sup>6</sup> Takafonera mumwe kuBeaumont. Uye nekuti vaive nemachechi makumi mana nemaviri aibatirana, eveUnited Pentecostals nedzimwe dzakadaro, takafunga kuti nehoro hombe zvingava nani kuvapa anenge mazuva gumi pane kupa mashanu nemashanu kunzvimbo yega-yega. Ndinofunga kana ukaisa pakati nepakati saizvozvvo zviri nani. Zvadaroy pane vakawanda ve—vevanhu vanoshaya muBeaumont uye zvichidzika nemuchikamu ichocho chine mafuta cheTexas ikoko, zvino saka tiri kutarisira nguva yakanaka chaizvo muBeaumont.

<sup>7</sup> Uye, zvino, hatizame zvekuenda uko kune mizinda mukuru nenzvimbo huru. Asi tinoedza kuenda sokutungamirirwa kwatichaitwa naShe kuti tiende, zvisinei nokuti kudiki kana kuti kwakakura sei, asi chero bedzi Ishe vari kutungamirira. Zvino, chero nguva, Anogona kutidanira ku*Masedhonia* zvino tinobva tasiya munda wekuvhangerera chero nguva kuenda kune chero chaAchatidaidzira kuti tiite, chero kupi zvako.

<sup>8</sup> Uye zvechokwadi takanakidzwa nenguva ino yekuwadzana paShoko raMwari nemi vanhu vakanaka. Ndinovimba kuti muchange makatendeka zvino mouya kuchechi uye moteerera dzidziso dzeBhaibheri kubudikidza nehama yedu yakashinga pano, Hama Neville, yandinokurudzirai zvikuru semuranda waIshe Mwari, uye vachifambira mberi vachiwedzera kudzika naMwari, uye ndinofara kwazvo nazvo.

<sup>9</sup> Uye chechi duku, ndinokurayirai muZita raShe Jesu kuti mukure munyasha dzaMwari, mozvibata zvakadzikama uye mutarise kuKarivhari nguva dzose, uchibvisa midzi yese yenduru kubva mumoyo nemumweya wako, kuitira kuti Mwari vakushandise chero nguva. Kana iwe ukanzwa kuita chimwe chinhu, kana chizaruro kana chimwe chinhu chikauya kwauri zvisinganzwisisike, chimwe chinhu chichiyambira kana chimwewo, chenjerai! Satani ane manomano uye anonyengera sezvaanogona. Maona? Zviisei neShoko raMwari uye bvunzai mufundisi wenyu. Maona?

<sup>10</sup> Uye munoona zvipo nezvimwe zvakadaro zvichipinda muchechi zvisihoma nezvisihoma, uye nekushanda kwezvipo izvi. Musati machirega chichipinda pakushanda nezvimwe, kutanga... Uchinzwa chichimanikidzira pamoyo wako... Zvino, muvengi ane hunyengeri chahwo. Maona? Uye ndizvo zvinongobvarura machechi kuita mamvemve nguva dzose, chipo chechokwadi chinoshandiswa zvisiri izvo. Maona? Chimwe chinhu icho Mwari vari kuedza kuita, zvino choshandiswa zvisiri izvo, chinongo—chinongodaro nyore... Hazvingokukuvadzi iwe chete, asi zvichatsemura chechi yese zvayo. Maona? Chibvunzei, chitorei muchiendese uye muchiendese nemuBhaibheri, mochiyedza muna kana vari Mwari here kana kwete. Ingorambai muchichiyedza nekuzama, muchiona kana chakakwana zvichidzika nemumutsara uye kana chakati nhwaa neShoko. Ipapo munenge muri pakanaka, munoona.

<sup>11</sup> Chero bedzi Shoko rakati chichange chiri pano, chichashanda nenzira yekuti neyokuti, garai nacho. Musambofa makabva, zvisinei nokuti chero ani hake anoita sei, chichiita sekunge chemazvirokwazvo sei. Kana chisingaenderane neMagwaro kubva muna Genesi kusvika muna Zvakazarurwa, siyanai nacho. Musangogamuchira zvose-zvose, tiri mumazuva ekupedzisira apo Satani ari kungonyengera nepaanogona napo.

<sup>12</sup> Ndiregerereiwo kana ndikaedza kutora nzvimbo yabhasa; ini handisi bhasa. Asi ndinonzwa kwamuri sezvakambotaurwa naPauro kumashure uko pamusoro peungano yake kamwe, “Muri nyeredzi dziri mukorona yangu.” Kana ndayambukira mhiri kunyika iri uko kune rimwe divi, ndosangana nemi muri muchinhano ichocho chakabwinyiswa, Ndinoda kuti mumire ipapo kuti mupenye senyeredzi dziri mukorona yangu. Maona? Uye ndi—ndinoda kuti muveko, ndinoda kuveko.

<sup>13</sup> Uye ndinorangarira muchiratidzo changu pandakaona Hupo hwaShe, kana kuti vanhu vaKe muNyika inobwinya kumusoro, ndakatarisa-tarisa, ndikavaudza... Uye vakandiudza kuti Aizonditonga kutanga neEvhangeri yandinoparidza. Ndikati, “Nenzira chaiyo iyo Pauro akaRiparidza nayo!”

14 Uye mamiriyoni avanhu akadanidzira, “Isu takazorora pazviri!” Maona? Munoono. Zvino, ndinoda kuti zvive saizvozvvo. Uye tichazosangana ikoko rimwe zuva.

15 Uye Mwari havana kumbotuma Hama Neville neni kuti tive mabhasa, kwete zvachose. Tingori hama dzenyu, munoono, varairidzi muVhangeri. Saka ngatishandei tese pamwe chete.

16 Uye dzimwe nguva kana—kana chimwe chinhu chiri kushanda chichifanira kunongedzwa kana—kana kutaurwa chimwe chinhu nezvacho, kudaidzwa kuti chionekwe kana chimwe chinhu chakadaro, uye munhu ane chipo chacho ozviramba, ingorangarirai... achizviramba, rangarirai, chipo chacho chakanga chisina kunaka. Vakanga vasiri Mwari kubva pakutanga. Mweya waMwari wakagara wakagadzirira kugadziriswa, unotapira uye wakazvininipisa, unoda. Maona. Kana akasimuka achiti, “Ndichangozviiita zvisinei,” munoziva kuti dzimwe nguva... Ingorangarirai, mweya yekuzvikudza haisi yaMwari. Maona? Saka sei muchitora chinotsiva apo zvinhu zvese, pasi rose, rakazadzwa neKubwinya kwaMwari, munoono, simba chairo raMwari. Ko sei tichizitora chinotsiva? Hatichina nguva muzuva rino zvino; asi, rangarirai, Bhaibheri rakati aizouya se... nemanomano ose sezvaanogona, onyengera Vasanangurwa chaivo kana zvizhibvira. Maona?

17 Uye, zvino, dzimwe nguva tinofunga kuti tiri Vasanangurwa, uye ndinovimba tiri, asi ngatirambei takagara zvakananga neBhaibheri. Zvino kana zvinhu zvose zviri muMagwaro, nehurongwa huri muMagwaro, zvichiunza Kubwinya kuna Mwari nekukudzwa kwechechi, nezvimwe zvakadaro, zvino tinoziva kuti ndezvaMwari nokuti Bhaibheri rinozvitsigira. Asi pfungwa yedu chete haitsigire, hapana zvainobatsira, inongokundika.

18 Saka zvino kana chimwe chinhu chatirova, zvisinei kuti chinoratidzika sechemazvirokwazvo sei, kana chisina kunaka, chisiri mumaMagwaro, chirasei izvozwi; nekuti kune—kune Chemazvirokwazvo chakamirira, munoono.

19 Saka, namatai zvino. Uye nguva dzose, chero zvamunoita, ndinyengeterereiwo. Ndinamatireiwo nekuti tave kurova minda yekuvhangeri kekupedzisira, semaonero angu. Tave kuenda zvino... .

20 Uye, rangarirai, zvinhu zvikuru zviri kuitika, hazvizivikanwi pakati penyika. Jesu akauya, akararama, akafa, uye akapiriswa, akadzokera muKubwinya, uye mamiriyoni haana kana chinhu chaakaziva nezvazvo. Maona? Hazvina hunyereketete, huhombe, hwakakura; ndezvekuti “Akauya kune vaKe,” maona. Uye va... . “Uyo ane nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumachechi.” Kwete kunze, “kuChechi.” Chechi ndiyo inowana kuzunguzwa kwaYo.

<sup>21</sup> Ndaimbofunga zvakasiyana naizvozvo kusvikira rimwe zuva Akataura neni; akandiita kuti ndidzokere muShoko ndigofunga kuti vaporofita vose vakataura nezvake sei pakauya Johane, akati, “Nzvimbo dzakakwirira dzichaderedzwa, nenzvimbo dzakaderera dzichakwidziridzwa.” Uye kuti simba raMwari raizoshanda sei! Uye ma—ma... “Ose makomo aizosvetuka-svetuka semakondohwe madiki, uye mashizha aizoombera mawoko awo.” Zvakanaka, zvaiita sekunge chimwe chinhu chikuru chaizoitika zvirokwazvo. Maona? Zvino pazvakadaro, chii chakaitika? Mumwe muchinda wakare akabuda murenje, zvichida ndebvu dzakangoreba uye nedehwe regwai ratsaruka rakamoneredzwa paari. Kwakanga kusina nzvimbo dzekuzvibatsira kunze uko murenje. Akanga arimo kubvira achiine makore mapfumbamwe, uye akanga ava nemakore makumi matatu ipapo. Akauya achifamba achibva murenje, achikanyaira achibudamo, achiparidza kutendeuka, akamira mumatope kusvika mumabvi ake, zvichida, pamahombekombe eJorodhani. Ipapo ndipo pakaderedzwa nzvimbo dzakakwirira nenzvimbo dzakaderera dzakakwidziridzwa. Maona? Ndizvo...

<sup>22</sup> Unofanira kuva nekunzwisisa kwepamweya. Rangarirai, Mwari havana kumbobvira vaita uye havazombofi, panyika pano, vakagara mune zvinoyevedza. Vanopesana nazvo. Havazombofi... Mharidzo huru hadzizovi “itai mukuru *nhinginhingi* uye *nangana-na-...*” Hazviiti nenzira iyoyo. Varanda vake havashande nenzira iyoyo. Kuyevedza nekubwinya kwake ndekwekumusoro.

<sup>23</sup> Nezuro, kana kuti mazuva maviri apfuura, ndichienda kuKentucky, kumusoro kuKentucky neshamwari yangu yakanaka, Hama Banks Wood, pakanga paine mupurisa wechikadzi aive akamira kunze uko, zvino vakati, “Vakomana, zviru nani tifambe zvishoma,” akati, “akakwasharara.”

<sup>24</sup> Ini ndikati, “Hongu, zvakanaka.” Ndikati, “Kana nyika yasvika panzvimbo yekuti mamiriyoni ari pabasa uye votofanirwa kutora vakadzi, kuvaita mapurisa nekuvatumira kunze uko, nevatyairi vematekisi nezvimwe zvakadaro, nderimwe remadzvanga makuru panyika yedu.” Haana basa ikoko zvakangofanana ne—ne tsuro iri muketero yekugadzira girizi. Maona? Haisingori—isingori—isingori chete nzvimbo yake. Zvino ndikati, “Izvozvo zvaimbondishungurudza zvakanyanya, asi iko zvino ndakatanga kurangarira, ‘Sei, ndokusaka, uno hausi—uno hausi ushe hwedu, hatizi venyika ino.’” Vaka... iwe...

<sup>25</sup> Sei vakadzi (vakadzi vedu) vasingachengete vhudzi—vhudzi ravo riri pfupi, nekupenda kumeso, nemarock-and-roll, nezvimwe zvese izvi? Sei, vanhu vanoenda kumachechiwo zvawo nezvimwe, vachifunga kuti, “Zvakanaka.” Sei? Izvo... ivo—ivo ndevemuAmerica; ndevemuAmerica, vane mweya

wemuAmerica. Isu hatisi vemuAmerica, isu tiri Makristu. Isu tinogara . . . mweya wedu ndewe humwe Humambo. Dai mweya wedu waiva wehumambo huno ipapo taizonamata nezvinhu izvi, ipapo taizonamata nziyo idzi dzose dzinonyadzisira nekunamata yose iyi rock-and-roll. “Pane mwoyo wako, ndipo pane pfuma yako.” Zvino pfuma yedu iri kumusoro. Saka naizvozvo tiri kuenda kune humwe Humambo.

<sup>26</sup> Uno hausi musha wedu, tiri kungogara pano tichiedza kuburitsa vamwe vagari murima iri. Uye ndinopinda muguta uye pamwe ndinoita mbuserere yeguta rose, ndinongorima kwevhiki kana mazuva gumi, kuitira mweya mumwe chete wakakosha kune uko; mumwe, mumwe chete ugere kunze uko.

<sup>27</sup> Unogona kuti, “Musangano wakabudirira zvikuru, zviuru zvishanu zvakauya kuaritari”; panogona kusava nomumwe wavo anoponeswa, kana mumwe chete wavo. Maona? Uye panogona kunge paine. . . Unogona kufunga ipapo, “Vanhu vaviri chete ndivo vakauya kuaritari”; asi mumwe wavo anogona kunge ari dombo rakakosha. Isu tiri kungokukudza mukahova. Mwari ndivo vanosarudza hove, Vanoziva kuti hove ndeipi neisiri.

<sup>28</sup> Saka, munoona, tiri kungoparidza. Uye rangarirai kuti muri kuita zvimwe chetezvo mutabhenakeri ino. Asi rangarirai izvi nguva dzose, “Makwai angu anoziva Inzwi raNgu.” Uye Inzwi raMwari iShoko raVo.

<sup>29</sup> Ndaifunga rimwe zuva kuti vanhu ava vanoti hakuna kumbovapo. . . Rimwe sangano remachechi richiti, “Kupodza kwaMwari kwakanga kusina kunaka. Hapana kana mumwe munhu akapiwa chipo chekupodza KwaMwari kunze kwaMutsvene Pauro kana vaapostora, gumi nevaviri muimba yepamusoro. Ndivo vakapiwa chipo chekupodza KwaMwari, uye ndivo vega. Zvakapera zvakadaro.”

<sup>30</sup> Asi, munoona, kubudikidza nechati iyi yakanaka iyo Hama Willie, vari kuno, vakatigadzirira zvakaishonakisa, kashinda ikako kakapfuura nemumachechi nzira yese. Handizive kuti sangano rimwe chete iroro rinoti kudii pamusoro penhorooondo yechechi, pamusoro paIrenaeus, pamusoro paMutsvene Martin? Uye naavo vose vakafira kuchitendero muzera rose, kwemazana emakore mushure mekufa kwevaapostora, vakataura nendimi vakapodza vanorwara nekumutsa vakafa nekuita minana, chechi yese. Hameno totii nezvavo, kana zvaiva zviri zvevaapostora chete?

<sup>31</sup> Munoona kuti kushaya kunzwisisa kwakadini? Havana kunzwisisa kwepamweya, ndizvo chete. Munoona, “Vakapofomara! Vakafa muzvivi nemukudarika!” *Chivi* zvinoreva “kusatenda.” Chinhu chose chiri mukusatenda chivi. Kana mumwe munhu akawana rimwe—rimwe dunhurirwa rakareba *kudai* (reD.D., ma L maviri., Ph.D., L.L.D.) obva

ati “hakuna chinhu chakadai sekupodza KwaMwari kana rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene,” munhu iyeye akafa muzvivi. Anogona kukwanisa kutsanangura mhando dzese dzezvakavanzika zviru muBhaibheri, asi hupenyu hwake chaihwo (huchapupu hwake) hunoratidza kuti akafa. Akafa muzvivi nemukudarika nekuti mutadzi.

<sup>32</sup> Chivi kusatenda. Chero ani zvake anofanira . . . Chivi, hakusi kuita hupombwe nekuputa fodya nekutamba dhanzi neku—nekungoenderera saizvozvo. Izvozvo hazvisi chivi, izvozvo zvibereko zvekusatenda. Asi mu—mutendi . . . Hazvina mhosva kana munhu asinganwe, asingapute, asingaite zvinhu izvi, asina kumbotaura shoko rakaipa, achichengeta Mirairo ineGumi yose, anogona kunge ari mutadzi mutema, munoono, akaipa chose sezvaanogona kuva. Kana akaramba chero chinhu hacho chesimba raMwari, mutadzi! Shoko rokuti *chivi* “kusatenda.” Zvino, chingoonai, onai kuti ndizvo here kana kuti kwete. Asingatendi muShoko raMwari, mutadzi uye haangagoni kupinda muHumambo hweKudenga.

<sup>33</sup> Zvino, oo, ndafunga zvino mangwanani ano, ndichizvitorera mutoro wacho pandiri kubudikidza nokuda kwaShe, nekuraira kweMweya Mutsvene, kuti ndiuye zasi kutabhenakeri zvakare uye pamwe ndikuchengetei mese kwemaawa maviri kana matatu. Asi ndinoda kupedza bhuku rechitsauko 4 chaZvakazarurwa ndisati ndaenda. Uye zvino ndinovimba hazvikunetesei, ndinovimba kuti—kuti kubwinya kwamuri. Ndinovimba chimwe chinhu chichakuitirai zvakanaka uye nekukubatsirai mumazuva ari kutevera.

<sup>34</sup> Uye zvino pamwe . . . Ndaudza Billy kuti auye kuno mangwanani ano azopa makadhi okunamatirwa kana panga paine vaeni pakati pedu, nekuti tichange tichienda, uye . . . zvino, uye handizivi kuti tichadzoka riinhi. Mwari ndivo chete vanoziva izvozvo. Uye ndaida . . . ndafunga kuti pamwe musangano wekupedzisira kana . . . uye paazondifonera panguva dzingaita—dzingaita nine o'clock ndokuti, “Baba, kune vamwe vanhu variko vanoda kunamatirwa. Ndavabvunza, asi” ati, “nde vanhu vano—nde vanhu vanouya pachechi pano nguva dzose.”

<sup>35</sup> Ndikati, “Saka usape makadhi ekunamatirwa, munoono.” Ndikati, “Nekuti ndivo vanhu . . . Kana tiine munamato wevanorwara mangwanani ano, tichadaidza vanhu tovanamatira.” Asi ndati, “Kana vari—vari vanhu vanouya patabhenakeri vatinoziva . . . Kwete, ndiri kuda muyeni.”

<sup>36</sup> Zvino ati ipapo, auya kunze uko maminiti mashoma apfuura paasangana neni ndakamira kunze uko, akati, “Manje, ndapa makadhi okunamatirwa.” Akati, “Vangori vashoma imomo, vandapa makadhi okunamatirwa.” Akati, “Asi munogona kuita chero zvamuri kuda.”

<sup>37</sup> Ndikati, “Zvakanaka, tichaona kuti mharidzo ichafamba sei, toona patiri, tobva taenda. Ini . . .”

<sup>38</sup> Ati, “Zvakanaka, vazhinji vevanhu vanga vachida makadhi okunamatirwa, chaizvo, asi” akati “vanga vari vanhu varimo muchechi.” Maona?

<sup>39</sup> Zvino, tinoziva kuti Mwari ndiMwari. Uye, ini zvangu, zvingori zvinhu zvaVanoita! Handiti, fo—foni inorira nguva dzose, yevanhu vezvinhu zvakasiyana-siyana, yezvinhu zvingori zvidiki-diki dzimwe nguva, uye kuti Mwari vanopindura sei munamato!

<sup>40</sup> Hameno kuti mudzimai mudiki uya kana kuti murume wake ari muno here vanobva zasi kuNew Albany, vakaunza kamwana kaya kakakachidzwa humwe husiku, nemabayo, mumba mangu dzingaita twelve, one o'clock? Avo, zvakanaka. Mwana ari sei? [Imwe hama inoti, “Zvakanaka.”—Mupepeti] Zvakanaka, zvakanaka, ndizvozvo.

<sup>41</sup> Chiregai ndikuratidzei, muone, kuti chimwe chinhu chamusingazive, izvozvo hazviitike kana Mweya Mutsvene wataura. Fred Sothmann, hama yedu inokosha, Fred; ndamunzwa achiti “Ameni” nguva yapfuura, asi handina kukwanisa kuona kuti ari papi. Ari papi? Ari pano here? Pano, ipo pano, Hama Fred Sothmann. Uye kuratidza kuti zviri nyore sei. . . Aiva nedzimwe shamwari dzaiuya, vaiva Hama Welch Evans, ndinofungidzira, handizivi. Vakanga vane tirera ikoko; vakanga vakiya magonhi acho zvino Fred akarasa makiyi, uye vainge vachiatsvaga kwese-kwese asi havana kuawana chero kupi zvako. Zvino Hama Welch vakanga vari kuuya kuno. Saka zuva rakasvika ravaifanira kusvika uye nezvese, havana kuwana kiyi chero kupi zvako, saka vakangofona kumba, vakati, “Hama Branham, makiyi ari kupi? Tinoawana kupi?”

<sup>42</sup> Zvino, zvinogona kukanganisa vamwe venyu, kuti munhu angabvunze mubvunzo wakadaro. Asi chimbomirai kweminiti, rangarirai vanakomana vaJese vachitsvaga manyurusi? “Saka dai ndaive nechipo muruoko rwangu, ndaichitora ndoenda zasi ndoratidza. . . ndobvunza, ndaichipa kumuporofita, uye pamwe aizotiudza kwaiva nemanyurusi iwayo.” Munorangarira izvozvo here?

<sup>43</sup> Zvino achifamba munzira vakasangana nemuporofita. Akati, “Muri kutsvaga manyurusi aya.” Akati, “Zvinoka, imi chidzokerai kumba,” akati, “atodzokera kare.” Ndizvo here?

<sup>44</sup> Ndakanamata. Fred akafamba achienda achibva anhonga makiyi. Ndizvozvo. Maona?

<sup>45</sup> Hama Ed Daulton, muripi? Ed Daulton ari kupi? Ndinoziva kuti ari pano pane imwe nzvimbo, ndamuona nguva yapfuura. Oo, kumashure umo. . . hoyo ari uko. Andinzwa nepaintercom kana kuti nemudziyo wekutura neruzhinji. Humwe usiku runhare rwakapinda uye Hama Ed vakanga vari munyatwa



huru. Ndaida kuvabatsira. “Kwete,” vakati, “Ndinongoda kuti mukumbire Mwari.” Ndakakumbira Ishe kuti vavabatsire. Zvino zuva rakatevera mudzimai wavo akafona, mumwe munhu akauya kuzovabatsira. Zvese zvakarungana. Handizvo here, Hama Ed?

<sup>46</sup> Munoono, Vanongori Mwari. Ndizvo chete, Vanongori Mwari chete. Maona, Angori... Zvingori nguva dzese nguva nenguva kubva kune imwe nzvimbo kuenda kune imwe, imwe nzvimbo kuenda kune imwe. Hazvinei kuti idambudziko ripi, iVo ndiMwari. Isu hatifambe-fambe, tichiganza pamusoro pezvinhu izvozvo, isu hatifanirwe kudaro. Usangorega ruwoko rwerudyi kana ruwoko rweruboshwe rwuzive zviri kuitwa neruwoko rwerudyi. Tinovaitaura pakati pedu asi isu hatizviputitsire kunze kune imwe nzvimbo. Nekuti ndiko kuzvida, sekunge, “Mwari vaingokwanisa kuzviitira kumunhu mumwe chete.” Vanozviitira chero ani zvake ano—anoVatenda. Kungori kutenda, kutenda! Chero—chero chaunoda kuita, chero zvingava pfungwa dzako, zvise kuna Mwari. Ivo—Ivo—Ivo—Ivo vanopa zvinhu zvole. Handizvo here? Saka Vanopindura munamato. Ndi... Mwari ndiBaba vanopindura minamato.

<sup>47</sup> Zvino, saka ndokudaro mune...Ndakafunga, kuvhara musangano uno wokupedzisira nezvimwe zvakadaro, sezvataiva...sezvatiri kuita, taizo—taizova zvichida nokumwe kunzvera pakupera kwemusangano, kana Ishe vachida, uye pamwe panguva yemusangano. Isu hatingoziwa zvaVachaita. Ndinozviifarira saizvozvo. Usaise chimwe chinhu, ingoVarega vaite sezvaVanoda kuita.

<sup>48</sup> Zvino, wanai chitsauko 4 cheBhuku reZvakazarurwa, tomisa wachi.

<sup>49</sup> [Imwe hama inotaura kuna Hama Branham—Mupepeti] Hongu. Hongu, hama. [Hama inoenderera mberi ichitaura. Chibenga chisina chinhu patepi.] Chokwadi, ndinozvitenda. Zvirokwasvo, ndinozvitenda izvozvo.

<sup>50</sup> Pano, Hama Welch Evans, ndinofunga kuti ndivo vakagara kumashure uko. Regai ndi... Tichivhura kuna Zvakazarurwa 4.

<sup>51</sup> Pano nguva pfupi yapfuura, imi mose makanzwa nokuverenga mumapepanhau nezvechikwata ichi muLouisville chinoba motokari idzi, vanoenda nadzo kuKentucky kumwewo, nekukasika. Uye kuKentucky hausungirwe kunge uine gwaro, vanokugadzirira rimwe muKentucky. Saka iwe unongo...chinhu choga chaunongoita kuenda nayo ikoko wongonitengesa. Saka vanatora mota idzi vodzipinza mukati vodzipenda zvakare, vodzibuditsa mota idzodzo vodzitengesa. Chaunofanirwa kuve nacho inhamba yako yeinjini yako zvino ivo—ivo vanokugadzirira gwaro. Saka vanogobvisa mota mumugwagwa voibvisa nekukasika voimhanyisa mune imwe imba yebasa pane imwe nzvimbo, vobva vangoshandura

chinhu chacho chose zvachose, munoona, voi—voipenda patsva nezvimwe zvose, voibuditsa kunze voitengesa. Kune chikwata chazvo, uye kunyanya kwese hako muUnited States mese, uye zvakanyanya—zvakanyanya zvacho zviru muKentucky. Ndakaverenga chinyorwa mubepanhau pano nguva pfupi yapfuura pamusoro pazvo.

<sup>52</sup> Zvino, munhu ane moyo mukuru, wakaisvonaka, Hama inokosha Evans nemhuri yavo, vachityaira nzira yese kubva kuMacon, Georgia, vachiuya kuno Svondo yega-yega kuti vanzwe Vhangeri. Oo, vakavimbika zvakadii, uye ishamwari chaidzo! Ipapo ndokuenda kuMiller's Cafeteria uko . . .

<sup>53</sup> Handisi kushambadzira vaMiller, asi ndinofunga kuti vane zvokudya zvakanyakisisa muKentucky; Louisville, Kentucky, ndizvo hazvo. Kana zviru . . . Handisi kureva imi mune dzimba dzenyu dzandakadyira madziri ikoko, zvino, ndinoreva (munoziva) kuri kunze. Uye ndinodyira ikokowo, zvakare. Ndinogona kudyisa mhuri yangu ikoko zvakachipa kupfuura zvandinogona kuita kumba. Ndizvozvo.

<sup>54</sup> Saka zvino ndinoenda ikoko, saka Hama Evans vakapindamo zvino ndokuzvitsvagira chokudya ndokupaka motokari yavo kunze ikoko. Pavakabuda (muine mbatya dzavo dzose) nemhuri uye navose, vakanga vasisina motokari kana chinhu. Zvose zvakanga zvaenda. Saka, muchinda anonzvisa urombo, Hama Evans munhu akangofanana nesu tose, vane kabhizimusi zasi uko, vanoshanda nemota, vanotenga dzakaparara vodzigadzirisa. Munhu murombo, uye vanoshandisa mari yavo kuuya kuno nokuti vanotenda mumhando iyi yeEvhangeri. Ndiri kunamata kuti Mwari vavatumire mutumwa zasi ikoko kune imwe nzvimbo, kuti avabatsire zasi munyika iyoyo.

<sup>55</sup> Zvino, Hama Evans vakauya, saka vakanga vasingazive zvekuita. Vakanga vazivisa mapurisa asi havana kuiwana. Saka vakauya kumba, ivo naHama Fred nevamwe, takagara mukamuri tikataura pamusoro pazvo. Ndakati, "Zvino . . ." Ndiwo maitiro atinoita, tinogara mukamuri, toona kuti chii chiri kutora nzvimbo, tobva taenda kuna Mwari. Saka patakakumbira Ishe, "Kutendeutsa murume aive nemota, kumutendeutsa vomuunza achidzoka, chero kwaangange ari."

<sup>56</sup> Kazhinji vanodzimhanyisa vachidzika nekuBowling Green kana kumwewo, vodzibvisa panzvimbo inonetsa pano, munoona, kuti vagone . . . kusvikira vazoita kuti dzipendwe patsva nekugadziriswa. Iyi yaive mota yakanaka, ndofunga station wagon. Ndizvo here, Hama Evans? Yaiva iri sta—station wagon.

<sup>57</sup> Saka, zvino saka chii chakaitika, takapfugama tikanamata. Uye i—Ishe vakatipa uchapupu, zvose zvakanga zvakana, zvese zvakana. Saka simba raShe rakapinda nesu.

Hama Evans ndokubuda vakatanga kufamba kunze, ndokutungamirirwa kudzika neimwe nzira.

<sup>58</sup> Akadzoka imo muno chaimo muJeffersonville. Mota yakabiwa muLouisville; hepanoi motokari yavo iri ipapo iine peturu inokwana kuenda nayo...oo, yakabva mairi, yaigona kuisvitsa pedyo neBowling Green nekudzoka. Vakabuda mumota, ndokumisa mota, vakasiya makiyi imomo, vakangofamba ndokuisiya yakapaka ipapo, imo muno muJeffersonville kwavaizokwanisa kuiwana; kwete kuLouisville, imo muno muJeff., vakaidzosa nzira yese kuno.

<sup>59</sup> Munoziva, Ishe vanogona kuita kuti shiri dziVateerere, Vanogona kuita kuti vanhu vaVateerere, Vanogona kuita kuti muvengi waVo aVateerere. Ivo...Hongu, changamira, NdiMwari. Hepanoi paive nemota yavo isina kana chinhu chimwe chete chaive chatorwa, kunze bedzi kweingangoita hafu yetangi repeturu kwaave asvika pedyo nekuBowling Green, uye Mweya Mutsvene unofanira kunge wakati, “Tendeuka! Dzokera kumashure uko uendese motokari iyoyo kuJeffersonville. Chiisiya ipo pano mumugwagwa, woipaka ipo *pano*, (nekuti ndichamutumira kuti atenderere nekuno *uku* nekumusoro kuno *uku* kuti aiwane).” Ndizvo here, Hama Welch? Ndizvozo. Munoonaka.

<sup>60</sup> NdiMwari! Vanopindura munamato, Hama Roy. Vanongo... Ndizvo, Hama Slaughter, ndizvo zvimwe chete, Vakapodza kambwa kenyu kadiki. Uye ndinoziva kuti Vanopodza, Vanopindura munamato, Vachiri kuita zvishamiso, Vachiri Mwari, Vakagara vari Mwari, Vachagara vari Mwari!

Ndi—NdiMwari vari pamusoro pemba,  
(Ndechipi zviya, icho hama inoimba pano  
pachechi?)

Mwari mukicheni, Mwari kunze uko papurazi,  
Mwari vari mumotokari, NdiMwari vari  
kwese-kwese,

NdiMwari pose—pose kubvira nakubvira,  
ndiMwari.

<sup>61</sup> Oo, zvinoshamisa sei! Tichazosvika pakuparidza mushure mechinguva uye tozorega kumbopinda muchidzidzo ichi.

Zvakanaka, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate.

<sup>62</sup> Baba Vekudenga vane Nyasha, tinofarira zvakananyanya Shoko reNyu Dzvene kusvikira mwoyo yedu inongotsva mukati medu, patinoziva kuti Mweya weNyu unoburuka pakati pedu ipapo ugotaura nesu, uye mwoyo yedu inonavira yoRibata. Uye tinoita setiri kunzwa zvakanaka pamusoro paRo, Ishe.

<sup>63</sup> Uye kuziva kuti munguva ino yerima umo mune nyonganiso yakawanda...Sezvakataurwa nemuporofita, “Pamazuva okupedzisira nzara ichavapo,” chimwe chinhu chakaita sokudai,

“kwete yezvekudya nemvura, asi yekunzwa Shoko raMwari rechokwadi; uye vanhu vaizofamba vachibva kumabvazuva vachienda kumadokero, kuchamhembe nekumaodzanyemba, vachitsvaka kuwana Shoko raMwari rechokwadi.” Shoko! Shoko chii? Jesu ndiye Shoko, “Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Kuona kuratidzwa kweShoko raMwari chairo richiratidzwa maererano neMagwaro uye richisvika pakuitika, kuti, vanhu vaizofamba sei uye vachitsvaka votadza kuRiwana. O Mwari, tinofara kwazvo, tinofara zvikuru kuti takaMwana makore apfuura, akakosha pamwoyo yedu, uye nokuona kuti hatina kana kuvhiringika nepadiki pose.

<sup>64</sup> O Mwari, iMi makati, “Avo vanoziva Mwari wavo vachaita mabasa makuru nezuva iroro.” Uye hezvino patiri mumazuva ekupedzisira, tichiona zvinhu zvose zvakataurwa naJesu kuti zvichazoitika, zvichizadzikiswa pakati pedu chaipo. Zvacho zviratidzo, zvishamiso, minana zvakaitwa, achizviita nenzira yaAkazviita nayo chaiyo. SezvaAkataura achiti, “Sezvazvaive mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichaita pakuuva kweMwanakomana wemunhu.”

<sup>65</sup> Uye, Ishe, iMi tiregei, neMweya Mutsvene, tisvike muShoko iroro kuti tiwane zvinhu izvozvo zvemazvirokwazvo tozvisunganidza muKarivhari, neShoko, uye toona kuti maAri tine huzaru hwose. Uye nepfuma nemaropafadzo nekubwinya uye zvose zvinoenda kuna iYe Akakodzera, akauya akatora Bhuku kubva muruoko rworudyi rweUyo akanga agere pamusoro peChigaro choushe, ndokugara pachiri iYe pachaKe, nokuti Akaurayiwa kubva pakuvambwa kwenyika.

<sup>66</sup> Tinotaura nezvaKe mangwanani ano, Baba. Tinonamata kuti Muropafadze moyo yedu. Regai Mweya waKe ufambe pakati pedu uye utikomborere, uye usimbise chiitiko chedu, nekupodza hurwere huri pakati pedu, nokutipa nyasha dzekukunda.

<sup>67</sup> Uye, Mwari, pandichabuda kunze uko kumunda wekuvhangera kunotarisanana nemuvengi, dai ndacherechedza kuti ndakakombwa nguva yoga-yoga neruzhowa rwemunamato. Oo, ndinovimba sei neruzhowa rwevarwi, muvengi achiuya, asi ndichiziva kuti ruzhowa rwevarwi rwakamira nekuti vanaamai navanababa, nevakomana nevasikana, Makristu, vakazvarwa patsva vane chiitiko, vanhu vakananga Kudenga vakapfugama nemabvi avo vari kunamata, “O Mwari, ipai rudzikinuro!” Uye, Baba, tinonamata kuti Mutiite kuti tipinde munzvimbo dzemuvengi kunze uko uye tikunde mweya wese unokosha wakamirira. Itai, Ishe, muvabuditse kubva murima vapinde muChiedza. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>68</sup> Zvino, muchitsauko 4 cheBhuku reZvakazarurwa. Takazopedzisa chitsauko 3, uye ngativei neruremekedzo uye ndichaedza kusakuchengetai kwenguva yakareba. Asi muchitsauko 3 ichi, Chechi yakakwira semufananidzo,

pakatorwa Johane kudenga. Chechi yakakwira kumusoro, uye kubva panguva iyoyo kwave kubata neIsraeri, kusvika paKuuya zvakare. Hamusi kuona here kuti zvakaita sei? Vanhu nhasi, maitiro ekuti, “Chimwe chinhu chikuru chichazunungutsa nyika yese nezvose.” Izvozvo hazvisi muMagwaro! Kwete, changamire. Chinhu chinotevera muhurongwa ndiko kuenda kweChechi. Verengai mumazera echechi, mugoona kuti chii . . .

<sup>69</sup> Zvino, izvi zvimwe zvinhu zvichaitika, zviru panguva yeMhemberero yeMuchato apo Chechi inenge iri muKubwinya. Mwari vanodzoka nezvishamiso zvikuru zvekuti vaite, minana yepasi rose nezvimwe, kubudikidza nemaJudha, havaende kuChechi zvachose.

<sup>70</sup> Pachitsauko 3 ndipo panoperera zera reChechi. Ndizvozvo. Uye zera reChechi rinopera riine vashoma-shoma kwazvo vatinowana . . . Ingoteererai pano. Nda—ndaverenga izvi zvakare mangwanani ano, zvaita sezvichandidambura-dambura, nzvimbo nemaonero aKristu pakupera kwezera reChechi, anowanikwa kubva pandima 20 kusvika pandima 22 yaZvakazarurwa 3. Fungai nezvazvo Kristu, kumagumo, apo paAri! Ko Ari kupi pakupera kwezera reChechi? Kunze kwechechi yaKe, akasundirwa kunze nemasangano nezvitendwa. Maitiro aKe akadii? Ari kuedza kudzoka mukati. Aya mamiriro anosiririsa!

<sup>71</sup> Zvino tinoona pano, “shure kwezvinhu izvi,” akanzwa Inzwi raitaura kwaari kuti . . . Oh, chaiva chii? Mweya wakabva panyika. “Mushure mezvinhu izvi,” zvinotanga chitsauko 1, kana kuti—kana kuti ndima 1:

*Shure kwizvozvi ndakatarira, uye, tarira, mukova wakazarurwa kudenga: . . .*

<sup>72</sup> Zvakazarurwa 4:1, mushure mekunge Chechi yaenda, zvino mu—muKova wakazarurwa. Uye takapinda nemazviri zvose izvozvo uye takaona kuti akanga ari Kristu, akanga ari Mukova. Uye Inzwi rimwe chete raifamba pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama ndirowo Inzwi rimwe chete raakanzwa Kudenga, richiti, “Kwira kuno.” Johane akakwira kumusoro. Zvaimiririra Chechi ichienda muKubvutwa.

<sup>73</sup> Johane akakwira kumusoro muMweya, akatorwa akakwidzwa Kudenga uye akafanoona zvinhu zvose izvo Mwari vakavimbisa uye vakati kuvadzidzi, “Zvinei nemi kana akagara kusvikira Ndichiuya?” Akaona kuuya kwaShe nezvaizoitika. Akaona panyika zvaizoitika panyika kusvika paKubvutwa kweChechi, uye akakwidzwa kumusoro ndokuratidzwa mberi zasi kunyangwe kudarika Mireniyamu. Oo, hazvina kunaka here izvi?

<sup>74</sup> Zvino, takamusiya Svondo yapfuura pachitsauko 4 ndima 4.

*Uye kwakapoterredza chigaro choushe kwaiva nezvigarozvinamakumi maviri nezvina: napazvigaro*

*pakanga pagere vakuru vanamakumi maviri navana,  
vakapfeka nguwo chena; vakanga vane korona  
dzendarama pamisoro yavo.*

<sup>75</sup> Zvino, takaona kuti ava vaiva vakuru. Anonzi *mukuru* hazvina kumbobvira zvakarehwa kune Ngirozi kana chimwe Chisikwa chipi zvacho. Atori munhu akadzikinurwa, vakuru! Nokuti ivo...Zvigarozvohushe, korona, nehutongi hazvina kutaurwa nezvazvo, kuNgirozi. Asi korona nezvigarozvehushe, nezvimwe zvakadaro, ndezvevanhu. Uye vakuru ava vane korona uye vakapfekedzwa uye vakagara pazvigarozveushe. Uye takavaona pane zvimwe zvikamu zveGwaro kuti vaive vaapostora vanegumi nevaviri uye vaive madzitateguru vanegumi nevaviri. *Makumi maviri nevana* vavo, zvinoreva “makumi maviri nevana”: vaapostora vanegumi nevaviri, madzitateguru vanegumi nevaviri.

<sup>76</sup> Uye, takaona, kunyangwe guta rinoburuka kubva kuna Mwari kubva Kudenga...Mushure mekunge nyika yaputitswa uye zvese zvapera kuita zvidimbu uye pachisina chakasara panyika kunze kwemadota ematombo akanyungudika (ndizvo zvoga zvichasara), hakuchazovi negungwa. Gungwa richapwa.

<sup>77</sup> Sezvandaitaura manheru apfuura kune mumwe munhu, kana kuti nezuro, kune imwe nzvimbo, nyika yakambenge yakamira *seizvi*, chaizvo, ichitenderera zuva, ichipisa zvakaenzana kumusoro nekuzasi. Kumusoro munzvimbo dzemagodo echando dzeBritain, unogona kuputitsa pasi ipapo mazana mashanu emamita uye onowana miti yemichindwe. Zvakauya kamwe-kamwe, zvakaizvigwambisa nechando sefiriji zvino. Zvakafanana *nekuomesa* kwenyu chikafu, nezvimwe zvakadaro, uye *nekugwamba kwechando* nemafiriza echando anochengeta masitirobheri nezvinhu kwemakore nemakore nemakore anoziya. Maona? Ndizvo zvimwe chete zvazvaive panguva iyoyo. Nenguva isipi kwakauya kuparadzwa nemvura zhinji ikafashamira pasi rose. Uye payakadaro, masimba eatomiki akaizunguza kubva mumakwara ayo, ndokugwamba nechando ipapo ndipo apo payakagara. Maona? Cherai pasi uye munogona kuzviwana, kumusoro kwakapoteredza nharaunda dzekuarctic nezvimwe, miti yemichindwe nezvimwe zvakadaro. Zvinaratidza kuti kwakambogarwa kwakashongedzwa, zvakanaka. Asi zvino yazunguzwa ichidzoserwazve.

<sup>78</sup> Zvino, pandinofunga kuti Mwari vakawana mvura iyi, panotangira Genesi, Genesi 1, “Nyika yakanga isina chimiro, uye isina chinhu, uye mvura yakanga iri pakadzika. Mweya waMwari wakafamba pamusoro pemvura ndokuti, ‘Ngakuve nechiedza.’” Zvino Mwari vakapatsanura nyika nemvura, izvo zvaka gadzira nyika. Asi pasi rose rakanga rakafukidzwa. Zvino, zvaVakaita, Vakangoita... kubudikidza nemunzvimbo dzemuchadenga, Vakango... nzvimbo dzemuchadenga ndimo...Nzvimbo dzemuchadenga

muzere nehaidhirojeni neokisijeni, nezvimwe zvakadaro. Ipapo Vakabva vangoisimudza kubva panyika ndokuipatsanura. Pakanga pasina gungwa panyika panguva iyoyo. Mwari vakadiridza nyika, hakuna kana kunaya. Vakaidiridza nomuzvitubu nezvimwe, pakudiridza. Zvino iYe pa... Chinhu choga chaVakaita ipapo...

<sup>79</sup> Apo munhu paakaiputitsa kubva mugwara rayo, kunze kune rimwe divi, chii chakaitika? Zvakaidzosazve mune... kupisa zasi *kuno*, uye kutonhora kumusoro *uko*. Uye kupisa nekutonhora, chii chinounganidzwa? Zvinzwi pano pamahwindo aya izvozvi, kunze kuchitonhora uye mukati muchipisa. Maona dikita? Uye mvura inonaya haisi chinhu kunze kwedikita, kudikitira. Uye mvura madota. Zvino kana zvadaro...

<sup>80</sup> Ndinoda rwiyo urwu:

Makaisa ruoko rweNyu, Ishe makakosha,  
pamapani,  
Makaisa ruoko rweNyu rwunoshamisa  
pamudungwe wamakomo;  
Ishe, Makadurura tsime,  
Mukasimudza gomo,  
O Jehovha, chengetai ruoko rweNyu  
rwakakosha pamusoro pangu.  
Ndimi makaita makore, mukaumba makore  
anonaisa mvura,  
Kubva kumvura inonaya makagadzira  
gungwa,  
Kubva mugungwa makaunza makore,  
Kuti tipuwe upenyu huzhinji;  
Munochengeta nyika nedenga mukuraira  
kweNyu, Ishe,  
Oo, ndapota chengetai ruoko rweNyu  
rwakakosha pandiri. (Oo, mukuru sei!  
Hongu, Mwari weKudenga.)

<sup>81</sup> Zvino munguva huru ino, yakarererera shure *sezvizvi* zvino, uye Vakatipa vimbiso, “Kwete nemvura, asi moto nguva ino!” Pane kuikanda... Vakakandira nyika kure nezuva, hongu, ikatonhora. Kana ukaikandira muzuva, inotsva. Uye sezvaVakangoiparadza nemvura ndokuisa murarawungu mudenga, iVo “havachazviita zvekare,” zvino, Vakapa vimbiso Vachazo “ipisa!” Saka ndipo pamunouya pane chivi nekuyevedza kwese uye netsvina yese...

<sup>82</sup> Uye nguva shoma yapfuura ndakanga ndakatasva ndichidzika nomumapani. Ndichiri mukomana mudiki ndaimbofunga, ndaitora mabhuku angu enhoroondo nejogirafi ndobva ndafunga nezvemapani makuru ekumadokero. “Rimwe zuva,” ndakati, “ndichagara imomo murugare uye

kwakanyarara kusina chivi, uye ndichambeya nemuminda uye ndichavhima semuIndia. Uye ndicha—ndichagara ikoko, hupenyu hune rugare, mazuva ese ehupenyu hwangu.” Asi iko zvino kuri . . . murungu akasvikako. Kunoenda murungu, chivi chinaye ikoko. Ndiye mhondi nemuurayi mukuru pavanhu vose vari panyika, murungu. Ndiye mbengo yemarudzi ese!

<sup>83</sup> Pano nguva shoma yapfuura mubepanhau (Hama Thom vari pano, vanobva kuAfrica), ndakaona chidimbu mubepanhau mavhiki maviri apfuura, ndinotenda kuti ndizvo, uye vakati . . . vakati, “Kana vekuAmerica vachiri kubvumidzwa kuenda kuAfrica, mumakore gumi kubva zvino shumba huru yekuAfrica ichange yatsakatika zvachose, nzou.” Mbengo dzinongopfura chero kwadzinogona kupfura. Mufananidzo wemikono mikuru miviri ichiyedza kusimudza mukono wakanga wakuvadzwa. Zvaiita semisodzi yayirera kubva mumaziso adzo. Dzakanga dzisingade kuti . . . hono dzaisada kuti hadzi ife. Uye imwe neimwe yadzo yakaibata neparutivi rwayo, sezvizi, kuichengeta kuti irege kuwira pasi payo . . . pasi. Yakangopfurwa kuita zvidimbu. Munhu anongopfura chero chinhu zvakadaro haakodzeri kuva nepfuti muruoko rwake. Ndizvozvo. Hauna pfungwa dzakakwana dzekuibata.

<sup>84</sup> Zvino, makore akati kuti akapfuura, ndichiedza kutinhira rimwe danga, renondo, kushamwari yangu yakanaka, Hama Roy Roberson naivo vari kumashure uko, pandakanga ndichitungamira kuColorado; ndaiziva kuti taiva nedanga rakanaka. Ini naJeff taiva nadzo kumusoro ikoko kwemakore nemakore, dzinenge makumi masere mudanga renondo. Vakaregedza vamwe vemachinda emumahofisi ava vaibva kuDenver vachiuya vakapfeka midhebhe iyi inenge yakapfekerwa munjombu, dzine tambo dzokusungisa dzinokwira negumbo. Ava vavhimi. Hmm! Hevano vakauya ikoko, chikwata, vari mumajipi nezvimwe zvakadaro, ndokupindamo munzvimbo yedu ikoko.

<sup>85</sup> Ndaitinha nondo idzi ndichiyambuka gomo ndiri shure kwadzo, ingangoita maira imwe kana maviri, uye dzakanga dzichienda hadzo. Unofanira kudzichengeta dzichifamba dzakaita muforo, mabhuru makuru nezvimwe zvakadaro; kana ukasadar, unoparadza danga rako. Dzakangofanana nekupfuya mombe kana chimwe chinhu. Mhuka dzemusango dzinofanira kuve saizvozvo kwatiri. Hadzisi dzekungopfura sechipfuro. Kana uchida kupfura zvipfuro vane nzvimbo kunze uko kwepupfura. Ndizvozvo. Zvinonyadzisa kuuraya zvinhu zvakadaro. Chivi, hazvina humwari!

<sup>86</sup> Uye ndakaverenga mabara zana nemakumi maviri nematatu kubva muzvigwagwagwa, tingati, vachipfura kubva pamafudzi avo. Zvino mangwanani akatevera, Hama Banks Wood vari pano neni, takakwira mugomo, ndakaverenga nzvimbo gumi nepfumbamwe dzine ropa. Hapana chavaiziva nezvekuvhima;



unogona kupfura mhuka huru zvakadaro, unogona kuirova zvakadzika zvokuiuraya. Zvino vakabva vangotanga kuridza, “bhamu, bhamu, bhamu,” vachipfura imwe neimwezeve. Handiti, dzinofa. Uye zvichavei. . . Mushure mekunge kuora kwapinda madziri, kana ukadziwana hadzichisina kunaka, dzinobva dzashata ipapo; uye mhuka dzinodya zvakafa, makava nezvimwe, dzinodzidya. Nzvimbo gumi nemapfumbamwe dzine ropa, mikono mikuru, mahwanda akakura *kudai*, ropa richtsatika kusvika mafiti maviri payakanga yakapfurirwa zvakadaro nepfuti. Havafaniri kutendera mbengo yakadaro kuva nepfuti muruoko rwayo. Ndizvozvo. Haana pfungwa dzakakwana dzekubata pfuti. Oo, zvakanyanyisa, chivi kuita saizvozvo.

<sup>87</sup> Zvakaipa kwazvo, asi ndizvo zvemuAmerica. Canada, imi vanhu vanokosha vanobva kuCanada! Kana America ikaramba ichienderera mberi, Canada ichave yakaderera pasi seAmerica, mushure mechinguva. Poterera nemumiganhu yekuCanada chero kupi zvako, uye unowana hupo hwemuAmerica. America ino ndiyo chipfeve chemarudzi. Ndizvo chaizvo zvairi, uye ichange yawedzera kuipa kupfuura zvairi zvino. Iri kusvika kumagumo ayo! Bhaibheri rinotaura nezvekuparadzwa kwayo, rinotaura kuti ichave yakadini. America: yakaderera pasi, yakaora, yakasviba, haina kunaka. Ndizvozvo chaizvo. Yakambove rudzi rukuru. Yakatakura shoko reVhangeri. Chii chinoiita kuti ive zvairi? Nokuti yakaramba Mharidzo yeVhangeri, uye ikaramba Zvokwadi. Yakashata. Inazvo zviri kuuya, usanetseka. Ndakazviona muchiratidzo seZVANZI NAJEHOVHA! Zviri kuuya. Icharipira chivi chayo.

<sup>88</sup> Kare apo America yaive America, yaive nyika huru. Iyo hurusa yati yambozivikanwa pasi rose kubva pane Israeri, yaive America, asi chokwadi yazvisvibisa iko zvino. Yakaramba Mharidzo. Hapana chayakatora kunze kwekungoti. . . Iye zvino yazviwanira. . . Unogona kuona kwairi iko zvino. Munhu wose anozviziva, musarudzo dzapfuura zvinoratidza kuti pamweya yakamira papi. Uh-huh. Iyo haizive.

<sup>89</sup> Zvino, vakuru ava vagere pachigaro choushe nekorona yake. Zvino, ndima 5, tichatanga:

*Napachigaro choushe pakanga pachibuda mheni. . . kutinhira. . . namanzwi: uye paive nemwenje minomwe yakanga ichipfuta pamberi pechigaro choushe, iri Mweya minomwe yaMwari.*

<sup>90</sup> Oo, ndinodzvidza izvi! Hamuzvidewo? Oo, ndinongonzwa sekuti bhachi rangu rinondikwana, munoziva. Ndinongo. . . kana. . . Oo, ndinoreva mubhachi remweya, handiti, munoziva. Zvakanaka.

<sup>91</sup> “Kubva paChigaro choushe.” Ngatitaure nezve Chigaro choushe ichi zvino kwemaminitsi mashoma. Ichi chaive chisiri

Chigaro chetsitsi. Chigaro cheTsitsi chapera; hapasisina tsitsi, chava chisina tsitsi. Tiri kufamba sei... Kuti chigaro chekutonga chichava chigaro chekutonga chaKristu sei, chigaro chekutonga, Kutongwa paChigaro choushe Chichena? Pachava netsitsi here ipapo? Hapana mukana mumwe chete wetsitsi unopihwa. PaChigaro chekutonga unogona kuridza mhere “tsitsi” kusvikira usisagone kuridza mhere, uye ndizvo, chitongozhambatata hako mumhepo pane imwe nzvimbo, nokuti hapasisina tsitsi.

<sup>92</sup> *Zvino* ndiro zuva retsitsi! *Zvino*, ngatidzokerei muTestamende Yekare pano zvishoma uye tione ngati tsitsi chii. Todzokera tione zvakaitika kuChigaro ichi. Ichi Chigaro, hongu, ndicho chi—chigaro chekutonga. Uye kuva... chikonzero nhasi pane tsitsi, ndechokuti chigaro chetsitsi chakawaswa neyananiso. Ropa! Uye chero bedzi Ropa richiripo pachigaro chekutonga zvino hakusi kutongwa ipapo, itsitsi, nokuti Chimwe chinhu chakafa kuti chimise kutongwa. Kana mazviona, itai “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Chero bedzi Ropa richiripo pachigaro chetsitsi, zvinoratidza kuti Chimwe chinhu chakafa kuti chimise kutongwa. Asi kana Chechi yabvutwa, chigaro chetsitsi chinobva chava chigaro chekutonga!

<sup>93</sup> Uko, munoziva, muTestamende Itsva pano, zvakare, “Nenzvimbo tsvene-tsvene.” Ndipo apo da—dare... munzvimbo tsvene-tsvene, mutongi ari pachigaro munzvimbo tsvene-tsvene. *Zvino*, chigaro chekutonga ichi munzvimbo tsvene-tsvene chakange chazara neutsi. Chaiva chii? SeGomo reSinai, kutongwa! Tsitsi dzaive dzasiya chi—Chigaro choushe chaMwari. Mwari vachatonga nyika pasina tsitsi. Vangani vanozviziva izvozvo?

<sup>94</sup> Chinhu chimwe chete chaVachazocherechedza muzuva iroro, Chii? Ropa. Ndicho chinhu chega chakadzora Mwari vane hashu.

<sup>95</sup> Adhama naEvha vakagadzira apuroni yakangofanana neyechero muMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, kana muPentekosti aigona kugadzira, yakafukidza kusasimira kwavo. Asi Mwari vaigona kuona kupfuura nemairi, saka Vakaaraya chimwe chinhu ndokutora matehwe akafa ari—matehwe ari emhuka yakafa ndokukufukidza. Ropa ndiro rakatatora nzvimbo yacho. Ndizvo zvakamisa hashu dzaVo, Vakaona ropa ndokusuduruka vachibva pariri, nokuti chimwe chinhu chakanga chadeura hupenyu hwacho. O Mwari!

<sup>96</sup> Pafungei! Chinhu choga chinosudurutsa Mwari iRopa. Uye pane Ropa rimwe chete raVanosuduruka kubva kwariri, uye ndere Mwanakomana waVo Vomene. PaVanoona kuti iRopa reMwanakomana waVo Vomene, Vanosudurukira shure. Nekuti ndicho chipo ichocho... Mwari vakapa kuMwanakomana waVo, kuti adzikinure avo vaAkafanoziva, uye zvinodzosa Mwari kubva pakutonga kwaVo. Asi kana Ropa iro rabviswa, uye vose

vakafanozivikanwa vadanirwa muMutumbi wakakosha, Chechi yaVo yagadzirwa uye yakwidzwa kumusoro, ipapo kutsamwa kwaMwari kwave pavanhu.

<sup>97</sup> Oo, hama, usambofa wakada kumira ipapo! Ngandimire hangu pamberi pechigwagwagwa, regai ndigurwe kuita zvidimbu-zvidimbu, regai ndichekwe-chekwe nesaha kuita tudimbu-tudimbu, regai chero chinhu chipi hacho chiiitike (semhiko dzeVarwi vaColumbus), ngavatsemure havo dumbu rangu vapise suruferi nezvose zviri mukati mangu, uye nemaoko nemakumbo angu zvidimburwe, chero zvazvingava, asi *usambondirega* ndichimira paChigaro Chichena cheKutonga pamberi paMwari.

<sup>98</sup> Oo, regai nditore chigaro choushe chidiki ichi *pano* pamberi pechigaro chaKristu uye ndigogamuchira Ropa raKe. Hapana chandinounza mumaoko angu, Ishe.

Hakuna rimwe tsime randinoziva,  
Hapana kunze kweRopa raJesu. (Ndizvo chete  
zvandinoziva nezvazvo.)

Iyi ndiyo tariro yangu yese nerutsigiro,  
Hapana kunze kwe Ropa raJesu.

<sup>99</sup> Ndokusaka Eddie Perronet... akarambirwa nziyo dzake. Paakanga ari Mukristu, Mukristu akasimba, vakanga vasingadi kutenga nziyo dzake. Rimwe zuva akati, “Ndichanyora rumwe, uye rimwe zuva... rwavachagamuchira.” (Uye vanhu vakanga vachida chimwe chinhu chechimanjemanje munziyo dzechitendero.) Rimwe zuva ipapo Mweya Mutsvene wakabata, uye akabata chinoyoreso ndokunyora:

Rumbidzai simba reZita raJesu!  
Ngirozi ngadziwe dzozvambarara pasi;  
Unzai korona yehumambo,  
Uye tiMugadze korona saIshe wemadzishe.

Nokuti pana Kristu, Dombo rakasimba,  
ndinomira;  
Dzimwe nzvimbo dzese ijecha rinonyudza,  
Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.

<sup>100</sup> Kunyangwe iri chechi, kunyangwe ingave shamwari, kunyangwe angave muvengi, kunyangwe ingave iri nyika, kunyangwe hungave hupfumi, kunyangwe hungave hurombo, kunyangwe zvingave zvakanaka, kana kunyangwe chingava chiri chii, dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza! Ndicho chinhu chega, chinozoenda zvachose. Asi:

... Kristu, Dombo riya rakasimba, ndinomira;  
Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.  
(Garai naizvozo mupfungwa.)

<sup>101</sup> Cherechedzai! Ngatiendei kuna Revhitiko 16, tiverenge kumashure, kumashure-shure kweBhaibheri zvino, mumitemo

yevaRevhi, zvino toona pano apa Revhitiko—Revhitiko chitsauko 16. Uye kutanga nendima 14 yechitsauko 16. Oo, ndi—ndinofarira kutora nguva yangu pazvinhu izvi, kunyatsozviburitsa. Revhitiko fourt-...kana kuti Revhitiko 16:14.

*Zvino ngaatore rimwe ropa renzombe, arisase nomunwe wake pamusoro pechigaro chetsitsi (Pamusoro pechigaro chetsitsi! Tarisai, tichapinda mune izvi mushure mechinguva)...kurutivi rwamabvazuva;...*

<sup>102</sup> Musakanganwa izwi iroo rerutivi “Rwamabvazuva”! Jesu ari kuuya achibva nekupi? Kumabvazuva, ari mugore reKubwinya. Ko z-u-v-a rinobudira kupi? Mabvazuva. Ko M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a achabudira kupi? Mabvazuva. Ko chigaro chetsitsi chakanga chakagara kupi? Kudivi rekumabvazuva. Sei ndakaita kuti mese mugare nenzira *iyi* makaringa kumabvazuva? Sei? Aritari iri kumabvazuva. Tichazviona mushure mechinguva, zvakanaka sei, ndichazvidhirowa. Ndakakumbira vazhinji vandaikwanisa kuti vauye nemapepa nezvakadaro, kuti vatore mamepu aya mumaminitsi mashoma. Zvakanaka:

*...risase...kurutivi rwamabvazuva; ngaasase pamberi pechigaro chetsitsi...ropa nomunwe wake kanomwe.*

<sup>103</sup> Oo, hazvina kunakisa here izvi? “Kanomwe kurutivi rwemabvazuva.” Chii ichocho? Mazera Manomwe eChechi achafukidzwa neRopa. Hareruya! Ropa raJesu Kristu rakangokwana mariri, zuro, nhasi, nokusingaperi, uye nekuzera rose, kuponesa mutadzi wose, kupodza munhu wose anorwara, kuunza munana wose, chiratidzo chose kuti chitike. “Kanomwe,” kumashure kare muTestamende Yakare, makore chiuru chimwe chinemazana mana nemakumi mapfumbamwe Kristu asati auya. Pafungei ipapo! Mucherechedzo, “kanomwe...”

*Ipapo anofanira kuuraya mbudzi...yechipiriso chezvivi, zviri zvezvavanhu, ndokuuya neropa rayo riine...mukati mechidzitiro, agoita neropa rayo sezvaakaita neropa renzombe,... arisase pamusoro pechigaro chetsitsi, napamberi pechigaro chetsitsi:*

*anofanira kuyananisirawo nzvimbo tsvene, nokuda...kwe... kwokusachena kwavana veIsraeri, uye nokuda kwokudarika kwavo muzvivi zvavo zvose: uye anofanira kuitira saizvozvo tabhenakeri yeungano, rinogara navo riri pakati po—pokusachena kwavo.*

<sup>104</sup> Chaiva chii? “Chigaro chetsitsi.” Vari kupi zvino? Uye mukati meareka maiva nechii? Murawo. Uye murawo, kungodarika murawo mumwe chete zvaireva kufa pasina tsitsi. Asi nekuda

kwekuti waigona kunzwirwa tsitsi, ropa raifanira kugara paaritari. Vanosasa chigaro chetsitsi. Uye chigaro chetsitsi ndiyo aritari yaunopfugama uchikumbira tsitsi. Mwari ngavasatendera kuti tisamboibvisa mumachechi edu, aritari yechinyakare apo vanhu vanogona kupfugama vachidana kuna Mwari kuti vanzwirwe tsitsi. Uye tsitsi dzakapfuma, uye dzinoyerera dzakasununguka kubva muRopa raShe Jesu. Zvino, zvakare, ndidzo tsitsi. Ndicho chigaro chetsitsi.

<sup>105</sup> Asi cherechedzai muno, chakanga chisiri chigaro chetsitsi, nokuti maivapo “mheni nokutinhira namanzwi.” Hakuna mheni uye nokutinhira pane tsitsi. Ndiko kutonga.

<sup>106</sup> Ngativhurei kuna Eksodho, chitsauko 19 chaEksodho uye ndima 16. Eksodo, chitsauko 19 chaEksodho, uye ngatitange nendima 16:

*Uye zvakaitika . . .*

Teerera chii . . . Mwari pavakakwira paGomo reSinai:

*Zvino zvakaitika kuti nezuva retatu kwoedza, kutinhira kukavapo . . . nemheni, negore dema pamusoro pegomo, nenzwi rehwamanda rine simba guru; (Inzwi rehwamanda chii? Mutumwa mukuru.) kuitira kuti vanhu vose . . . (Teerera!) . . . vanhu vose . . . vakanga vari mumusasa vakadendera.*

<sup>107</sup> “Kutonga!” Fiyuu! Vakanga vafamba vachiendako uye Mwari vakanga vavapa nyasha dzokufamba nadzo, asi vakanga vada murawo. Ivo . . . Mwari vaida kuti vave vanosanganisira masangano ose; ivo vaida kuita sangano kubva mazviri, chimwe chinhu chavaigona kukakavara pamusoro pachu, panzvimbo pokungotevera Mwari nokurarama pasi pehutongi hwaVo, pasi pesimba RaVo. Nyasha dzakanga dzapa muporofita, nyasha dzakanga dzapa yananiso (gwayana), nyasha dzakanga dzapa zvinhu zvose izvi, asi zvakadaro vakada kutongwa. Vaidawo chimwe chinhu chavaigona kuita.

<sup>108</sup> Mwari vakati, “Vaunganidze pamwe chete, ndichavazivisa kuti chii. Ndichavaratidza kuti chii.” Verengai! Teerera! Uye inzwi rehwamanda rakaramba richiwedzera kukura kusvikira razunguza nyika. Munoono kuti kutongwa chii. Handidi izvozvo. Ndipei tsitsi!

<sup>109</sup> [Hama Fred Sothmann vanoti, “Hama Branham?—Mupepeti] Uye . . . [Hama Branham?”] Hongu? [“Rugwaro rwupi—rwupi rwokupedzisira rwamaverenga?”] NdiEksodho, chi—chi—chitsauko 19 ndima 16, Hama Fred. Eksodho 19:16.

<sup>110</sup> Zvino, cherechedzai ndima 17:

*Zvino Mosesi akaunza vanhu vachibva pamusasa vasangane . . . naMwari; (Oh, ini zvangu! Ndinoda kusangana naVo murugare, kwete saizvozvo.) zvino vakamira muzasi megomo. (Kumashure chaiko.)*

111 Rangarirai, gomo iroro raiva nemiganhu yakatarwa yakaripoteredza. Kunyangwe kana mhou ikagunzva gomo iri, yaitofanira kufira ipapo, haikwanise kuuya muHupo hwaMwari. Zvino Mwari. . . “Zvino Mosesi akaunza vanhu.”

112 Zvino, ndima 18, ndima inotevera:

*Zvino Gomo rose reSinai rakanga. . . richipfungaira, nokuti JEHOVHA akanga aburukira pamusoro paro mumoto: . . . (Kungopfungaira nekubvira sebiravira remoto.)*

113 Ko Vakaburuka sei? Kwete muKubwinya kwaVo kweShekina, asi muhasha dzekutonga kwaVo.

*. . . uye utsi hwaro ukakwira soutsu hwevira, gomo rose rikazununguka kwazvo. (Hama, handidi kuva ipapo!)*

*Zvino inzwi rehwamanda rakati richirira kwenguva refu kwazvo, ndokuramba richiwedzera ruzha, Mosesi akataura, Mwari vakamupindura nenzwi. (Mosesi akataura; kwete vanhu, vaibvunda sevachaita zvidimbu-zvidimbu.)*

*Ipapo je—ipapo JEHOVHA vakaburukira pagomo reSinai, pamusoro pegomo: JEHOVHA vakadana Mosesi kuti akwire kumusoro kwegomo; Mosesi akakwira.*

*Zvino JEHOVHA akati kuna Mosesi, Buruka zasi, undoraira vanhu, kuti varege kupaza kuna JEHOVHA kundotarira, kuti vazhinji vavo varege kufa.*

114 [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Vanhu vanogara kumashure kwechechi voseka munwe munhu ari kutaura nendimi, kana kutamba muMweya; vatoenda, vamhura Mweya Mutsvene, vatosimbiswa nokusingaperi! “Ani naani anotaura shoko rimwe achipikisa Mweya Mutsvene haazombokanganwirwi munyika ino, kana munyika inouya.” Usangoringa paUri! Gara kure naWo kana kuti Ugamuchire!

115 Zviri nani timbosiya Gwaro iri. Mozoriverenga, rimwe rose rasara, muone zvakataurwa naMwari. Vanhu ndokuti, “Oo, Mosesi, iwe taura. Usarega Mwari vachitaura zvakare! Tinoshuva iko zvino kuti dai tisina kumbokumbira izvi.” Maona? “Rega iwe utaire kunesu, Mosesi. Mwari vakataura, tinofa tose.” Maona, Mwari vakanga vaita yananiso.

116 Zvino, “Inzwi reChigaro choushe.” Cherechedzai muChigaro choushe ichi, “pamberi peChigaro choushe pakanga pane nyeredzi nomwe,” Inzwi renyeredzi. “Mazwi,” maona. Paiva nemamwezve muna Zvakazarurwa 4 pano, kana 5, tinozoono, “Uye kubva paChigaro cheushe pakabuda mheni, nekutinhira, nemanzwi.” Kwete inzwi rimwe chete; “manzwi,” mazhinji. Chaiva chiri chii? Mwari vachitaura kuchechechi, vachiZviratidza kuburikidza neMweya minomwe. Kana muzodziwa waMwari wechokwadi ataura, rinenge riri Inzwi raMwari! KuRiramba

ndiko kubvisa chigadziko chemwenje. Maona? “Mazwi,” Izwi reMazera Manomwe eChechi (kuno uku pachikona), mazwi achitaura nokutinhira nemheni.

117 Nhasi zvava zvakadaro, “Zvakanaka, isu hatitendi mukutaura kuti ‘gehena’ papurupiti.” Oo, nhai veduwee! Zvisina kana maturo! Hmm! Tinoda varume vaMwari, varume vasingazenguriri!

118 Zvino, munhu wese haakwanisi kuva muparidzi, asi une izwi. Zvino kana usingakwanise kuparidzira vanhu mharidzo. . . Kana uri muparidzi, wakadanwa papurupiti kuzoparidza. Kana usiri, uchingori muparidzi, asi *raramira* vanhu mharidzo. Rega mharidzo yako *iraramwe*, uye Izwi raMwari richaunza kushorwa kune avo vanoRiramba. Vanoti, “Hapana anogona kuisa munwe pahupenyu hwemurume kana mudzimai. Vanotapira, vachirarama. . . Ivo. . . Kana pakambova nemunhu waMwari, murume uyo kana mudzimai uyo.” Maona, rarama mharidzo dzako. Usaedze kudziparidza kana usina kudanwa kuti uve muparidzi; unovhiringika, zvakadaro, wovhiringika, uye uchaita kuti vanhu vavhiringike, uye hauzoziva. . . Zvakanaka, uno—unovaparadza uye pamwe newe pachako, zvakare. Ingorarama mharidzo yako!

119 Muparidzi akadanwa kuti aparidze yake, uye nokuiraramawo zvakare. Kana usingakwanise kuRirarama, zvino rega kuRiparidza. Asi unofanira kurarama mharidzo dzako.

120 Zvakanaka, pano paiva ne “manzwi.” Oo, tinoda sei muJeffersonville zviuru zvemanzwi anoraramiwa, kutinhira kwaMwari kuchitinhira mukutapira nohutsvene, nokuchena, noupennyu husina kusvibiswa, uchifamba-famba panyika nhasi, usina chipomerwa. Hongu, changamire, Makristu chaiwo, ndiko kutinhira kunopesana nemuvengi. Dhiyabhore haana basa nokuti unodanidzira zvine ruzha rwakawanda zvakadii; dhiyabhore haana basa kuti unogona kusvetuka zvakadii kana kuti ungaite *izvi* zvakadini kana kudanidzira. Asi chinokuvadza dhiyabhore kuona hupenyu uhwo hwakacheneswa, hutsvene hwakakumikidzwa kuna Mwari; taura chero chinhu kwaari, mutumidze chero zita, anongotapira sezvazvinogona kuva uye oenderera mberi. Oo, ini zvangu! Izvo zvinomukandira kure, ndiko kutinhira kunozungunutsa dhiyabhore.

121 Zvakangofanana, “Zvakanaka,” unoti, “kana akakwanisa kuparidza saBilly Graham kana Oral Roberts, kana mumwe munhu, mumwe mutauri ane runziro huru, angazova. . .” Oo, kwete! Dzimwe nguva dhiyabhore anotongozviseka izvozvo. Haatombotarisi kune izvozvo kudarika chinhu chisipo. Ungawana dzidziso yose—dzidziso yose yebhaibheri yawaida kuwana uye nekudzidziswa kwese kwekuseminari, uye

dhiyabhore anongogara zvake ozviseka. Asi paanoona Hupenyu ihwohwo!

122 Tarisai vadzidzi vaye zasi uko, mwana aipenga zuva riya nepfari, vachiti, “Buda maari, dhiyabhore! Buda maari, dhiyabhore! Buda maari, dhiyabhore!”

123 Dhiyabhore akagara ipapo, akati, “Zvino manje, hamusi kuzvinyadzisa here ipapa? Zvino, muri kuona here zvamuri kuita? Jesu akakuudzai, Akakutumai, kuti muende kunondidzinga. Hapana kana mumwe wenyu anogona kuzviita.”

124 Asi, hama, asi pavakaMuona achiuya, Mumwe akauya achifamba chinyararire. Uh-huh. Oo, ini zvangu! Akanga asina kusungirwa kutaura chimwe chinhu. Dhiyabhore uya akanga ototy ipapo. Aiziva kuti atofanira kuenda, ndizvozvo, nokuti kwakauya Hupenyu; kwete mharidzo bedzi, asi Hupenyu. Akati, “Buda maari.” Oo, ini zvangu! Zvakabva zvatozviita! Chinyararire; Aiziva zvaAitaura nezvazvo, Aiziva zvaAkanga achiita.

125 Zvino, “Mazwi,” manzwi ehwamanda nomwe, akanga ari manzwi enyeredzi nomwe, vatumwa vanomwe. Asi iko zvino tarisai pano:

*...uye...mwenje minomwe...pamberi pechigaro  
cheushe, iri Mweya minomwe yaMwari.*

126 “Mwenje minomwe.” Ngatidhirowei zvishoma pano, Chigaro cheushe, nzvimbo tsvene, unganano. Zvino ipo *pano* paiva (poshi, piri, tatu, ina, shanu, nhanhatu, nomwe) nyeredzi nomwe, mwenje minomwe, vatumwa vanomwe, Mweya minomwe; hazvireve zvachose kuti Mwari vari muMweya minomwe, asi “kuratidzwa kunomwe kweMweya Mutsvene mumwe chete.”

127 Mweya Mutsvene uri kupi? Pano paChigaro, uchipenya muzera rega-rega rechechi. Zera *rino* rechechi iri kuisa chadzera shure nekuno *uku*, manzwi aMwari, Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Munoono, nomwe, paive ne “manzwi.” “Uye mwenje minomwe yemoto,” Mweya minomwe, “inova Mweya yaMwari minomwe.”

128 Mucharangerira Svondo shoma dzakapfuura patakasvika pariri, dhaimani riya guru? Asi rinochekwa nenzira dzakawanda dzakasiyana kuti riratidze moto nezviedza kubva pariri. Ndiyo nzira, “Jesu Kristu ndiye mavambo ekusikwa kwaMwari,” Zvakazarurwa 1. Ndizvo here? Saka Mwari vakasikwa rinhi? Ndiye mavambo ekusikwa kwaMwari. Asi Mwari ndewaZiyendanakuenda. Ndizvo here? Asi pakasikwa Mwari . . . apo mwana mucheche paakabatwa mimba muchibereko chaamai, mhandara. Uye akatanga kuumba zvizenga izvi mukati make kuti abereke mwana mucheche uyu, aya ndiwo akava mavambo ekusikwa kwaMwari, “Nokuti Mwari vakaitwa nyama



vakagara pakati pedu, uye vakava *Emanueri*, ‘Mwari vanesu,’ mavambo ekusikwa kwaMwari.”

129 Zvino muDombo guru rinokosha iri rakabva muguruva . . . nokuti Akagadzirwa neguruva. Ndizvo here? Akadya chikafu sezvandinoita, Akadya chikafu sezvaunoita iwe. Rinova, guruva romuviri, Akava calcium, potashi, petroleum, chiedza chemudenga, asi maAri maigara Chiedza cheKusingaperi. Ndosaka vachenjeri vakati kuNyeredzi, “Titungamirirei kuChiedza chenyu chakakwana.”

130 Vakanga vachingoratidza Chiedza cheChiedza Chimwe chete chakakwana. Uye hepanoi paAiva, Chiedza chaMwari chakakwana, mavambo ekusikwa kwaMwari. Zvino, imomo ndimo maAka . . .

131 Ko Akakwanisa sei kuZviratidza kunyeredzi dzaKe dzepanyika, mushure mekunge vachenjeri vaMuona Kudenga, vakava mweya inoshumira pano panyika? “Akakuvadzwa (Dhaimani guru, rakachekwa) nokuda kwokudarika kwedu, rikaiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu, kurohwa kwakatiunzira rugare rweku kwaiva pamusoro paKe, takaporeswa namavanga aKe.” Chii chaRaiita? Kuratidza chiedza!

132 Munhu upi zvake anozviti muranda waMwari, anoramba kupodza KwaMwari nesimba raVo, haasi kuwana chiedza chake kubva kuDhaimani iri, haasi kuwana chiedza chake kubva paChigaro ichocho cheushe. Nokuti Riri kuratidza iYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi kubudikidza nenyeredzi nomwe neMazera Manomwe eKereke.

133 Oo, Mwari ngavarumbidzwe! Ndofunga kuti zvakafanira kuti mushumiri anamate Mwari ari papurupiti, nekutenda nerumbidzo nerukudzo nesimba. Oo, ichokwadi sei, zvinongofadza sei mweya wangu kusvika ndinonzwa sendinogona kuridza mhere, ndomhanya ndosvetuka kusvika pandinogona kusvetuka, nokuti pane Chimwe chinhu mandiri chakandishandura kubva pane zvandaiva. Ini handisi zvandinofanira kuva, uye handisi zvandinoda kuva, asi ndinoziva kuti ndakashandurwa kubva pane zvandaisimbova. Pane chinhu chakaitika, chimwe chinhu chakaitika!

134 Uye womira pano uchiona Shoko iri Risingaperi rakapfuura nedutu rose! Pavakaedza kupisa maBhaibheri nezvose, Rakaenderera mberi zvimwe chetezvo, nokuti Rakati, “Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri.”

135 Kumusoro kuno pedyo nekuChicago zvino, uye rimwe—rimwe Bhaibheri riri papurupiti yechechi. Kare Hondo Yepasi rose Yekutanga isati yatanga, mumwe mumishinari aiva naro uye mumwe munhu akatendeutsa, uye aida kupa mumishinari Bhaibheri rake, akati, “Ini handikwanise kukupai iri, amai

vangu ndivo vakandipa iri.” Akati, “Ini, kana ndasvika kumusha, ndichakutumidzirai rimwe.”

<sup>136</sup> Akatanga kudzokera mhiri kwegungwa zvino ngarava yepasi pemvura yekuGerman yakaputitsa chi—chikepe ichi. Havana kumbowana kana chidimbu chayoy. Uye makore maviri akatevera, zasi kumahombekombe, vakaona bhokisi raiyanganara mumvura. Vamwe vakafunga kuti chaigona kuve chimwe chinhu chakanyura, uye nokudaro vakabuditsa bhokisi ndokurizarura, machinda maviri aifamba havoy. Uye imomo, chinhu choga chakapona pazviri, iBhaibheri raakanga achitumira kumumishinari. Rinogara papurupiti pano pedyo neChicago nhasi, muchechi yeMethodisti. “Denga nyenika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri.”

<sup>137</sup> Munguva yemafashamo muno, muna 1937, chechi duku iyi pano yakare, ichiine pasi pedhaka nezvimwe zvakadaro zvaiva mairi, taigona kutyaira napamusoro payo pano mu—muigwa rinofambiswa nechikwasvo. Mafashamo akasimuka. Uye, saka, manheru iwayo pandakanga ndaparidza Evhangeri uye ndokunge ndasiya Bhaibheri rangu rakazaruka papurupiti pandakanga ndaenda kumba; ndafanotaura kuti mafashamo aya aizouya, ndakati, “Ndakamuona achiyera mafiti makumi maviri nemaviri pamusoro peSpring Street zasi kuno.”

<sup>138</sup> Mutana Hama Jim Wiseheart nevamwe vakandiseka. Munozvirangarira here, Hama George? Ndakati...Iye—iye akati, “Oo, Billy, muna ’84 aingove mainji matanhatu panaSpring Street.”

<sup>139</sup> Ndikati, “Ndakaona murume achiburuka kubva kumatenga, uye akatora chimuti chekuyeresera akachiisa ipapo pana Spring Street, akati mafiti makumi maviri nemaviri.”

Akati, “Uri kungofarisa chete.”

Ndikati, “handisi kufarisa! IZVANZI NAJEHOVHA!”

<sup>140</sup> Vabvunzei kuti mafiti mangani aive pamusoro peSpring Street. Mafiti makumi maviri nemaviri aka—akakwana! Chaizvoizvo.

<sup>141</sup> Uye Bhaibheri riya rekare parakanga raparidzwa pacho husiku ihwohwo...Kwakatanga kunaya, mafashamo achipindamo nezvakadaro, zvino chechi ino yekare...Zvigaroy zvakakwira kumusoro chaiko kusvika pasiringi, Bhaibheri rakabva rangonanga mudenga chaimo kunosvika pasiringi, ichigeza ichipfuura nemuno nemvura yese iya ichisimuka. Purupiti yakabva yanyatsokwira mudenga. Zvakadzoka pasi chaipo; uye chigaroy chega-chega chakagara panzvimbo imwe chete, uye Bhaibheri rakagara panzvimbo imwe chete, nemvura yose iyoyo, uye rakaramba rakavhurika, pachitsauko chimwe chete panzvimbo imwe chete.

142 “Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri.”

143 Kuti Bhaibheri iroro rakayangarara sei mumvura ine munyu iyoyo kwemakore maviri risina kana kumbokanganiswa mashoko ari paRiri! Shoko raMwari nderechokwadi. Amenii.

144 Ndinorangarira mushure maizvozvo, mutana Hama Jim Wiseheart vakanyatsogutsikana nazvo, pese pavainzwa kurwadziwa paruoko rwavo. . . Vakava nechimwe chakakanganisika pavari pavakasvika makore anenge makumi manomwe namashanu okuberekwa, vakabatwa nerheumatism. Marwadzo akasvika pakurwadza *apa*, vaimhanya votora Bhaibheri, vorivhura, voriradzika ipapo, kumwe kurwadza zasi *kuno*. Ndakauyako rimwe zuva uye vakanga vaine maBhaibheri akawanda zvokuti handina kukwanisa kuona Hama Jim, vaingova nemaBhaibheri akazara pese pavari! Vakati, “Ivimbiso yaMwari!” Ndizvozvo.

145 “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri.”

146 Ndinorangarira mutana aipota achiuya kuzondiona. Uye hapana mumwe wevanhu vavo ari pano handifunge. Uye ndaimbovabatsira zvishoma, munoziva, tichifamba, nokuti vakanga vachembera vachida mari zvino vaiuya. Vakati. . . Rimwe zuva ndaisimuka kuenda kuCanada, ndakatendeuka, ndichangobuda gedhi, vakati, “Billy, mwanangu, rimwe ramazuva ano uchadzoka uye mutana Sekuru Jim vachange vasisachifambe zvishoma nezvishoma vachikwira nokudzika nemugwagwa uyu pano zvakare.” Ndiyo yakava nguva yokupedzisira. Pandakanga ndiri kuCanada, ndakatambira teregiramu; vakanga vafira kunze uko mumaoko eHanzvadzi Morgan. Vakabatwa nechirwere chemoyo, vakavamhanyisa uko kuchipatara, ndokuvatarisa vachibva vafa.

147 Hanzvadzi Margie, vari pano here mangwanani ano? Vanowanzouya muno. Imi mose munoziva. Imwe yenyaya hombe dzenza uko kuChipatara cheBaptisti anga akafa kwemakore gumi nemanomwe, paMedical Clinic uko pamakadhi, zvichinzi “vave kufa nekenza,” makore gumi nemanomwe apfuura. Vanogara pa 412 Knobloch Avenue, mukoti muchipatara kunze uko. Oo, nyasha dzinoshamisa, ruzha rwunotapira kwazvo!

148 Jim Tom Robertson, gweta muLouisville, uye tese tinoziva Jim Tom. Ndizvo zvakaite kuti atende muMharidzo ino, akaenda kumusoro ikoko. Uye baba vake mumwe wevakuru vevashandi vari kumusoro uko kuchipatara. Akakwidzako kunozvitsvaga, kuti aone kana chaive chokwadi kuti vakange vave kufa nekenza, uye vakange vakanda mapfumo pasi nezvavo ndokuvadzosera kumba, uye vakafunga sekuziva kwavaiita kuti vakanga vatofa kare. Uye baba vake murume uyu vakazvitsvagurudza,

uye ichokwadi. Zvino Jim Tom akati, “Kunyepa; akatogara kumusoro kuno izvozvi, ndinogona kukuendesai kwaari.”

149 Oo, oo, Ndi—NdiMwari vemazvirokwazvo, haVasi here? Ndinofara kwazvo kuti Vanokwanisa kuita havo sevasina kuona kukanganisa kwedu, haudaro here? Zvinotiita kuti tiVade nemoyo wedu wese.

150 Zvigaroro zveushe, mheni . . . Chii? “Mwenje minomwe,” kana mwenje, kana kuti nyeredzi nomwe, dzinodanwa kunzi “Mweya minomwe,” zvichireva kuti kurat- . . . kuratidzwa kunomwe kweMweya Mutsvene kweMazera Manomwe eChechi pazvigaroro zvinomwe zvetsitsi kuvanhu. Hezvino izvi: zvigaroro zvinomwe zvetsitsi, zvigaroro zvinomwe, chechi nomwe, nyeredzi nomwe, kuratidzwa kunomwe, Mweya minomwe, mwenje minomwe. Oo, ini zvangu, Mwari vakakwana kwazvo! Zvese . . .

151 Zvakaiswa mumanhamba emuBhaibheri; manhamba emuBhaibheri ndicho chinhu chakanyanyisa kukwana chiripanyika. Haukwanise kuwana chikanganiso chimwe chete kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, mumanhamba emuBhaibheri. Hakuna kana chimwe chikamu chezvinyorwa chakanyorwa chausingagoni kuwana pakakanganiswa usati waverenga mavhesi matatu; asi kwete muBhai- . . .

152 Vanga vachiedza kweanopfuura mazana maviri emakore kuwedzera chirevo chimwe chete kuMunamoto waShe, kana kubvisa chimwe paUri. Wakakwana! Haukwanisi kuwedzera zvimwe kana kubvisa zvimwe zve kwaUri. Vakanga vachifunga kuti vanogona kuita kuti vaite munamoto wacho uve zviri nani zvisvishoma. Vanoedza kubatanidza *izvi* maRiri, voisa *izvo* maRiri, kana kubvisa *izvi* maRiri; hazvina kunaka. Munoono, Rakakwana! Nzira dzese dzaMwari dzakakwana.

153 Naizvozvo hatina kukwana, asi iYe akati “Naizvozvo ivai vakakwana saBaba venyu vari Kudenga vakakwana.” Tingava sei? Kuburikidza neRopa rinokosha raJesu Kristu, kungozvikanganwa zvatiri pachedu uye tongogara maAri. Hezvo ka izvo. Rakakosha kwazvo!

154 Zvakakanaka, ndima 6 zvino kana tikapinda mairi. “Mwenje minomwe.”

*Uye pamberi pechigaroro choushe . . . pakanga pane gungwa regirazi rakafanana nekristaro: napakati pechigaroro choushe, napamativi ose echigaroro choushe, pakanga pane zvipuka zvina zvizere nameso mberi neshure kwazvo. (O, ini zvangu! Tarisai izvi!) . . . zvipuka zvizere nameso—zvizere nameso mberi neshu- . . . (Zvino, mirai.) . . . pamberi pechigaroro choushe . . . pakange pane gungwa regirazi rakafanana nekristaro: nepakati pechigaroro cheushe, paiva nezvina . . . napamativi . . . echigaroro cheushe pakanga pane zvipuka zvina, zvizere nemeso mberi neshure.*

155 Zvino, iro “gungwa regirazi.” Imi muchazonge... Ndiri... Izvi hazvimbori mufananidzo wakanyanya pano, asi ndinoda kumbodzima izvi kwekanguva. Zvino, zvino tinoda kumbodzidza pano zvishomanini. Gungwa regirazi rinofananidzirwa mutemberi yekare, nokuti Mosesi akarairwa naMwari kuti avake temberu panyika sezvaakaIona kumatenga. Munhu wose anozviziva. Zvakanaka izvozvo.

156 Zvino regai ndingodhirowa zvishoma pano, ndichiti, *hepano* paiva neareka muTestamende Yakare, zvakanaka, chinhu chinotevera, chainzi “Nzvimbo tsvene-tsvene.” Zvino nzvimbo yaitevera apa yaiva aritari, yainzi “nzvimbo tsvene.” Uye pamberi *apa* paive ne “gungwa renderira,” rinonzwarwo. Nemamwe mashoko, yaiva nzvimbo apo chipiriso... zvipiriso zvaisukwa—zvaisukwa pano zvisati zvagamuchirwa... paaritari; paaritari yendarira, kana paaritari yendarira paipisirwa chibayiro.

157 Zvino, tinoda kutarisa izvi iko zvino... uko kwaraive. Saka, zvino—zvino, mugungwa iri regirazi... rakanga riri pamberi peChigaro choushe nepamberi penzvimbo tsvene. Ingo... Zvino rangarirai, zvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama zvakagadzikwa *pano* sezvizi, zvouya zviri mumudziyo. Maona? Zvino, ndicho chinoratidza chiedza kubva panzvimbo tsvene kusvika *pano*. Zvino, kana uka... kwete, hamufanirwe kunyora izvi pasi kunze kwekunge muchingodawo kudaro, asi ndizvo... Ndine chimwe chinhu pano chandadhirowa pachangu, chandaida kuuya nacho kwamuri. Asi zvino, munoona, *iri* rainzi gungwa renderira; rakanga risiri rakakura kudaro, rakanga rakagadzikwa pamusoro zvingada kudaro panzvimbo mutemberi. Rakanga rakagadzikwa *sezvizi* pano, rakanga riri gungwa renderira, wakanga uri mudziyo wakagadzirwa nendarira wavaisukira zvibayiro. Zvibayiro zvisati zvapiswa kana kugamuchirwa, zvaifanira kusukwa.

158 Oo, hazvingaite mharidzo here izvi, Chiremba. Oo, ini zvangu! Hazvingadaro here—hazvingadaro here kungo... Zvangondijekera, “vaizvigeza.” Chibairo chese chisati chagamuchirwa kuna Mwari, chinofanira kutanga chasukwa. Sei? Kwete nemanyawi, asi kusukwa neShoko. Zvino, taigona kudzokera tosvika kune uyu rabhi wechiJudha... pandakanga ndichiparidza pamharidzo iya yemvura dzekupatsanura, tsiru dzvuku, mvura dzaichengeta, dzakaitwa mvura dzekupatsanura. Uye tisati tatombosvika kuna Mwari nekutenda kwechokwadi, tinofanira kutanga tauya nemvura dzekupatsanura. Hongu, changamire. Unofanira kuuya nei? Shoko!

159 Oo, regai ndingoona kana ndingagona kutaura kuti imi mugozo... munhu wese agozvibata. Zvino, pfekai kufunga kwenyu kwepamweya. Bvisai ngowani dzehondo mugopfeka kufunga kwenyu kwepamweya zvino, nokuti pave kuuya chimwe

chinhu. “Kushambidzwa chisati chagamuchirwa paaritari,” chinofanira kutanga chashambidzwa nemvura dzekupatsanura.

<sup>160</sup> Zvino, vhurai neni nekukurumidza kuna VaEfeso 5, ingobatai nzvimbo yenyu mudzokere shure, angori mapeji mashoma kumashure, kuna VaEfeso chitsauko 5 ndima 26:

*Kuti aiite tsvene* achiichenesa . . . (Chechi, ndiyo yaari kutaura nezvayo.)

<sup>161</sup> Maona, zvino, regai ndidzokere shure zvishoma kudarika apa. Kudzokera kumashure sekunge pandima yechi 21, pamunenge muchitsvaga:

*Zviisei pasi mumwe kune mumwe mukutya Mwari.*

<sup>162</sup> “Zviisei pasi.” Ungano, zviisei pasi pemufundisi wenyu. Mufundisi, zviisei pasi peungano yenyu. Kana kapoka kadiki kakasimuka, musatore divi rimwe, zviisei pasi peungano yese. Ungano, kana matanga kuita kapoka, zviisei pasi pemufundisi wenyu muchitya Mwari. Maona? Oo, hama! Hmm!

*Vakadzi, zviisei pasi* pemurume wenyu chaiye, *sezvamunoita kunaShe*, (Nekuti ndiye ishe wako.)

<sup>163</sup> Vangani vanozviziva izvozvo, imi madzimai? Ndizvozvo chaizvo. Bhaibheri rakataura kudaro pakutanga. Zvichiri zvimwe chetezvo.

*Vakadzi, zviisei pasi* pemurume wenyu chaiye, *sezvamunoita kunaShe*.

*Nokuti murume musoro wemukadzi, saKristuwo musoro wekereke: iye amene ndiye muponesi wemuviri.*

<sup>164</sup> Ndizvo zviri murume. Imi mose munozviziva izvozvo, imi vanhu vakaroorana nevakuru, kana vana vakura zvakakwana kuziva nzira yehupenyu. Zvakanaka.

. . . *sezvamunoita kunaShe.*

*Nokuti murume musoro wemukadzi, saKristuwo musoro wekereke: iye amene ndiye muponesi wemuviri.*

*Naizvozvo kereke sezvairi pasi paKristu, vakadzi ngavadaro pazvinhu zvose kuvarume vavo.*

*Imi varume, idai vakadzi venyu, Kristu sezvaakadawo kereke, akazvipa nokuda kwayo; (Usamutsikirire! Kana ukadaro, hauna kukodzera kuva murume. Ndizvozvo chaizvo!)*

*Kuti agozo . . .*

Teererai, hezvoka izvo! Zvibatei zvino:

*Kuti aiite tsvene* achiichenesa *nokushambidza kwemvura* kubudikidza ne . . . [Ungano inoti, “Shoko.”—Mupepeti] Hmm!

<sup>165</sup> Zvino, munamati wose anowana mukana wokupinda *Umu* anofanira kuuya neShoko. Kune vakawanda vanouya neimwewo

nzira. Ndinotenda mutunyaya tudiki nezvinhu, izvo zvaana “amai vakafa makore mazhinji apfuura zvino vakakumirira Kudenga,” zvinoita zvakanaka *mushure* mekunge Shoko rashandiswa. Vanhu vazhinji vanouya kuaritari nekuti vanoda kusangana naamai vavo Kudenga. Zvakanaka, unofanira kuzviita, asi handicho chikonzero chekuti uuye kuaritari. Unouya kuaritari uchireurura zvivi zvako nekuti Kristu wakafa pachinzvimbo chako, neShoko!

<sup>166</sup> Zvino, zvibayiro zvipi hazvo zvisingauye maererano neShoko hazvigamuchirwe zvino. Ndizvo here? (Oo, hama, handidi kutaura izvi. Oo, handidi kuzvitura. Ndiregerereiwo pakuzvitura.) Ndicho chikonzero Mabasa 19 yakamira muBhaibheri, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?”

Vakati, “Isu . . . kwete kana paine . . .”

Akati, “Saka, makabhabhatidzwa sei? Sei musina kupinda Munu?”

<sup>167</sup> Vakauya neimwe nzira isiri Shoko! Vakati, “Oo, takapfuura nemumatanho acho, takabhabhatidzwa . . . Johani.”

Akati, “Izvozvo hazvishande. Johani wakangobhabhatidza chete kusvika pakutendeuka, kwete kukanganwirwa kwezvivi.”

<sup>168</sup> Vakati vanzwa iZvi, vakabhabhatidzwazve zvakare. Sei? NeShoko! “Kusukwa nemvura dzeShoko.” Shoko rakati, “Zita raJesu Kristu!” Chinhu chipi nechipi chinobatanidzira chimwe chinhu paRiri ndechenhema!

<sup>169</sup> Zvino, hama yangu inokosha, ndinoziva kuti iyi itepiwo zvakare. Zvino, usanetseka. Rega nditaure izvi nerudo rwehumwari, nguva yasvika yekuti handichagona kuramba ndakabata pazvinhu izvi ndakanyarara nazvino, tava pedyo zvakanyanyisa neKuuya. Maona? “Kutenda vanamwari vatatu ndekwadhiyabhore!” Ndinozvitura izvi ZVANZI NAJEHOVHA! Tarisai kwazvakabva. Zvakabva kuKanzuru yepaNicaea apo chechi yeKatorike yakatanga kutonga. Shoko rokuti “hutatu” haritombotaurwi muBhuku rose reBhaibheri. Uye maererano navanaMwari *vatatu*, zvinobva kugehena. Kuna Mwari mumwe chete. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>170</sup> Zvino, saka munoti here, “Munozvitenda here kuti vanhu vese ava—ava vanotenda zvehutatu ndevkugehena?” Kwete, changamire. Ndinotenda kuti Makristu. Asi nguva yave kusvika, hama, pavari kukanganisa vakaperera.

<sup>171</sup> Chero munhu, kupi zvako, chero nguva, anoda kutaura pamusoro penyaya yacho, huya kwandiri; chero mushumiri, mubhishopi, mubhishopi mukuru, chero zvamungave. Uye izvi zvatepwa, zvichatenderera pasi rose. Ndinokumbira murudo rwehama, kune chero munhu anondinzwira patepi iyi kwese pasi rose, achauya kwandiri ondiratidza chinyorwa chimwe

chete cheGwaro kana ndima imwe chete munhoroondo ipi zvayo (munhoroondo iri yechokwadi) pane chero munhu akambobhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene” kusvikira vaita sangano nechechi yeKatorike, ndichashandura dzidziso yangu. Munhu wese akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu! Uye hama dzangu dzinokosha, maziso enyu akapofomadzwa kuzvinhu izvozvo. Namatai Mwari vakupei Chiedza!

<sup>172</sup> Zvino, kana uine Gwaro rinozvitsigira, ndichange ndichikutsvaka kana kumirira nhare yako. Imi muri... imi...Seri kwetepi iyi, muri kufamba nemaune mukusaziva pamweya kana mukasandipikisa pane izvozvo. Kana muchida kuziva kuti chii chinonzi Chiedza uye rima chii, ngatibvunzei Mwari. Rangarirai, ndinoti ZVANZI NAJEHOVHA! Kana muchinditenda kuti ndiri muranda waVo...Uye kana dai zvanga zvisiri maererano neShoko, zvinenge zvisiri izvo. Zvino kana zvisiri maererano neShoko, ibasa rako kuuya undiruramise, uh-huh, toona zvinoitika. Uh-huh. Ikoko kukanganisa!

<sup>173</sup> Ndinotenda kuti zviuru zvizhinji zvevanhu vanotenda muhutatu vanotenda muna vanaMwari vatatu vakaponeswa, nekuti havazive musiyano. Tichasvika pazviri izvozvo zasi mumharidzo.

<sup>174</sup> Zvino, mose musamisa tepi yenyu mofamba muchibuda mumba, imi hama dzehutatu; teererai kune Izvi. Asi iwe ingogara wakanyarara kwemaminiti mashoma. Une mungava kwauri iwe pachako. Une mungava kuungano yako. Maona? Musamire kutora matepi, ingogarai naZvo. Zviongoroi neShoko muone kana Zvisiri izvo. Bhaibheri rakati, “Edzai zvinhu zvose.”

<sup>175</sup> Ndinoziva kuti haZvifarirwe, ndizvo zvakanga zvakaita Jesu, ndizvo zvakanga zvakaita Mharidzo, nguva dzose. Maindida pandaiuya ndichipodza varwere nevanotambudzwa pakati penyu, mukafunga kuti zvakanga zvakanaka kwazvo, ungoro huru mukavaka chechi. Zvino, Jesu akaita zvimwe chetezvo kusvikira rimwe zuva Akatozovika paChokwadi. Uye paAkadaro, kunyange makumi manomwe vakaMusiyu. Zvino Akatendeukira kune vakasara, vanegumi navaviri, akati, “Muchaendawo here?”

Zvino Petro ndokutaura mashoko aye akatsaurwa, “Ishe, tingaenda kuna aniko, nokuti Mashoko eNyu oga ndeoKusingaperi?”

<sup>176</sup> Uye Shoko raMwari roga ndiro roKusingaperi! Uye ndiwanirei chero papi zvapo apo Mwari pavakamboita kuti mumwe munhu abhabhatidzwe muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.”



177 Endai kuna Mateo 28:19, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” apo Mateo akati, “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza nemuZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene”? Uye chero ani anofunga izvo kuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” izita, zvinoratidza kuti pane chakakanganisika padzidzo yavo. (Zvino, kuti mudzidzi wegiredhi rechinomwe ataure izvozvo kumabhishopi ari kuteerera *Izvi*.) *Baba* harisi zita, *Mwanakomana* harisi zita, uye *Mweya Mutsvene* harisi zita. *Madunhurirwa* anoenda kuZita (raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene), rinova Jesu Kristu.

178 Rangarira, izvi hazvisi mukutsamwa, izvi zviriri kutaurwa murudo neruremekedzo rwune humwari, nerudo nekucherechedza Mutumbi waKristu uzere kwandinokokwa nehama dzangu dzehutatu (uye nepasi rose) kuti ndiuye kuzoparidza muungano yavo. Asi handimbozvitaure kana ndiri pakati penyuru. Ndinoda kuva... Kunze kwekunge uri wandikumbira iwe pachako, uye ndichaenda kuchechi newe uye ndonotaura newe nezvazvo. Asi pamberi peungano yenyu, zvaizovavhiringidza. Inzvimbo yenyu yekuwana Chizaruro moenda munodzidzisa makwai enyu, ndimi muri mufudzi weboka. Ndiri kutaura kuvashumiri. Kana usinganzwisise, huya, tigare uye titaurirane pamwe chete. Bhaibheri rakati, “Edzai zvinhu zvose, uye mubatisise kune izvo zvakanaka.”

179 “Gungwa regirazi,” paisukirwa chibayiro... Uye isu tinosukwa... Oo, musakanganwe izvozvo, tiri kudzoka kwazviriri mushure mechinguva, “Kusukwa nemvura yeShoko.” Zvino unofanira kunzwa Shoko usati wapinda imomo, nekuti inzira imwe chete yaunogona kusvika nayo kuna Mwari, ndeye kutenda. Ndizvo here? “Kutenda kunouya nekunzwa, nekunzwa Shoko,” richigeza hana dzedu. Kwete kusangana nemurume, kwete kusasangana nababa, kwete kusasangana naamai, kwete kusasangana nemwana (zvose ndezvechokwadi, tichazviita), asi chinhu chekutanga kwatinofanira kuuya kwachiri inzira yaMwari yekusvika nayo; tichasukwa kana tanzwa Shoko raMwari.

180 Nekutenda tiri kufamba. *Nyasha*, “zvawakaitirwa naMwari.” Ndizvozvo. Unotenda Mwari, unotenda kuna Mwari; uye kana wangonzwa urombo, watoregererwa kare.

181 Sezvandaitaura kune imwe hama nezuro, yakamboita kakuvhiringika pazviriri, ndikati, “Onai, hama, kana mukataura chimwe chinhu chinorwadza manzwiwo emudzimai wenyu, pakarepo munomunzwira tsitsi, mune urombo kuti mazviita, matotendeuka mumoyo menyu. Ndizvozvo. Asi unofanira kuenda kunomuudza nezvazvo. Unofanira kuenda uchiti, ‘Mudiwa, ndi—ndine urombo ndataura izvo.’ Ipapo watendeuka zvachose.” Zvino, ndizvo zvazviriri naMwari.

<sup>182</sup> Murume anoenda oti, “Ndamurwadzisa manzwiwo ake, hapana mutsauko wazvinoita, ndichamuudza kuti ndine urombo, asi chaizvoizvo handisi,” uri munyengeri. Maona? Ndizvozvo. Izvozvo hazvimbofi zvakagamuchirwa naMwari.

<sup>183</sup> Unofanira kuva neurombo kwazvo nokuda kwezvivi zvako. Zvino kana waziva kuti une urombo nezvivi zvako, zvino ipapo “Tendeuka, ubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu kuti uregererwe zvivi zvako, uye uchagamuchira kuregererwa, wogamuchira Mweya Mutsvene.” Maona, zviri nyore kwazvo, Mwari vakazviita zviri nyore.

<sup>184</sup> Pano . . . tinocherechedza pano mu “gungwa regirazi,” rakafananidzwa nekristaro. Zvino, gungwa regirazi rinofananidzirwa, richifananidzirwa negungwa rendarira. Iri ndiro gungwa regirazi, riri kuDenga. Mosesi akariona segungwa regirazi achibva agadzira rainzi iro “gungwa rendarira,” aritari yendarira, chibayiro chendarira . . . aritari yendarira, waro.

<sup>185</sup> Munoziva here zvinoreva ndarira muBhaibheri? Kutongwa. Akaita nyoka yendarira. Ko *nyoka* inorevei? Chiratidzo *chenyoka* chaireva “chivi chakatotongwa kare,” mubindu reEdheni, apo, “Chitsitsinho chako chichapwanya musoro wayo; musoro wayo uchakuvadza chitsitsinho.”

<sup>186</sup> Uye *ndarira* inomiririra “Kutonga kwaMwari,” aritari yendarira, ndipo paipisirwa chibayiro; mudziyo wendarira, pachaisukwa nemvura yeShoko. Maona? Mo- . . . Eria, pamazuva ake, akabuda akatarira kumusoro, akati, “Denga rinoita sendarira.” (Kutonga kwaMwari parudzi rwakarambwa.) Oo, ini zvangu! Ndarira, zvendarira!

<sup>187</sup> Iye zvino tasvika pa “mudziyo wekusukira.” Uye mudziyo uyu wakanga usina chinhu uye wakanga wakajeka sekristaro. Sei? Chechi yakanga yatodzikinurwa kare!

<sup>188</sup> Zvino, zvino, tinocherechedza mushure mechinguvana, zvakadaro, panobuda vatsvene vepaKutambudzika kukuru, tinouwana zvakare uzere nemoto. Maizviziva here . . . Mungada here kuzviverenga izvozvo? Handei kuna Zvakazarurwa zvino, chitsauko 15, ndima 2, tiverenge patinoona moto wendarira uyu zvakare. Zvakanaka:

*Zvino ndakaona mumwe mutumwa . . . Ndakaona chimwe chiratidzo kudenga, (Ndizvozvo.) chikuru chinoshamisa ichi, vatumwa vanomwe vane . . . matambudziko manomwe okupedzisira; nokuti maari makazara nehasha dzaMwari.*

Iye zvino “hasha” dzaMwari. Tarisai:

*Ndikaona chakaita segungwa regirazi rakavhenganiswa nomoto: (Zvino, onai.) naivo vakanga vawana kukunda pamusoro pechikara, napamusoro pomufananidzo wacho, napamusoro pomucherechedzo*

wacho, napamusoro penhamba yezita *racho*, vakamira *pamusoro pegungwa* regirazi, vaine...*rudimbwa rwaMwari*.

*Vakaimba rwiyo rwaMosesi muranda waMwari, . . .*

189 Oo, muri kuzviona here? “Nguva yeKutambudzika kukuru.” Oo! Muri kukasika here? [Ungano inopindura, “Kwete.”—Mupepeti] Zvakanaka, teererai, ngaticherechedzei chimwe chinhu pano.

190 Tinouya sei? Tinofanirwa kuuya (iyi Chechi yeMarudzi) kuShoko iri, gungwa regirazi, mvura, mvura yeShoko (Ndizvo here?), cherechedzai Shoko nenzira yaRakanyorwa nayo. Zvino chipiriso chinogamuchirwa chozadzwa neMweya Mutsvene kubva mukati, chichipenya neChiedza chezera iroro. Kubva pane izvi...Hepano Chinobuda kubva munzvimbo tsvene chichipinda *umu*, kubva munyeredzi uchipinda *umu*. Mazvibata here?

191 Cherechedzai, zvino, pakupera kwezera rino, Johane, paakaona gungwa rendarira ipapo, rakanga “rakajeka sekristaro.” Chaiva chii? Shoko rakanga rabviswa panyika, rabvutwa muChechi, zvino ranga “rakajeka sekristaro,” pasisina Ropa, zera reChechi rakanga rapera.

192 Zvino, muna Zvakazarurwa 15, vakasara veMbeu yomukadzi, vaiva vatsvene vemuKutambudzika kukuru vakapfuura nemunguva yeKutambudzika kukuru, vakawanikwa (Tarisai!) vakamira pagungwa iri. Uye rakanga rizere nemoto, ropa, marimi emoto matsvuku achibvira, moto waMwari. Vakanga vakunda chikara (Roma), panhamba yacho, nevara rezita *racho*, uye napamusoro pemufananidzo wacho (Mubatanidzwa wemaChechi), uye vakanga wabuda. Uye kubudikidza nekuparidza kwaMosesi naEria, vaporofita vaviri vaye vachaonekwa kuIsraeri kuti vabuditse...boka iri revanhu, vatsvene veNguva yeKutambudzika, kumashure panguva iyoyo vachapinzwa, vakange... .

193 Munoono, Chechi yabvutwa kare zvino, asi rangarirai Mudzimai ari paChigaro cheushe. Nguva yeKutambudzika kukuru...Vakararama muhumambo huzhinji, kunze uko, uye vakaunza madzimambo avo ose nekukudzwa kwavo nokubwinya kwavo muGuta. Patinosvika zasi muna Zvakazarurwa 22, muchazviona. Kana muri kunyora izvi uye muchizvichengeta, kana tasvika pazviri muchaona zvatiri kureva. Hatina nguva yekubata chinhu chidiki chese kuti tigofamba nacho, asi kungobata nyaya dzakakosha dzacho. Zvino rimwe zuva, zvichida, Ishe vachitendera, tichava nenguva yakawanda yekutaura nezvazvo.

194 Zvino, vatsvene ava vemuNguva yeKutambudzika kukuru vakazouya, vakange vapfuura nemumatambudziko makuru. (Chechi haisi kuzopinda nemunguva yeKutambudzika kukuru!

Munoona here kuti vakanga vatova muKubwinya kare?) Uye hevano vatsvene vemuKutambudzika kukuru, vakacheneswa vaive...nekuda kwemhaka yangu neyako vakanga vasati vambonzwa Shoko. Kana vakaRinzwa vakaRiramba, vakaenda kugehena; vakakandirwa kunze kurima rekunze nekuti vakaramba Shoko. Asi dai vasina kumboRinzwa, Mwari vakarurama, Nguva yeKutambudzika inouya kwavari.

<sup>195</sup> Zvino, cherechedzai kwechinguvana. Vatsvene vakashambidzwa neShoko rimwe chete, nokuti iaritari imwe chete, igungwa rimwe chete regirazi uye neShoko rimwe chete. Zvakazarurwa 2:5, Zvakazarurwa 15: (kana waro) :2 kusvika :5. Cherechedzai, kwechinguvana. Zvino, hatina kumboendesa Shoko kwavari, ndicho chikonzero vakanga vari—vakanga vari saizvozvo. Hatina kumboendesa Shoko kwavari, tichawanirwa mhosva yacho. Saka hatizokwanisi kubata vanhu vose; Chechi haizokwanise (muzera rino) vakawana Chokwadi. Nokuti vachapfuura nemunguva yeKutambudzika kukuru, havasi Vatsvene vakafa kare-kare mumazera iwayo echechi, nokuti akati “Vakabuda kubva muKutambudzika kukuru,” uye Kutambudzika kukuru kuchiri kumberi, mushure mekunge Chechi yaenda Kumusha.

<sup>196</sup> O, hezvoka izvo! Oo, ndinozvida izvi! Teererai! Handei mberi zvishoma, ndinoda kuona kuti iShoko remhandoi ravakanzwa. Zvino, ngatitangirei zvakare pandima 2 yechitsauko 15.

*Zvino ndakaona chakaita segungwa regirazi rakavhenganiswa nomoto: naivo vakanga vawana kukunda pamusoro pechikara, . . . pamusoro pomufananidzo wacho, . . . pamusoro pechiratidzo chacho, . . . pamusoro penhamba yezita racho, vakamira pamusoro pegungwa regirazi, vaine . . . rudimbwa rwaMwari.*

<sup>197</sup> Zvino, munoona, vakanga vasati vambopinda, asi vakanga vanzwa Shoko. Vakanga vanzwa Shoko. Zvino, tererai, onai kuti iDzidziso yemhando ipi yavakanzwa, muone kana ichienzaniswa neChechi zvino.

*Zvino vakaimba rwiyo rwaMosesi muranda waMwari, (Ndipo, mushure mekunge Mosesi ayambukira mhiri.) norwiyo rweGwayana, vachiti, Mabasa enyu akakura anoshamisa, Ishe Mwari Samasimba; (Ndiyani Gwayana iri?) Ishe Mwari wamasimba ose; nzira dzenyu dzakarurama uye ndedzazvokwadi, imi Mambo wavatsvene.*

<sup>198</sup> Munoona here kuti vakaMucherechedza saani? Kwete munhu wechitatu muhutatu, asi “Ishe Mwari Samasimba, Mambo weVatsvene!” Teererai! Magadzirira here? Ndima 4:

*Ndiani* asingazokutyai, *Oo Ishe*, (vara guru I-s-h-e, Elohim) nekurumbidza . . . Ndiani asara *ungarega kutya imi*, . . . *nekukudza zita renyu?* . . .

199 Vakasukwa nemvura imwe chete iyo yamuri kusukwa nayo zvino, muchinzwa Shoko, uye nekutenda nesimba raJesu Kristu ari Samasimba. Ndicho Chizaruro chese pakutanga. Nyaya yacho yese yakaputirwa muChizaruro chekuti Jesu Kristu Ndiani, “Mwari vakaitwa nyama pakati pedu!”

. . . *Makuru uye anoshamisa eZita renyu*, . . .

*Ndiani* asingazotyia . . . kana kukudza *zita renyu?* imi . . . muri . . . *nekuti imi moga muri mutsvene: nekuti marudzi ose achauya achinamata pamberi penyuru; nokuti kutonga kwenyu kwakararatidzwa.*

200 Nemamwe mashoko: Tinoona zvazvinoreva kusaRigamuchira, kutonga kweNyu kuri kuratidzwa. Saka hepano patimire, tasukwa zvino, tava kusukwa nemvura mushure mekunge tapinda nemuNguva yeKutambudzika. Takamira nekuda kweNyu uye takaKutendai, uye zvino tamira pagungwa regirazi, uye tinokudza nokuKubwinyisai sechadzera cheMweya weNyu Mutsvene. Uye makenduru eNyu ndeechokwadi nemitongo yeNyu yakarurama.

201 Oo, ini zvangu! Tinogona kugara vhiki rese pazviri. “Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene,” ngatidhirowei chimwe chinhu pano iko zvino, kwechinguvana, ndine chimwe chinhu chandiri kuda kudhirowa. Zvino, regai . . . ko tadini tangozvitora izvi ipo apo patiri.

202 Zvino, kana tikacherechedza, heuno mufananidzo mukuru. Zvino, *ino* iNzvimbo tsvene-tsvene. Zvakanaka. *Ino* inzvimbo tsvene. Uye *iyi* ndeyekutanga, tisati tasvika apo, igu—gungwa.

203 Zvakanaka, zvino cherechedzai. Tinosvika sei kuna Mwari? “Kutenda kunouya nekunzwa, nekunzwa Shoko raMwari,” riri kuratidzwa kubva paNzvimbo tsvene-tsvene richipinda mutumwa wezera.

204 Kudzokera mukati, uye iya . . . Mutemberi yaSoromoni, zvaipa chadzera, makenduru aya airatidza mwenje yawo mumudziyo wendarira. Saka, *pano*, mutumwa wezera rechechi ari kuratidza chadzera mumvura kuti Muchinda uyu ari *muno* umu ndiyani, ari kuratidza tsitsi dzaKe, maShoko aKe, kutonga kwaKe, Zita raKe. Zvose zvinoratidzwa muno umu maunopatsanurwa nokuZvitenda. Mazvibata here?

205 Cherechedzai kuti zvakanaka sei izvi pano, takanga tichitaura nezvazvo rimwe zuva. Tarisa pano, *apa*, “Naizvozvo takaruramiswa, kururamiswa nekutenda.” Zvakanaka, *nzvimbo yechipiri*, mushure mekugezwa, “kucheneswa.” Zvino, *tevere*, “kuzadzwa neMweya Mutsvene.” Kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene! Mazviona here? Ko

Mharidzo yaKe yakanga iri sei? Kururamiswa nekunzwa; kucheneswa ndizvo zvaunoita; uye maringe nezvawakaita mukutenda izvozvo, Mwari vakakusimbisa neMweya Mutsvene.

<sup>206</sup> Zvino, iwe, hama yangu muBaptisti, ndinoda kukubvunza chimwe chinhu. Unoti, “Chii chimwe chaigona kuitwa naAbrahama kunze kwokutenda Mwari? Zvino Mwari vakati kwaari kururama.”

<sup>207</sup> Ndizvo zvoga zvaaikwanisa kuita, ipo *pano* apa, Akatenda Mwari. Asi Mwari, kuti vagamuchire kutenda kwake, vakamupa chisimbiso chokudzingswa ndokumusimbisa, kuratidza kuti Mwari vakatozo- . . . vakagamuchira kutenda kwake. Uye kana uchipupura kutenda muna Mwari, asi usati wambosimbiswa neMweya Mutsvene . . . VaEfeso 4:30, kana muchida kuzvinyora pasi, VaEfeso 4:30, “Usachemedza Mweya Mutsvene waMwari wawakasimbiswa nawo!” Uye hauna kusimbiswa kusvikira wagamuchira Mweya Mutsvene.

<sup>208</sup> Unogara nguva yakareba sei? Kusvikira parumutsiriro rwunotevera? “Kusvikira pakudzikinurwa kwedu, paZuva racho chairo rekudzikinurwa.” Hapana nzira yokubva kwaUri. Haukwanise kubva kwaUri, nekuti haUzobva pauri. Maona? “Nokuti makaiswa chisimbiso kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.” “Hapana chiri mune ramangwana, hapana chiripo, njodzi, nzara, nyota, rufu, kana chinhu, chinogona kutiparadzianisa nerudo rwaMwari rwuri muna Kristu.” Pauro akati, “Ndakagutsikana zvizere nazvo!” Hezvoka izvo! Hezvoka izvo, wakasimbiswa kusvika paZuva rerudzikinuro rwako.

<sup>209</sup> Cherechedzai, zvinotiunza ku—kuSvondo yapfuura zvakare. Ndine nguva here? Ndango . . . Tarisai, tarisai izvi, mweya . . . mweya, munhu wemukati, nemutumbi. Zvakanaka, munoono: mutumbi, munhu wemukati, mweya.

<sup>210</sup> Zvino, regai ndidzime izvi ndikugadzirirei chimwe chinhu pano. Zvino, ndichadhirowa chimwe chinhu pano, Handina kuwana mukana wekuzvidhirowa Svondo yapfuura saka ndakazvidhirowa pano ini pachangu pachidimbi ichi chebepa reyero. Ndinoda kuti mugozvinyora pasi uye mugoona zvandiri kureva, zvino, imi mune mapenzura enyu. Zvino, *uyu* ndiwo mutumbi; uye *uyu* ndiye munhu wemukati; uye *uyu* ndiwo (vara guru M-w-e-y-a) Mweya, Mweya Mutsvene. Zvakanaka. Zvino, ndizvo zvatakagadzirwa nazvo.

<sup>211</sup> Kana mukacherechedza *pano*, nzvimbo tsvene, Nzvimbo tsvene-tsvene; *pano* aritari, nzvimbo tsvene; uye *pano* gungwa—gungwa, ndipo paunonzwa Shoko, “Kutenda kunouya nekunzwa, nekunzwa Shoko,” kupatsanura, gungwa repatsanuro, gungwa republikatsanura. Zvino, cherechedzai izvi. Zvino, pane mukova mumwe chete wekupinda nawo *umu*, uye ndizvo unofanira kutanga wauya *pano* kutanga. Ndizvo here?

<sup>212</sup> Zvino, ndinoshuva kuti dai ndine nzvimbo, ndaaisa neche *pano*, “mha—mhandara.” Kana iyo . . . Ma “Mabiko eMuchato,” zvimwe zvekare. Maona kuti murume uyu akapinda sei *pano* paMabiko eMuchato, uye akauya neimwe nzira? Mukova waiva *pano* apa. Jesu akati, “Ndini Mukova.” Uye iyi tafura yemuchato yakanga igere *pano* uye vevanhu vese vakagara pasi vakakomberedza, uye *pano* pakanga paine munhu mumwe chete kumusoro kuno akanga asina kupfeka Nguwo yeMuchato. Zvino Mambo paakapinda, Akati, “Wasvika sei *pano*, shamwari yangu? Wambopinda sei muno?” Zvairatidza kuti haana kupinda neMukova uyu. Akapinda nepahwindo kana kuti akauya nemukova wekuseri, kana kubudikidza nechimwe chitendwa kana sangano. Haana kuuya nepaMukova!

<sup>213</sup> Nekuti vekumabvazuva vekare vachine chinhu chimwe chete, chikomba chiri kuzoroora, anopa kokero uye anopa nguwo kumunhu wose waanenge akoka.

<sup>214</sup> Oo, moyo wangu unotenderera-tenderera sei pandinozvifunga! “Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukoka kutanga, Uye vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Takadanwa sei? Nyika isati yavambwa mazita edu akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana, kuti tione Chiedza, tigamuchire Mweya Mutsvene, tifambe maChiri. Mazita edu (pakaauraiwa Gwayana) akaiswa muBhuku panguva imwe chete yakaiswa Zita reGwayana imomo. Bhaibheri, tinozsvika kwazviri mushure mechinguva, rakati, “akanyengera vose vari panyika vane mazita asina kunyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana kubva pakuvambwa kwenyika.”

<sup>215</sup> Cherechedzai, zvino kana iye . . . chikomba pachake, paakamira pamukova. Uye munhu aiunza kokero yake, oti, “Heino iyi *pano*.”

<sup>216</sup> “Ndatenda.” Aitora kokero, oiisa pasi apa, ndokumupfekedza nguwo kuti vataridzike vose zvakafanana. Ndinozvida izvozvo! Maona? Musimba raMwari, muChechi yaMwari mupenyu, vapfumi, varombo, vasungwa, vakasununguka, vatema, vachena, vashava, veyero, vese vanotaridzika zvakafanana nokuti vakapfekedzwa Simba rimwe chete reMweya Mutsvene. Maona?

Zvino, zvakaraidza kuti haana kuuya nepaMukova.

<sup>217</sup> Zvino, cherechedzai *pano*. Oo, kana munhu aiedza kupinda muNzvimbo tsvene-tsvene (mumwe munhu, mumwe mudzidzisi weBhaibheri ndiudze), kana mumwe munhu akatanga kupinda muNzvimbo tsvene-tsvene asina kuuya *nepano*, aifa. Mwanakomana waAroni akatora moto usinganzwisike rimwe zuva, moto wesangano (apo Wakanga usiri moto wesangano), vakafira pamukova. Ndizvo here? Kana kuti vaiva vanakomana vaEri, ndinotenda kudaro. Vanakomana vaEri vakavapinza

mukati, apo vaimirira vanakomana vaAroni uyo akanga ari muprista.

218 Zvino, zvino, pane nzira imwe chete yekupinda nayo mumutumbi. Mutumbi uyu unofambiswa sei? Zvino, nyatsotarisaisai zvino uye gadzirirai mapenzura enyu. *Herino* suwo rinopinda mumutumbi: poshi, piri, tatu, ina, shanu. Zvino, madhirowa here? Zvino, suwo rekutanga *pano* nderiri: kuona, kunhuwidza, kunzwa, uye kuravira, uye kubata kana kunzwa nekubata (chero chazvo chazvinoda kuva, hazvina basa). Zvino, ndidzo pfungwa dziri mumutumbi. Ndizvo here? Vangani vanozviziva? Ipfungwa nhanhatu dzinofambisa mutumbi. Zvino, tine munhu wemukati mushure mekunge mapinda *neumu*. Pfungwa dziri kunze, ndiwo hurongwa hwekunze.

219 Zvino, *muno* mune poshi, piri, tatu, ina, shanu, pfungwa shanu mumunhu wemukati. Zvino, munoda kudzinyora pasi? Yokutanga kufungidzira, kufungidzira. Yechipiri ihana. Uye yechitatu ndangariro. Uye yechina kufunga. Uye yechishanu manzwiwo akanaka.

220 Zvino, madzibata dzese here? Kana musina, ndzivisei iko zvino. Manyora zvese pasi here? Kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, nekunzwa; mutumbi, ndiyo mikova kumutumbi.

221 Munhu wemukati ndiko kufungidzira, hana, ndangariro, kufunga, uye manzwiwo akanaka, pfungwa kana hunhu, sepfungwa dzemunhu wemukati. Uye munhu wemukati ndiwo hunhu hwemweya uri mukati, nekuti munhu wemukati anongoburitsa hupo hwezviri mukati mako. Anotora nzvimbo yekucheneswa, munhu wemukati, anogara muchikamu chimwe chete ipapo. Zvakanaka, zvino, zvoze. . . munhu wese azvinyoraka pasi? Zvakanaka.

222 Zvino, kusuwo *iri* kune rimwe chete, suwo rimwe chete, rinonzi “kuda-kwako.” Iwe ndiwe bhasa wezvinopinda imomo. Uye zvinoitei? Chii ichi? *Mutumbi* unofanira kushambwa, mudziyo wekusukira; kucheneswa, *pano apa*; wozadzwa neMweya Mutsvene, *pano*, uye ichi chinova chigaro chekutonga chaMwari zvakare, apo Mwari pavanogara mumoyo mako, uye kana ukaita chimwe chinhu chakaipa, iti, “Ooo, ini zvangu, ndaita zvakaipa.”

223 Vamwe vanhu vanoti, “Handinzwe mhosva ku—kunge ndine bvudzi pfupi,” vakadzi. “Handinzwe mhosva kupenda nzara kana kupenda kumeso, kana chero zvazvingava. Handinzwe mhosva kuenda kumadhanzi. Handinzwe mhosva kungonyepa zvisoma. Handinzwe mhosva kutamba makasa kupati yangu yemakasa.” Unoziva chikonzero nei? Iwe hauna chinokupomera. “Izvozvo hazvirwadze hana yangu.” Hauna kana hana senyoka isina chiuno. Saka iwe unongo. . . Iwe hauna kana hana, hapana chinhu imomo chinokurwadza. Iwe uri wenyika!



224 Asi ndinokupikisa kuti umborega Jesu Kristu auye imo *muno* womboedza kuzviita kamwe chete! Hama, unopomerwa zvekuti unodududza kubva pazviri wozunguza musoro wako kubva pachinhu ichocho zvechokwadi sekungomira kwandakaita pano, nokuti iYe mutsvene. Teererai, ndiri kutaura Rugwaro, “Kana iwe uchida zvinhu izvozo zviri nyika, zvinhu zvemunyika, imhaka yekuti rudo rwaMwari harwutomborimo mauri.”

225 Zvakafamba sei? Kuda-kwako. Sei muchizviti ‘kuda-kwako,’ Hama Branham?” Nokuti zvinodzorerwa murume nomukadzi zvakare sezvakaite Adhamu naEvha mubindu reEdheni. Pachii? Miti miviri! Kuda-kwako, *uyu* rufu. *Uyu* Hupenyu, kuda-kwako. Unzenza... Rusununguko rwekuzvisarudzira! Mwari vakaisa munhu wokutanga, Adhamu naEvha, pano chaipo parusununguko rwokuzvisarudzira. Vanokuisa iwe panzvimbo imwe chete. Uye nzira chete yaunokwanisa kuita kuti chinhu ichi chigadziriswe *muno* kuda-kwako pachako. Hareruya! Kuda-kwako! Unofanira kuda kuita Kuda kwaMwari. Iwe unofanirwa kubvisa kuda kwako kuti Kuda kwaMwari kupinde, nekuti iyi ndiyo yega nzira inotungamira kumoyo.

226 Oo, munogona kujoinha chechi, imi maBaptisti nemaPresbyteriani. Uye nemi maMethodisti nemaPilgrim Holiness munogona kusvika pakucheneswa. Asi munofanira kuda kuita Kuda kwaMwari, kuda-kwako, kurega Mweya Mutsvene uchipinda muno *umu*, kuti ubereke. “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. MuZita raNgu vachadzinga madhimoni. Vachataura nendimi itsva. Vachaisa maoko avo pane vanorwara kana kutora zvinhu zvinouraya, nezvimwe zvakadaro. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vakaita kuti kuda kwavo kuve Kuda kwaNgu, uye mabasa aNdinoita vachaitawo.” Ndinovimba hamusi kuZvipotsa. Pane chido chekuita Kuda kwaMwari. Munoono zvandiri kureva?

227 Tarisai apa, kutaura pamusoro penzvimbo tsvene, mudziyo wokusukira. *Hezvinu* zviyedza, zvigadziko zvemwenje (poshi, piri, tatu, ina, shanu, nhanhatu, nomwe), chimwe nechimwe chazvo chine mwenje. Zvinowana kupi chiedza chazvo? Chiedza chazvo chinoratidzwa kupi, Chiri kuvhenekera kupi? Hachisi kuvhenekera pano pakakona pane rimwe sangano. Chiri kuvheneka kumashure kuno kuShoko! Imvura dzekupatsanura. Fiyuu!

228 “Kuitira kutendeuka nokuregererwa kwezvivi” (Ruka 24:49) “zvinofanira kuparidzwa muZita raKe kumarudzi ose, kutangira paJerusarema.” Kutendeuka nekuregererwa kwezvivi kwakadzidziswa sei paJerusarema? Kusvika kupi? Zvinofanira kuenda pasi rose. “Tendeukai,” Petro akadaro, muna Mabasa 2:38, “mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu.” Shoko iri rinofanira kuenda pasi rose, uye ipapo kuguma kunozouya. Zvino kuguma kuchasvika, mushure mekunge Shoko *iri* raenda pasi rose.

229 Zvokuti, zvigadziko zvemwenje izvi zviru pano zvichivhenekera chiedza neche kuno uku pane rimwe sangano reMethodisti, Presbyteriani, kana Pentekosti? Haiwa, kwete zvezvirokwazvo!

230 Chinovhenekera muno *umu* sa “NDIRI,” kwete “Ndaive.” Kwete vanhu vatatu kana vana vakasiyana, asi Mwari vakagara imomo vachiZviratidza kune imwe neimwe yemachechi iwayo. Tarisai kumashure uko muone zvakaita (tichangopfuura nemunhorondo), vaiMuratidza sezvaAiva, sezvaAri, uye sezvaAchagara ari.

231 “Iye akanga aripo. . .” Johane paakangoZviona kekutanga, akati, “Uyo akanga Aripo, uyo Aripo, uye uyo AchazoUya, Mwari Samasimba, kusikwa kwaMwari, Arufa, Omega, Mavambo neMagumo.” Ndicho Chiedza chechokwadi chinofanira kuratidzwa. MunoZviona here? Amen! Fiyuu!

232 Tadarika twelve o'clock, zvakare ndi—ndine. . . Teereri, ngatingokurumidzai kuti mugone kuzvinyora pasi. Handifarire kukuchengetai kwenguva yakanyanyisa kureba, asi handizive kuti ndichazokuonai rinhi zvakare. Maona? Uye ndinoda kuti mubate izvi, shamwari, uhwu Hupenyu. Zvino, tarisai, handireve nekuti ndiri kuZvitauro. Kana ndi—kana ndichiratidza zvakada kudaro. . . zvino ndiri. . . imi—imi matadza kunzvisisa moyo wangu. Ini handisi kuedza kuratidza, “Oo, izvi zvingori chete. . . Imi hamusi chinhu.” Handisi kuedza kuita izvozvo. Kana usati wagamuchira Chiedza, ndiri kuedza kukunongedzera kune Chimwe chiri pano. Kwete wacho ari pano papurupiti, Uyo ari apo paChigaro cheushe icho. Uye Chigaro ichocho chinofanira kuva mumoyo mako, unobva waona zvimwe chete sezvazviri kuratidzwa pano.

233 Chii *ichi* chiri kumusoro kuno? Chiri kuratidza *Ichi*. Uye *ichi* ndeiChi, Shoko. Kusukwa nemvura dzeShoko, neShoko; kushambwa (kuburikidza nemvura dzekupatsanura) kubva pazvinhu zvenyika—zvenyika, kubudikidza neShoko. Shoko rinoti ndiYe mumwe chete zuro nekusingaperi. Hazvina kunzi, “Ndiye mumwe chete muzera rePentekosti, kumashure muvadzidzi, uye zera rakazotevera Akashanduka.” Kwete, Mumwe chete! Maona? Haukwandise kuRiita kuti ritaure chimwe chinhu. Tinogona kungogara pane chimwe chezvinhu izvozvo kwenguva yakareba, asi ndinovimba kuti muri KuZvibata zvino. Mwari vakakudanai, muchazvibata. Ndizvo zvandinotenda. Zvakanaka, changamire.

234 Zvino, chimbori chii? Kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; munhu wemukati, mutumbi, mweya; zvese zvakafanana. Zvino, mwenje uri kuratidza Shoko. Shoko rechokwadi rinoratidzei? Chii chaizoita mwenje uyu, kana waiwana kupenya kwawo kubva

muKubwinya kweShekaina uku? Waizoratidza Kubwinya kweShekaina. Ndizvozvo here?

<sup>235</sup> Kana ukapinda museminari, chiedza chako, unoratidza seminari. Ukachiwana museminari yeMethodisti, unoratidza chiMethodisti. Unoratidza! Kana ukachiwana museminari yePentekosti, unoratidza chiPentekosti. Asi kana ukaChiwana muKubwinya kwaMwari, pagwenzi rinopfuta . . .

<sup>236</sup> Handiti, Mosesi paakabuda muHupo hwaKe, akatozoisa chimwe chinhu kuvhara huso hwake, zvokuti, vanhu havana kana kukwanisa kumutarisa. Ndizvo here? Akanga azere nesimba raMwari.

<sup>237</sup> Stefano, murume azere neMweya Mutsvene. Kuedza kumumisa, handiti, zvakanga zvakangofanana nokuedza kudzima imba pazuva rine mhengo yakanyanya, iri kubvira; kudzima moto pairi . . . imba yacho ichibvira pazuva rine mhengo yakanyanya. Oo, pavai—pavaiwedzera kudzima, ndipo payaitowedzera kubvira. Handiti, hamaigona kumumisa. Chaipo, pavakamuisa pamberi peDare reSanhedrini, Bhaibheri rakati, “Akamira ipapo, achitaridzika sengirozi.”

<sup>238</sup> Zvino, handifungi “ngirozi” zvaingoreva kuti aive chimwewo Chisikwa chipenyu chakamira ipapo; asi, ngirozi inonyatsoziva zvairi kutaura nezvazvo. Ndizvo zvinoita chero ngirozi, mutumwa wezera reChechi, haafanire kudzokera kunoona zvinofungwa neseminari. Anoziva zvakataurwa naMwari muBhaibheri raVo, uye nesimba riri kuvheneka kuratidza pachena kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Haatyete, ari kutaura chaizvo zvaanongoziva kuti iChokwadi. Uye Mwari vakamira ipapo vachiZvitsigira nemhando imwe chete yezviratidzo nezvishamiso, uye neShoko rimwe chetero. Ndiyo ngirozi iyoyo!

<sup>239</sup> Stefano akamira ipapo, akati, “Ndinoziva zvandiri kutaura nezvazvo.” Akati, “Imi vemitsipa mikukutu uye musina kudzingiswa pamoyo nenzeve, munogara muchipikisa Mweya Mutsvene. Sezvakaita madzibaba enyu, nemiwo ndizvo zvamunoita!” Akati, “Ndiani pakati pamadzibaba enyu asina kumbouraya vaporofita ndokuzovavakira marinda avo?”

<sup>240</sup> Imi masangano, ndiani wenyu asati amboita zvimwe chetezvo? Maona? Munovaka mazimba mahombe ane madziro machena nemamochari nezvinhu munzvimbo muno, zvadaro muchitaura nezvaMwari! Imi ndimi vacho vakaMuisa mumochari, ndimi vacho vakaMuisa muguva. Ndicho chinhu chaicho chakaMuisa muguva kumashure uko, yaive chechi huru inamadziro machena, sangano, VaFarise nevaSadhuse vakaMuisa imomo zvino ndokuedza kuvaka rangaridzo yaRo.

<sup>241</sup> Regai ndikuudzei kuti Kristu Munhu mupenyu. Haasi chimwe chinhu chakafa, iYe Chimwe chinhu “chakamuka *kubva* kuvakafa uye mupenyu nokusingaperi.” Oo, hama! Chokwadi!

Zvinoitei? Zvinoratidza chii? Zviri kuvheneka kubva *pano*, chingave chiri chii? Zvaizovhen- . . . Ndekupi kuratidzwa kwaKe kwechokwadi? Zvino chinhu chekutanga chazvinoratidza, rinenge riri Zita raKe. Ndizvo here? Zvaizoratidza Zita raKe. Chinhu chinotevera chinoratidza, rinenge riri simba raKe. Maona zvandiri kureva? Zvaizoratidza zvese zvaAri.

<sup>242</sup> Saka kana *izvi* zvichiratidza kuzera iri *pano*, zvose zvaAiva, zvino iYe mumwe chete! Fiyuu, kubwinya! Kubwinya! Chii ichocho? KuMuratidza sezvaAive, sezvaAri, sezvaAchagara ari, nokuti zviri kunyatsouya kubva paChigaro chaMwari; Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; Mwari mumwe chete, Simba rimwe chete, Kubwinya kumwe chete, zvose zvingori zvimwe chete. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Oo, hama!

<sup>243</sup> Ngatiendei mberi zvishoma. Zvino, ngatitorei pasara pendima 6 iyi, yechitsauko 4. Ndine zvirevo zvandakanyora pano pamusoro pazvo, uye ndinoda kukasika ndisvike kwazviri kana ndikakwanisa. Zvino, rimwe—rimwe rese, mushure mekunge masiya chino chitsa- . . . mushure mekunge tasiya vhesi iri, rinongotenderera, richitaura zvavakaita. Ngationei kana tichikwanisa kupfuura neipapo.

. . . girazi . . . gungwa *regirazi* . . . (Zvino, tinoziva kuti chaiva chii.) *pakati pechigaro cheushe*, . . . Zvisikwa zvipenyu zvina, zvipuka . . .

<sup>244</sup> Zvino, zvino, vangani vane Bhaibheri rakanzverwa rikanyorwa patsva? Mune renyu rakanzverwa rikanyorwa patsva, rinoti “Zvisikwa zvipenyu.” Zvino, handina kunzwisisa kuti sei King James iri pano raiti zvipenyu sei . . . zvaiva “*zvipuka*” zvina? Saka, ndakatora Duramazwi rechiGiriki—chiGiriki, ndikadzokera muduramazwi reBhaibheri ndikaona kuti zvairevei. Zvino, hezvinoi zvazviri. Zvino, nyatsocherechedzai. Shoko rakaturikirwa pano, zvino zvinyorei pasi kuti mugokwanisa kuzvitsvakawo, zvekare, kuti muve nechokwadi. Maona, ndinoda kuti munyore pasi zvandinotaura, uye . . . kana muchikwanisa uye muchida. Zvakanaka, iro rakanzverwa rikanyorwa patsva rinoti, “Zvisikwa zvipenyu,” mariri. Zvino, tarisai:

Uye . . . *pakanga* . . . *pane* zvipuka zvina zvizere nameso mberi neshure.

<sup>245</sup> Uye rinoenderera mberi nokutsanangura izvi “zvipuka,” izvo zvatichasvika kwazviri munguva pfupi. Zvino, *chipuka* pano chinomiririrwa. Mune zvekuverenga zwepamucheto here muBhaibheri renyu, pane—pane *zvipuka*? Kana munaro, endai mune zvekuverenga zvekumucheto. Ndinocherechedza Chiremba Scofield pano vakazvinyora mubhuku ravo. *Zvipuka* zvinoreva kuti, vane pano apa, vanoti, “Zvisikwa zvipenyu.” Oo, ini zvangu! Zvino, tarisai. Shoko rechiGiriki ipapo rinoti, “Z,

vana o vaviri, m” . . . kana kuti, “Z, vana o vaviri, n” ndizvo, “Z, vana o vaviri, n.” Zvino, mu—muchigiriki, zvinonzi Zoon zvinoreva kuti “Chisikwa.”

<sup>246</sup> Zvino, hazvina kudaro . . . kana uchida kupaverenga iko zvino. Hatina nguva. Ndanga ndiri kuzopaverenga, asi handina nguva. Nyorai pasi Zvakazarurwa 11, 13, ne17. Zvino, ndipo pane *zvikara*, zvitsauko zviri muna Zvakazarurwa 11, 13, ne17, zvinonzi *zvikara* nenzira imwe cheteyo; asi *zvikara* zviri apo, dudziro yacho ndi “t-h-e-r-i-o-n,” *therion*. Izwi, izwi reChigiriki rokuti *therion*, rinoreva “chikara chesango, chisina kupingudzwa.” *Therion*, zvinoreva “chikara chesango, chisina kupingudzwa.”

<sup>247</sup> Asi Zoon zvinoreva “Chisikwa,” munoona, “Zvisikwa Zvina zvipenyu (Zoon).” Kwete *zvikara* zve “sango,” *therion*; asi, “Zoon, Zvisikwa zvipenyu.”

<sup>248</sup> Uye *therion* ndidzo “mhuka dzesango, dzisina kupingudzwa dzinotyisa.” Nemamwe mashoko, kana iwe ukatarisa chitsauko 11, “chikara cheRoma.” Chitsauko 13, “United States.” Chitsauko 17, “zvole United States neRoma,” zvemachechi emasangano akabatana nechikatorike zvinovaita avo vasina kutendeuka, vasina kupingudzwa kuEvhangeri. Fiyuu! Vasina kupingudzwa!

<sup>249</sup> “Mwari ngavarumbidzwe, tinobva kucheche huru yeMethodisti, Baptisti, Presbyterian, sangano rePentekosti. Tinoziva zvatiri kutaura! Hapana anotungamira . . . ari kuzotiudza!” Hezvoka izvo. Havana kupingudzwa! Havana kutendeuka! Havana rudo rwepamasikirwo! Vanotyora sungano! Vapomeri venhema! Vasingazvidzore! Uye vanoshora avo vakanaka! Vaine chimiro che . . .

<sup>250</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . topfuura nemazviri zvino. Uye ndinogoda kubvarura chinhu ichocho kuita zvidimbu-zvidimbu iko zvino, asi ini . . . kuti zviende patepi iyi, zvakadaro. Asi isu hatina nguva yekuzviita. Zvino, manonzwisisa. Vangani vanonzwisisa? Itai “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”] Munoona, izvi ndizvo . . .

<sup>251</sup> Chii chinonzi Zoon, Z-vana o vaviri-n? Zvisikwa Zvipenyu. Rinogona kududzwa kuti Zoon, Z, vana o vaviri, n. Mungaridudza sei iroro, “Zoon”? “Zoon,” ndingadaro.

<sup>252</sup> Uye *therion* ndi t-h-e-r-i-o-n, *therion*, munoona. Saka zvinoreva “zvikara zvisina kupingudzwa, zvesango, zvinotyisa.” Ndizvo zviri *zvikara* . . . Torai renyu . . . torai duramazwi renyu rechiGiriki mutarise kumashure muone kana iro risiri izwi rimwe chete. Imi tarisai imomo muzvione. Torai renyu—torai bhuku renyu rezvidzidzo rechiGiriki, matora Dudziro yenyu yemuchiGiriki. Zvino, tsvagai muone kana ichocho chisiri chokwadi, kuti ichi ichokwadi, kuti zvinoreva “chikara chisina kupingudzwa,” muna Zvakazarurwa 11, 13, ne—ne17.

253 Uye pano muna Zvakazarurwa 4, zvinoreva “Chisikwa chipenyu,” kwete *chikara*; asi chinonzi “chikara” asi handizvo. Zvimwe chete muna Ezekieri 1:8, 1 kusvika :28, ndizvo. Pamwe tinovika pazviri munguva pfupi.

Zvakanaka, “Chikara chesango, chisina kupingudzwa, chisina kutendeuka.” Chisina kupingudzwa!

254 Asi *izvi* “Zvisikwa zvipenyu.” Zvimbori zvii? Hazvisi Ngirozi. Ndinokuudzai kuti kudii, ngativerengei muna Zvakazarurwa 5, kune rimwe divi repeji. Zvakazarurwa 5, uye ndima 11:

*Zvino ndakaona, uye...ndikanzwa inzwi rengirozi zhinji* (“ngirozi,” muhuzhinji) *dzakanga dzakakomberedza chigaro choushe* (“Ne” chibatanidzo.) uye nezvipuka *ne...vakuru:...*

255 Munoono, “ne,” chibatanidzo. Maona? Zvakanga zvisiri Ngirozi, kana vakuru, zvakanga zviri “Zvisikwa zvipenyu” paChigaro choushe. Oo, hamuzvide here izvi? Zvisikwa Zvipenyu! Hazvizi Ngirozi, nokuti izvi zvinoviridzwa pachena ipo pano, munoono:

*...Ndakaona, uye...ndikanzwa inzwi rengirozi zhinji dzakanga dzakakomberedza chigaro choushe nezvipuka navakuru:...*

256 Iko zvino pane mapoka matatu akasiyana pano. Ndinovimba mese mabata hurongwa uhu pasi apa zvino. Zvino, ndinoda kukuratidzai. Pane mapoka matatu akasiyana azvo, mhando nhatu dzakasiyana (Zvino, tarisai.) dzakapoteredza Chigaro cheushe.

257 *Hechino* Chigaro choushe. Zvino, chekutanga paChigaro choushe ichi Zvisikwa zvipenyu zvina. Kunze kwaizvozvo kune vakuru makumi maviri nevana (vakangoita *saizvozvo*) vagere pachigaro choushe, pamusoro pezvigaro zvavo—zvavo zvoushe, zvigaro zviduku zvoushe zviri pasi. Uye kwakakomberedza apa, kune boka guru reNgirozi dzakakomberedza Chigaro cheushe. Maona zvandiri kureva? Vose vakasiyana, mumwe kubva kune mumwe. *Pane* Ngirozi; *apa* pane vakuru; uye *apa* pane Zvisikwa zvipenyu.

258 Ngatimbogarai pazviri kwechinguva chipfupi. Ngatimbozvibatai ipapo kweminiti, “Zvisikwa zvipenyu.” Zvimbori chii kana zvisiri Ngirozi, zvisiri vanhu vakadzikinurwa? Zvimbori chii? Mungada kuziva here? Heino dudziro yangu. Ndinovimba kuti ndizvo; ndinotenda kuti ndizvo. Ndivo varindi vaMwari veChigaro chaVo cheushe. Zvino, tichadzima izvi munguva diki. Zvino, munoono, izvo—izvo hazvisi Ngirozi kana munhu. Hazvizi mhuka dzesango. Zvisikwa, “Zvisikwa zvipenyu.”

259 Zvino, *hechino* Chigaro chaMwari choushe. Zvino *izvi* ndizvo varindi vaVo. Ngativerengei zvishoma pane izvozvo uye tizive mumaminitsi mashoma. Munoono, iNgirozi dzaMwari kana kuti varindi vaMwari veChigaro chaVo choushe, uye ivo... Ngatitorei...kweminiti bedzi—bedzi zvakare, ngatidzokerei kuna Ezekieri. Ndi—ndine zvinhu izvi zvakanyorwa pano, uye ndinovenga kungozvipfuura, ndinoziva kuti izvi... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ngatidzokerei kuna Ezekieri chitsauko 1, uye ngatitange nendima 12 kusvika pa17, kweminiti.

*Zvino chimwe nechimwe chairuramira mberi pakufamba kwacho:...*

260 Zvino, tichatarisa mumaminitsi mashoma... Uye morangarira ndima 7 iyi pano, zvino, tarisai kuti zvaitaridzika sei pano mundima yechi 7 yechitsauko chimwe chetecho chaZvakazarurwa, “zvina zviya.”

*Zvino chipuka chokutanga chakanga chakafanana neshumba, ... chipuka chechipiri chakanga chakafanana nemhuru, ... chipuka chechitatu chakanga chiri chiso... chakanga chiine... sechomunhu, zvino zvipuka zvina zvakanga zvakafanana... zvapungu zvinobhururuka... chipuka chechina... chakafanana nechapungu chinobhururuka.*

261 Zvino, Ezekieri paakaona Kubwinya kwaMwari, akaona chinhu chimwe chete chakaonekwa naJohane. Munorangarira Svondo yapfuura kuti takawana sei “Kubwinya kwaMwari,” ndokuwana mufananidzo waVakanga Vatorwa pamwe chete nesu? Munozvirangarira here? “Kubwinya kwaMwari,” zvimwe chete zvakaonekwa naEzekieri, zvimwe chete zvakaonekwa naJohane, hezvinoi iZvi nhasi. Zvinoita kuti Jesu Kristu ave mumwe chete munguva yaEzekieri, chinhu chimwe chete chaiva pano panyika, Mwari mumwe chete ari pano nesu nhasi; mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi; Uyo akanga Aripo, Uyo Aripo, uye AchazoUya; suwo kumunhu wemukati, mutumbi, nemweya; gungwa rendarira (Shoko), Muchenesi wemunhu wedu wemukati, uye neMuzadzi neMweya Mutsvene. Chinhu chimwe chete, maona, zvingori zvimwe chete!

262 Zvino, tarisai izvi. Zvakanaka:

*...uye mweya... chero kupi kwazvaienda;... zvino... kuenda, ndiko kwazvaienda; hazvina kutsauka pakufamba kwazvo.*

263 Hazvaikwanisa kutendeuka. Kana zvaifamba nenzira *iyi*, zvaifamba semunhu; kuenda ne *uku*, kwaiva kuenda sechapungu; kuenda ne *uku*, kwaiva kuenda senzombe; kuenda ne *uku*, zvaiva zvichienda seshumba. Hazvaikwanisa kudzokera kumashure! Zvaifanira kuenda mberi kwese

kwazvaienda, chimwe nechimwe chezvipuka. Zvino, *mhuka* inorevei muBhaibheri? Simba. Zvakanaka, chinoreva “simba.”

264 Zvino:

Kana zviri zvekufanana kwezvisikwa zvipenyu, zvino *zvakanga zvakafanana namazimbe omoto anopfuta*, uye sekunge...kwe...*zvakafanana* nemarambi: waifamba uchikwira nokudzika pakati pezvisikwa *zvipenyu*; uye *moto wacho waipenya*, uye *nomukati momoto* makabuda chiedza.

NdiMwari. Kubva mumoto kwakabuda Chiedza; kwete chiedza chemuchadenga, zvino, Chiedza Chisingaperi.

*Uye zvisikwa zvipenyu zvaimhanya* ndokutsauka (Regai tione)...*zvisikwa zvipenyu zvaimhanya* *zvichidzoka, zvakafanana nokupenya kwemheni.*

*Zvino ndakati ndichitarira zvisikwa zvipenyu izvo, ndikaona vhiri rimwe riri panyika kurutivi rwezvisikwa zvipenyu izvo, nezviso zvacho zvina.*

Mavhiri acho *pakuonekwa kwawo...nomuitirwo wawo akanga akafanana...neruvara rwe...bheriri: ose ari mana akanga akafanana: pakuonekwa kwawo nomuitirwo wawo akanga...rakanga riri vhiri mukati merimwe vhiri.*

265 “Mucherechedzo wazvo ndeupi pano, Hama Branham? Chimbori chii?” Zvinozveva kuti varindi ava—varindi ava vaiva areka yaMwari...Vakanga vari murwendo, vachikunguruka pamavhiri Ezekieri paakavaona; asi Johane paakavaona, vakanga vatosvika panzvimbo yavo chaiyo Kudenga. Areka yaMwari yakanga iri panyika, ichifamba nemavhiri, sezvavaifamba nayo nzvimbo nenzvimbo, zvaireva kuti yakanga ichifamba, vakaitora nzira yose nemurenje uye nzira yose kupinda mutemberi nezvimwe zvakadaro; asi zvino yagamuchirwa kumusoro nokuti zera reChechi rapera, uye yagamuchirwa kumusoro muKubwinya. Maona? Yakamira zvino, kuDenga, neNgirozi dzose nezvinhu zvakaipoteredza. Tinovaona mushure mechinguva vachibvisa korona dzavo uye vachiwira pasi nezviso zvavo vachipa mbiri kwaVari. Maona? Zvaiva varindi vaMwari vemutemberi, veareka.

266 Zvino, rangarirai varindi vaMwari veareka, kana chigaro chetsitsi. Zvino, rangarira. Kuti zvingani, zvakaonekwa naJohane, zvingani? Zvina. Zvingani zva—zvaakaona uyu? Akaonawo zvina, zvekare, Zvisikwa zvipenyu zvina. Zvino, tarisai, vose vaviri vakaona chiratidzo chimwe chete.

267 Uye ina ndiyo nhamba yenyika. Maizviziva here? Vangani vanoziva zvino tisati tapinda mazviri, *ina* inhamba yepanyika? Chokwadi! SavaHebheru vana...Inyika... Inhamba yenyika, ye “rudzikinuro, rudzikinuro.” Zvino,



zvichengetei mupfungwa dzenyu, “rudzikinuro,” nokuti ndicharova pazviri, muchinguvana, zvakasimba kwazvo. Munoono, “Rudzikinuro!” Zvino, paiva nevana vatatu vechiHebheru mubiravira remoto, asi Wechina akauya, rwaiva rudzikinuro. Razaro akanga ari muguva kwamazuva matatu, asi rechina parakasvika akadzikinurwa. *Ina* inhamba yaMwari ye “rudzikinuro,” saka zvakaraidza kuti Zvisikwa izvi zvinofanira kunge zvaiva chimwe chinhu pamusoro penyika.

<sup>268</sup> Ndinovimba hamusati manyanya kunzwa nenzara zvino. Ndinovimba kuti nzara yenyu yepamweya iri pamusoro zvishoma—zvishoma pane yenyu yepanyama zvino. Maona? Zvakanaka.

<sup>269</sup> Zvino, cherechedzai, “Zvine maziso” (muna Ezekieri muno umu) “pamberi neshure nemukati.” Ngatingozviverengai izvi. Tarisai pano, munoono. Munoono muno umu, ndinotenda kuti zvaitaura nemuno umu, “zvipuka,” zviso zvina, zvakaaita sechapungu, namapapiro, azere nameso kunze, mukati. Tarisai pano:

Zvino zvipuka *zvina izvi* uye chimwe nechimwe chazvo chakange chine mapapiro matanhatu pachiri; . . .

<sup>270</sup> “Uye zvakabhururuka,” nezvimwe zvakadaro, “uye zvakanga zvine meso kunze, mukati, neshure.” Zvaitaura nezvehungwaru hwazvo. Zvaiziva zvakambenge zviripo, zviripo, nezvichazovapo; nokuti zvakanga zviri chaipo paChigaro, pedyo kwazvo zvekuti zvakanga zvisitombori vanhu. Varindi vemutemberi, kana kuti, kwete varindi vemutemberi (Varindi vemutemberi, zviuru zana zvinamakumi mana nezvina.), asi uyu murindi wechigaro chetsitsi, varindi veChigaro choushe, Chigaro cheushe, pedyo-pedyo pana Mwari, “Zvisikwa zvipenyu,” chinhu chinotevera kuna Mwari, zvimire ipapo. Kungwara kwazvo, zvinoziva zvaivepo, zviripo, zvichazovapo. Zvaiva ne “maziso kunze,” zvichiratidza zvazvaigona kuona, zvaizouya; “maziso mukati,” zvinoziva zvose zvino; uye “maziso kumashure,” anoziva zvaivapo shure. Zvakanga zviripo, zviripo, zvichauya, zvichiratidzwa nemumazera ekereke “Uyo Akanga aripo, Uyo Aripo, uye AchazoUya; Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.”

<sup>271</sup> Zvibatei zvino. Isu tichafamba nechinhu ichocho nepabhodhi mumaminiti mashoma. Zvitarisei. Zvino, kweminiti.

<sup>272</sup> Zvinoratidza hungwaru hwazvo, uye zvakaraidza kuti zvaiziva, zvinoziva. Zvaiziva zvose zveramangwana nezvazvino nezvakapfuura, nezvose pamusoro pazvo!

<sup>273</sup> Uye nezvazvo . . . Zvaisamboneta. Zvakanga zvisingamboneti. Hazvaigona kuve chimwe chinhu chinobatanidzwa nemunhu, anoneta. Asi izvo hazvaineta,

zvaimba “Mutsvene, mutsvene, mutsvene! Mutsvene, mutsvene, mutsvene! Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba! Mutsvene, mutsvene, mutsvene!” zuva rose neusiku hwise nemuzera rose. “Mutsvene!”

<sup>274</sup> Ngatidzokerei kumashure kweminiti. Ngatidzokerei, ndine Gwaro mupfungwa, Isaya 6, nekukasika. Tarisai! Isaya akaona zvimwe chetezvo chaizvo.

<sup>275</sup> Chiratidzo chose chaJehovha . . .Ndizvo zvandiri kutaura. Kana zviratidzo zvatinazvo nhasi zvisiri izvo chaizvo zviratidzo zvenuBhaibheri, saka zvakatsveyama. Kana zvikaratidza, kana kuti, chero chizaruro zvacho chinoratidza Mwari sechimwe chinhu chisiri zvaVagara vari, chizaruro chisiri icho. Chechi yose yakavakirwa pachiri, Mateo 17.

<sup>276</sup> Ngationei, Isaya, chitsauko 6. Muporofita wechidiki uyu akanga akazembera pamaoko amambo wakanaka, uye akanga amutengera mhando dzose dzembatya dzakanaka. Uye akanga ari muporofita, uye akafamba zvakanaka kwose uko . . .Asi rimwe zuva mambo akafa, saka aitofanira ku—aitofanira kuzviriritira pachake. Saka akadzika zasi kutemberi kunonamata. Nokuti akatanga kubuda achibva paiva nenzvimbo yamambo ipapo, zvino, kuti awane . . .Mambo wakare akanaka aive munhu mutsvene akanaka. Asi akabuda ndokuona mararamiro aiita vanhu, saka akadzika mutemberi. Zvino, teerai.

*Mugore rokufa kwamambo Uziya ndakaonawo Ishe agere pachigaro choushe, chirefu chakakwirira, uye mipendero yenguwo dzake ichizadza temberi.*

<sup>277</sup> Kubwinya! Chii “Mipendero yenguwo dzaKe”? Hezvoka izvo, “Ngirozi, Zvisikwa,” mipendero yaKe yaiMutevera. Mupendero ndiwo unotevera kumashure, maona?

*. . . mipendero yake yakazadza temberi.*

*Zvino kumusoro kwacho kwakanga kumire maserafimi: uye imwe neimwe yadzo yakanga ina mapapiro matanhatu; namaviri yakafukidza chiso chayo, . . .namaviri yakanga yakafukidza makumbo ayo, uye namaviri yakanga ichibhururuka nawo.*

*Zvino imwe yakadanidzira kune imwe, ichiti, Mutsvene, mutsvene, mutsvene, ndiye JEHOVHA wehondo: nyika yese izere ne . . .kubwinya.*

*Zvino mbiru dzemukova dzazununguka nenzwi rewakanga achidana, imba ikazadzwa noutsu.*

<sup>278</sup> Zvangu! Oo, ini zvangu! Zvinoratidza kuti zviratidzo izvi zvakangofanana kune mumwe nemumwe wevarume ava. “Mutsvene, mutsvene, mutsvene!” Haaneti, siku nesikati, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha!”

279 Ngatidzokerei shure kweminiti zvino, kuti tive nechokwadi chokuti tawana machinda aya zvakanaka. Kekutanga pakataurwa nezvevarindi ava, manga muri muna Genesi. Zvino, rangarirai, zvose zvatino-paridza zvinofanira kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa. Chero nguva yaunoda kubvunza, huya undibvunze. Maona? Rinofanira kunge riri Bhaibheri rose, kwete chikamu charo chete, nokuti Mwari havashanduke! ZvaVaiva muna Genesi, ndizvo zvaVari nhasi, nezvaVakanga vari muzera repakati. Vanogara vangori zvimwe chetezvo! Maona? Zvino, muna Genesi, apo maKerubhi aya... Ndiwo mawaniro andakaaita, ndakatozodzokera kuti ndinzwe kuti aiva chii pakutanga.

280 Ngativhurei kuna Genesi 3:24, kwechinguvana zvino. Genesi, chitsauko 3 ndima 24. Munozvida here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka. Zvino, ngatitangirei neche pandima 22. Ndi—ndinongozvida Izvi! Ichi chimwe chinhu chandinongoda kuisa pano, kungowedzera zvishoma, asi zvinogona kuita zvakanaka zvakanaka rimwe zuva.

*Zvino JEHOVHA...akati, Tarirai, murume ava...  
mumwe wedu,...*

281 Zvino, hanzvadzi dzangu dzine rudo uye dzakakosha uye dzinodikanwa (Regai ndizvitaure sezvizi.), musafunga kuti ndiri kuisa pfungwa isiriyo pa—pakutendeseka nepadombo renyasha, rakakosha rechishongo chehudzimai. Ndiri kuedza kuratidza pano icho mudzimai... Ndapota! Uye kunemi muri patepi, imi madzimai muchange muchiteerera kutepi iyi, handisi kuedza kukuzvidzai, ndingori muranda waShe kuti ndiunze Chiedza. Chinhu chakaderesa uye chisina hunhu uye chakasviba vakanyanisa panyika mukadzi kana akaipa. Uye dombo rinokosha kwazvo riripo kumurume, kunze kworuponeso rwake, mudzimai akanaka. Uye ndiri kutaura kune vakaderera, vasina hunhu, vakazvidzikisira. Zvino ndiri kuzukuratidzai pano patinenge tiri pazviri, ndochitongokuratidzai kuti sei ini...kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti vakadzi varege kuva vaparidzi, vafundisi, vadzidzisi, kana chero chimwe chinhuwo zvacho muchechi. Zvino, ingoteerera kune izvi:

*Zvino JEHOVHA...vakati, Tarirai, murume ava...  
mumwe wedu, (zvino, haAna kumboti mudzimai ava  
mumwe wedu, “murume ava mumwe wedu.”)...uye  
anoziva chakanaka nechakaipa:... (Mukadzi haana;  
akanyengerwa. Muri kuzviona here?)*

282 Zvino, Pauro akati, “Handitenderi mukadzi kuti adzidzise kana kuti ave nesimba, asi...nekuti Adhamu wakatanga kuumbwa zvino tevere Evha. Uye Adhamu haana kunyengerwa, asi mukadzi ndiye akanyengerwa.” Saka haana kuzova mumwe waMwari. Hapana mutsauko waaiziva, akanyengerwa.

Mazvibata here? Kana mabata, itai “Ameni,” saka ndi... [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

... JEHOVHA... akati, Tarirai, murume ava... mumwe wedu, zvaanoziva zvakanaka nezvakaipa: zvino kuziva... uye zvino, angatambanudza ruoko rwake, akatorawo zvomuti woupenyu, akadya, akararama nokusingaperi:

Naizvozvo JEHOVHA... akamubuditsa mubindu reEdheni, kuti arime ivhu raakatorwa kwariri.

Naizvozvo akadzanga munhu; akaisa makerubhi kurutivi rwamabvazuva rwebindu reEdheni, nemunondo waibhururuka... nemunondo waibvira moto waitenderera kumativi ese, (Munoono zvipuka zvina? Pane nzira ina chete dzamungaenda nadzo, munoono: kumabvazuva, kuchamhembe, kumadokero, nekumaodzanyemba. MaKerubhi aya aiva nemunondo waibvira moto pagedhi rebindu...) kurinda nzira yomuti woupenyu.

<sup>283</sup> Nokuti kana munhu akatongobata Muti woUpenyu, zvino aizorarama nokusingaperi.

<sup>284</sup> Zvino Makerubhi aya, akatanga kutaurwa, akaiswa pasuwo rokumabvazuva rebindu, achifamba nenzira ina. Ndaifanira kunge ndazviita zvakati siyanei zvishoma kubva pane izvozvo; Handikwanise kuita zvakarurama kumirairo yaMwari pamwe nezvinhu zvakadaro, asi nda—ndango... kuti muzive zvandiri kureva. *Hero* bindu reEdheni. Zvino iri ndiro gedhi riri *pano*, rinovhurika pano apa, rinovhurika richibuda, uye pagedhi iri pakanga paine maKerubhi. Makerubhi! Uye, rangarirai, hariti “Kerubhi,” rakati “maKerubhi.” Makerubhi akaiswa ipapo kuti arinde Chii? Muti woHupenyu. NdiYo yaaifanira kurinda, Nzira yeMuti weHupenyu. Nzira, ndiAni Nzira? [Imwe hama inoti, “Jesu.”—Mupepeti] Zvinoratidzwa kubva kupi? *Heino* nzvimbo tsvene, *heano* maKerubhi.

<sup>285</sup> Zvino, tarisai, nyorai zvose izvi pasi. *Heino* Tsvene—Tsvene... iyi inZvimbo tsvene-tsvene, Nzvimbo tsvene-tsvene, *iyi* ndiyo nzvimbo tsvene, uye *herino* gungwa, uye *heano* makenduru emwenje, manomwe anoratidza Chiedza chinobva *muno*, *umu*, *umu*, *umu*, *umu*, *umu*. Maona? Chii chaari kuratidza? Ari kurinda nekuratidza neMoto waMwari Nzira inoenda kuMuti weHupenyu. Munoono, haugoni kubva *kuno*, seminari yePresbyteriani kana seminari yePentekosti, unofanira kubva *Muno*, uchiratidza Chiedza. Zvakanaka.

<sup>286</sup> Munocherechedza, aya—aya maKerubhi aya akaonekwa naJohane pano anofanira kunge aiva nechido chekuchengetedza Muti weUpenyu, saka anofanira kunge aine chido nevanhu. Kana kuti verengai Genesi, tichidzokera kuna Genesi zvakare, “Vakachengeta Muti woUpenyu, vakaIrinda, Nzira yeUpenyu.”

Nzira yoUpenyu! Nzira iyi yakadzi? Jesu akati, “Ndini Nzira iyoyo. Ndini Chingwa chiya chakabva kuna Mwari kubva Kudenga. Kana munhu akadya Chingwa ichi, achararama nekusingaperi.” Zvino kune Nzira yekudzokera kuMuti weHupenyu uwu. Mazvibata here?

<sup>287</sup> Zvino, pane izvi, ndinoda kuratidza zvino uye ndizvisimbise: iaritari. Zvino, iyi inofanira kunge yaiva aritari mubindu reEdheni. Ndichakuudza chikonzero nei. Munorangarira here Kaini naAbheri vakauya kuno kuzonamata? Saka izvozvo zvinoratidza kuti aritari yaMwari yakaunzwa ikagara pano pabindu reEdheni, uye nzira chete yokudzokera kuEdheni ndeye kubudikidza nearitari. Hezvinoi zvakare, maona, kudzokera kuEdheni kubudikidza nearitari. Uye vaifanira kuchengetedza nzira ikoko, kuirinda, zvekuti havaikwanisa kudzokerako ikoko kusvikira aritari iyi yafukidzwa neropa.

<sup>288</sup> O Mwari, vanhu havangagoni kuzviona here izvi? Munoono, hapana chimwe kunze kweRopa! Panofanira kuva neyananiso, chigaro chetsitsi ipapo, aritari iyi yokutonga inofanira kuva chigaro chetsitsi; uye kana aritari iyi, kana Ropa rabviswa, pachamira paZuva iroro rekutongwa moto wehasha dzaMwari kuti uchengetedze Muti iwoyo zvakare. Chinhu chimwe chete chichapinda musuwo iri reEdheni zvakare, chichava chinopfura nemuRopa raJesu Kristu. Mazviona here?

<sup>289</sup> Zvino, cherechedzai. Hongu, zvino Kaini...Oo, *heuno* Kaini; zvakare *heuno* Abheri, Abheri. Zvakanaka. Zvino, vese vakomana vaviri vanouya kugedhi iri kuzonamata. Ndizvo here? Saka inofanira kunge yaiva iri aritari yaMwari. Ndizvo here? Uye pamberi pearitari iyi vakavaka imwewo inotsiva, imwe aritari. *Hepanoi* aritari yaMwari yechokwadi, iri mumoyo wemunhu. Zvakare pane imwe aritari zasi *kuno*, iyo yaimiririra Nzvimbo tsvene-tsvene munzvimbo tsvene.

<sup>290</sup> Oo! Oo! Ndiri kunzwa sokuda kutaura nendimi. Oo, ini zvangu, Kubwinya kwe...Hamuone here kuti Zvakakwana? Ingocherechedzai! Oo, chikonzero chandataura kudaro, ndechekuti handikwanise kuwana mazwi akakwana mumutauro wangu weChirungu kuti nditsanangure manzwiro angu. Maona, chimwe chinhu chinofanira kuratidza.

<sup>291</sup> SeHama Rowe, mumiririri weMutungamiri wenyika... vanenge vana kana vashanu Vatungamiri wenyika vakasiyana, vakati, “Oo, Hama Branham, humwe husiku ndakauya kumusangano.” Vakati, “Ndaisaziva zvekuita,” vakati, “ndakamira panze ipapo.” Uye vakati, “Oo,” vakati, “ndakada Jehovha upenyu hwangu hwose.” Vakati, “Ndaive mu” (Ndinofunga) “muEpiscopalian.” Vakati, “Uye ndaifunga kuti ndaisaziva Ishe.” Vakati, “Zvino humwe husiku ndakatarisatarisa, ndakanga ndisingazivi zvekuita.” Vakati, “Ini—ini ndaisada kupinda kunyangwe hazvo, asi” vakati, “ndakanzwa

Shoko richiuya. Oo, Rakatanga kuuya.” Vakati, “Ndakatanga kufamba ndichikwira nekudzika kunze kwetende, ndichifamba ndichienda kumberi nekudzoka,” ndokuti “chaizvo handina kukwanisa kumirira kusvika pamusiwo, ndakakambaira nepasi paro pakadanirwa kuaritari, ndikamhanyira kuaritari ndikawira pasi, ndikati, ‘Ishe, ndiri mutadzi!’” Ndokuti, “Ipapo Vakabva vandizadza neMweya waVo Mutsvene.”

<sup>292</sup> Ndokuti, “Ndinogona kutaura mitauro misere yakasiyana,” nekuti iye mumiririri wenyika. Maona? Ivo vari...ivo vari mune...ivo—ivo mu—mumiririri weMutungamiri wenyika, uye...kwese kubva kuna Woodrow Wilson zvichidzika. Ivo mumiririri kune vese Vatungamiri venyika vedu, mumiririri wenyika dzekunze, vanogona kutaura chero mutauro wekunze. Vakati, “Ndinonyatsoziva mutauro wese wakanyorwa pasi rose.” Asi vakati, “Ndakanga ndizere nekubwinya zvekuti handina kukwanisa kushandisa chero mumwe wayo kuMurumbidza, saka Ishe vakandipa mutsva kubva Kudenga kuti ndiVarumbidze nawo.” Oo! Ooo! Hezvoka izvo.

<sup>293</sup> “Kurinda gedhi iri.” Kaini naAbheri vakauya kuno kuzonamata. Saka inofanira kunge yaiva aritari yaanochengeta. Ndizvo here, maKerubhi aya?

<sup>294</sup> Chimwe chinhu, cherechedzai hepano humwe humbowo. Kaini...Tarisai Bhaibheri zvino! Ndinoda kuti muvhure kwariri, asi zvi...hazvina basa, munozviwana muna Genesi. Zvakanaka, tarisai. Kaini akabuda, Kaini akabuda kubva muhupo hwaShe achibva pasuwo rebindu. Saka Hupo hwaShe hunofanira kunge hwaiva paaritari, uye aritari yakanga iri pagedhi. Kubwinya! Oo! Zvakanaka. Inzvimbo yehugaro hwaMwari, paaritari yaVo. Zvino, Kaini akabva muHupo hwaShe, kubva panzvimbo iyi. Munoda kuzvinyora pasi? Genesi 4:16, kana muchida kuzvinyora pasi. Zvino, zvino, mave nazvo zvose nhai, ndizvo, mazvinyora pasi here?

<sup>295</sup> Zvino, ndine chimwe chinhu chandiri kuda kudhirowa pano kweminiti. Ndinongovimba kuti hapana bhinzi dzenyu dzichatsva, kana chimwe chinhu pane chenyu...Zvino, cherechedzai...Regai dzitsve, zvakangonaka, dzichangoparara zvakadaro. Ngati—ngatifungei zvepano, izvi ndizvo—izvi ndizvo zvinhu zve—zvehokwadi.

<sup>296</sup> Mosesi akatorwa ndokukwira Kudenga, Mosesi, akatorwa kubva panyika akakwidzwa Kudenga ndokuona aritari yaMwari. Ndizvo here? Ndiri kuedza kuratidza pfungwa yangu pano. Munoziva zvandiri kuedza kuita, handiti? Zvakanaka. Akakwira muHupo hwaMwari. Uye paakaburuka kubva muHupo hwaMwari, akati, Mo-...Mwari vakati kuna Mosesi, “Ita zvinhu zvose zviri panyika zvakafananidzirwa neDenga.” Ndizvo here? Zvakanaka.

<sup>297</sup> Zvino, paakaita izvozvo, paakagadzira Areka yesungano, akaisa makerubhi maviri kuti arinde areka. Munoono kuti chii? Yaiva temberi . . . yaiva aritari, varindi veChigaro choushe. MaKerubhi maviri, Vakati “Uaumbe nendarira woaisa mapapiro awo akabatana sezvizi,” nekuti ndizvo chaizvo zvaakaona Kudenga.

<sup>298</sup> Ndzivo chaizvo zvakaonekwa naJohane Kudenga, makerubhi aya mana aiva pamativi mana eareka yeChigaro cheushe chiri Kudenga. Ndiwo aiva varindi veareka. Makerubhi, varindi pachigaro chetsitsi.

<sup>299</sup> Kana muchida kuverenga Gwaro iroro (hatina nguva yekuenda kwariri), nyorai pasi Eksodho 25:10 kusvika 22.

<sup>300</sup> Zvino, anochengeta chigaro chetsitsi kana Mwari vari muKubwinya kwaVo kweShekaina. Kubwinya kweShekaina kwaiva kupi? Pachigaro chetsitsi. Ndzivo here? Anorinda iko Kubwinya kweShekaina. Hmm! Fiyuu! Teererai, shamwari! Zvino zvinobva zvaratidza kuti nhunzvatunzva dzese hadzikwanise kuuya ikoko kuzitora kubva maTri. Unofanira kugadzirira usati wauya muHupo hwaYo.

<sup>301</sup> Tarisai kuna Aroni, mumufananidzo. Kumashure . . . Zvino, rangerirai, ungoro mumazuva iwayo yaisatombosvika pairi nenzira ipi zvayo. Asi Aroni paaipinda . . . Kanganani kaaipinda maTri? Kamwe chete pagore. Ko akaita sei . . . ? Aifanira kupfeka dzimwe mbatya, dzaive dzakagadzirwa nemamwe maoko, imwe mhando yakatsaurwa yembatya. Aifanira kunge akapfeka nenzira iyoyo. Aiva nedamba nebhero, rekuti pese paafamba rairira “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha.” Akanga achiswederwa kuchigaro chetsitsi, aine ropa.

<sup>302</sup> Uye aifanira kuzodzwa neimwe mhando yemafuta, aine zvinonhuwira zveimwe mhando yemafuta anonhuwira akagadzirwa nerozi reSharoni. Zvino Jesu ndiye akanga ari Rozi riya reSharoni. Uye, cherechedzai, rozi chinhu chakanaka kwazvo, rine mafuta anonhuwira mariri. Asi mafuta anonhuwira asati abuda, rozi rinofanira kukuyiwa, uye ipapo mafuta anonhuwira anosvinwa kubva murozi. Jesu, muhupenyu hwaKe, ndihwo hwakanga huri hupenyu hwakanakisa hwati hwamborarama; asi haAigona kuramba akadaro, nokuti Aifanira kuzodza Chechi yaKe (kuti isvike paHutsvene hwaKe), saka hupenyu hwaKe hwakasvinwa. Zvino Mweya Mutsvene mumwe chete wakanga uri paAri unoiswa paChechi, uye VanoMuita mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi, Rozi reSharoni, mafuta anonhuwira acho. Munhu ari kusvika muNzvimbo tsvene-tsvene iyi anofanira kuzodzwa neMweya Mutsvene mumwe chete. Uye paanofamba, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna . . .” (Kwete nendudu mumuromo make.) “Mutsvene!” (Kwete nekora yake yakatendeudzwa.)

“Mutsvene, mutsvene, mutsvene,” wakapfeka hutsvene hwaJesu Kristu. Hmm! Munoshamisa kwazvo! Oo!

303 Zvino, “chigaro chetsitsi.” Zvino, chigaro chetsitsi chiri mumoyo, chigaro pane kupenya kweKubwinya kwaKe—kwaKe muvana vaKe vese, Kubwinya kweShekaina mumoyo wemunhu. *Heuno* moyo wemunhu. Ndizvo here? Ndicho chigaro chetsitsi here? Unopfura sei uchipinda mune iZvo uchipfura nemuhurongwa uhwu hwakasiyana-siyana? Kuburikidza nekuda-kwako, kuda-kwako. Unopinda *umu*, uye wopfura *neumu*, kwobuda *chii*? Kubwinya kweShekaina. Chii—chii chinonzi Kubwinya kweShekaina? Hupo hwaMwari. Zvino kana murume achifamba, kana mudzimai, ari kuratidza Kubwinya kweShekaina. Haapinde munzvimbo dzekunobheja ne—nekungoenderera, uye oenda kunze kuno achiramba Shoko. Hazvinei kuti vanhu vanoti kudii, ane moyo wake wakateiwa pachinhu chimwe chete: Mwari. Uye kana akadanwa naMwari zvechokwadi zvino Jesu Kristu anoZviratidza kuburikidza nemaari neKubwinya kweShekaina, achiita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita kumashure uko; kuratidza Evhangeri imwe chete, kuparidza Shoko rimwe chete, Shoko rimwe chete richiratidzwa nechiyero chimwe chete charaiva kareko, sezvazvaive chaizvo paPentekosti zvinoyerwawo zvakare. Oo, ini zvangu!

304 “Chigaro chetsitsi.” Ezekieri naJohane vese vaviri vakaona zvinhu zvimwe chete. Zvino, cherechedzai, zvino tave kuda kusvika kumagumo, munguva pfupi. Zvino, pano ndipo pandinoda kuti mubate chimwe chinhu. Oo, ndapota musazvipotsa! Zvino, vangani vanoziva kuti maKerubhi aya aive *Zvisikua zvinorarama* kwete zvikara? Aive...hurongwa hwepamusoro.

305 Zvino, Ngirozi inzvimbo yepamusoro kupfuura yemunhu here kana kuti yepasi? Zvakanaka, changamire. Mukuru ndiani, mwanakomana waMwari kana Ngirozi? Mwanakomana waMwari! Ko ndeupi anganzwike naMwari zvakananyisa, Ngirozi yakamira pamberi paVo ichikumbirisa chimwe chinhu, Kana kuti mumwe wenyu mose achikumbirisa? Mumwe wenyu mose! Munoono, nokuti muri vanakomana nevanasikana. Idzo—idzo varanda. Maona? Idzo varanda, uye imi muri vanakomana nevanasikana. Saka munoono kuti mune simba rechinzvimbo rakadii, tinongotya chete kurishandisa.

306 Zvino, ndinoda kuti mucherechedze pano, izvi zvakanaka. Oo, ini zvangu! Regai ndisvike apa ndidarike zvimwe zvacho kuti ndisvike pane zvizvi. Torai mapenzura enyu zvino, izvi ndizvo zvandaida chaizvo kuti mudhirowe. [Hama Branham vanodhirowa pabhodhi—Mupepeti] Ndongunga regai ndizvidupikise zvisioma. Zvino, Israeri murwendo rwayo, pava kadzika musasa, zvino nyatsocherechedzai izvi, vaka dzika musasa: poshi, piri, tatu, ina. (Aiwa, ndinotenda ndavhiringa



apa.) Poshi, piri, tatu; poshi, piri, tatu; poshi, piri, tatu; poshi, piri, tatu; ndiwo maisiro avakaita nawo misasa yavo vakakomberedza chigaro chetsitsi. Uye, ndinoziva, imi mose munozviva, makazviona nekuzviverenga muTestamende Yekare.

<sup>307</sup> Zvino, kudivi rekumabvazuva, divi rekumabvazuva, ipo *pano*, ndichazvinyora pasi kuti muve nechokwadi chekuzvibata. Kumabvazuva, rutivi rwokumabvazuva rwaigara nguva dzose ari Judha. Iri ndiro suwo, J-u-d-h-a, Judha. Uye naJudha...akanga ari mukuru wamarudzi matatu vaine mureza wavo; marudzi matatu nemureza wavo, mureza waJudha. Munorangarira...Vangani vakaona *Mitemo IneGumi, Mitemo IneGumi* yaCecil DeMille? Zvakanaka. Kana kuti, munozviverenga imo muno muMagwaro, muGwaro umo, waro, kwaiva naJudha kurutivi rwamabvazuva. Zvakanaka.

<sup>308</sup> Kudivi rekumadokero, zasi *kuno*, (Zvino nyorai pasi, mozozviverenga chaimo...zviri pana Eksodho, nezvakadaro, pavaibuda.) aiva Efuremu, E-f-u. Uye aive namarudzi matatu nemureza wavo. Zvakanaka, Efuremu.

<sup>309</sup> Zvino, kudivi remaodzanyemba kwaiva naRubheni, R-u-b, aine marudzi matatu, nemureza wavo.

<sup>310</sup> Kurutivi rwokuchamhembe kwakanga kuna Dhani, Dhani namarudzi matatu, namarudzi matatu nomureza wavo. Zvakanaka.

<sup>311</sup> Zvino, ndiyo nzira yavaimisa nayo misasa. Zvino, rangarirai, ngativerengei muGwaro zvino kuti tiwane izvi sezvazviri chaizvo. Ndichatangira shure pandima 7:

Zvino...chipuka *chakanga chakafanana neshumba*, uye *chechipiri...chakanga chakafanana nemhuru*, (kana kuti nzombe diki) uye chipuka *chechitatu chakanga chine chiso sechomunhu*, nechipuka china *chakanga...uye...chipuka chechina chakanga chakafanana* nechapungu chinobhururuka.

Zvino zvipuka zvina *izvi* chimwe nechimwe chakange chine mapapiro matanhatu pachiri; uye *zvakanga zvizere nameso mukati: uye hazvazorori masikati neusiku, zvichiti, Mutsvene, mutsvene...* Ishe Mwari Samasimba, *wakanga aripo, aripo, neachazouya*.

Zvino zvipuka *izvi* pazvakapa kubwinya nokukudzwa nokuvonga kuna *iyeye agere pachigaro choushe*, *iyeye ari mupenyu nokusingaperi-peri*,

*Vakuru vanamakumi maviri navana vakawira pasi pamberi paiye agere pachigaro choushe, vachimunamata iye ari mupenyu nokusingaperi-peri, vakakandira korona—vakakandira korona dzavo pamberi pechigaro choushe, vachiti,*

*Imi makakodzera, O Ishe, kuti mugamuchire  
kubwinya...kukudzwa...simba: nokuti ndimi  
makasika zvinhu zvose, uye nokuda kwenyu  
zvavavapo...zvakasikwa.*

<sup>312</sup> Zvino, manje, chitarisai. Kurutivi rwekumabvazuva—kumabvazuva, akaona chiso chakaita sechii? Mukacherechedza, yakanga iri shumba, S-h-u-m-b-a, ndiwo waive mureza. Ndiwo waive—ndiwo waiva mureza waJudha. Nokuti iYe i...Jesu akabuda kubva mu...Chokwadi! Uye ndiYe Shumba yerudzi rwaJudha.

<sup>313</sup> Zvino, vangani vakamboona hurongwa hwenyeredzi? Vazhinji venyu munoziva kuti chii: nyeredzi. Maona? Ndiro rakava Bhaibheri raMwari rokutanga. Zvino, rinotangira papi, nhamba yekutanga muhurongwa hwenyeredzi, mucherechedzo wekutanga? Imhandara! Ndizvo here? Uye chii wekupedzisira? Leo, shumba. Kuuya kweKutanga neKuuya kweChipiri kwaKristu, kwose kuburikidza naimomo. Vanowana kenza yakachinjika...kana kuti zera rakachinjika rinongori apo hove dzakachinjikana, rinova zera rekenza, uye tinorarama nemariri.

<sup>314</sup> Zvino cherechedzai mupiramidhi paakarivaka, munguva yaEnoki, dombo rose rakanga riri imomo. Vaikwanisa kuyera zvinhu zvacho nemazvo nokutaura nezvehondo nezvimwe. Zvinhu zvose zvakakwana kunze kweDombo rechiruvi. Sei? Makambocherechedza here padhora renyu rebepa? Riburitsei muritarise, chiruvi hachipo pariri. Sei? Harina kumbobvira rakaiswa chiruvi. Kristu ndiye Dombo rechiruvi rakarambwa, Akanga ari Dombo rechiruvi rakarambwa. Ari kudzoka nokukurumidza. Tarirai kuti Chechi iyo, kumashure uko muzera reLutherani, rakapamhama kwazvo zasi uko; zvino rozova nevashoma, richiwedzera hushoma, nekushomekazve kusvikira zvasvika zasi chaiko; mushure mekunge yasiya zera rePentekosti, yobva yanyatsodzika padombo rose kuti rikwane kuzoisa dombo repamusoro ipapo, Chechi ichaunza Jesu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvakangokwana sezvazingave!

Zvino, Akanga ari Shumba yerudzi rwaJudha.

<sup>315</sup> Zvino, ani nani akamboverenga Bhaibheri anoziva nhamba yaDhani, kana kuti chii—chii chaiva Dhani...Oo, ndinorevei kuti, hongu, Dan aive chii? Wake, waiva chapungu. Ndizvozvovo. Akanga ari chapungu. Mumwe munhu anga achiverenga Bhaibheri. Akanga ari chapungu.

<sup>316</sup> Zvino, Rubheni ndiye akanga ari munhu. Ndiye akanga ari wekutanga, asina simba paboka rose. Ko Jakobho haana kutaura kudaro here muna—muna Genesi 49? “Rubheni, ndiye wokutanga wesimba rangu; asi semvura, wakakwira panhowo yangu ukasvibisa nhowo yangu,” akavata nomurongo wababa vake. Maona, ndihwo hunzenza hwemunhu. Maona? Mhuka

haina hunzenza, shumba, hapana chimwe chezvinhu izvi chine izvozvo; asi munhu anodaro, kumhanyidzana nemukadzi wemumwe murume zvichingodaro. Kunge... Chingori chinhu chimwe chete, zvese zvapera.

<sup>317</sup> Zvino, ichi zasi uku, *ichi*, Dhani aive chapungu. Uye, *ichi*, Rubheni chaiva chiso chomurume. Uye Efuremu inzombe. Zvino, mabata mufananidzo wacho here ipapo? Efuremu... Ndiyo nzira yavaimisa nayo misasa, muBhaibheri.

<sup>318</sup> Zvino, kana mukacherechedza, Dhani ndiye musoro wamarudzi matatu, Judha ndiye musoro wamarudzi matatu, Rubheni ndiye musoro wamarudzi matatu, uye Efuremu ndiye musoro wamarudzi matatu. Zvitatu zvakapetwa kana zvinotipa gumi nezviviri, marudzi gumi nemaviri eIsraeri. Maona, rimwe nerimwe rine mureza waro; mureza waJudha wakanga uri shumba; mureza waRubheni, munhu; mureza waEfuremu, inzombe; mureza wa—wa—waDhani chakanga chiri chapungu.

<sup>319</sup> Zvino, tarisai shure pano zvakataurwa naJohane, “Mumwe aive nechiso...” Ngativerengei pano zvino, tingoona kana zvisiri izvo zvakafanana nezvakanga zvakaita kuDenga:

... chipuka *chekutanga chakanga chakaita seshumba*, (Judha)... chipuka *chchipiri chakanga chakafanana nemhuru*, (ndiyo nzombe diki) ... chipuka *chchitatu chakanga chiri chiso chomunhu*, uye chipuka *chchchina chaive*... chapungu chinobhururuka.

<sup>320</sup> Maisirwo chaiwo akaitwa misasa namarudzi aIsraeri, vachichengetedza, ndivo varindi vepanyika vekodzero kuareka. Oo, Hareruya! Hamuzvione here?

<sup>321</sup> Hepanoni! Tsitsi, c-h-i-g-a-r-o c-h-e-t-s-i-t-s-i, “chigaro chetsitsi.” Hapana chaigona kusvika pese pairi chisina kudarika napamarudzi iwayo. Kudarika chii? Shumba; kudarika munhu, huchenjeri hwemunhu; nokudarika bhiza rebasa, senzombe; kana kudarika chapungu, kumhanya nokukasika kwacho. Maona? Denga, nyika, pakati, nekwakapoterredza; maona, vaive varindi. Uye pamusoro pacho paive neShongwe yeMoto. Hama, hapana chaibata chigaro chetsitsi chiya pasina kusvika... .

<sup>322</sup> Uye chinhu choga chaigona kusvika pachiri chaive kuburikidza neropa. Aroni aipindamo kamwe chete pagore neropa. Zvino muri kuzviona here? Zvino, tarisai. Musoro wega-wega wamarudzi matatu anorinda chigaro chetsitsi, chigaro chetsitsi cheTestamende yekare. Zvino, mazvinyora here izvozvo pasi, mese? Zvino, hechino chitsva, hama. Teererai kune izvi, tobva taenda. Zvino, rangarirai, ndivo vaiva varindi veTestamende Yekare. Vangani vakambozviverenga muBhaibheri, munoziva kana zviri izvo? Munoono, ndivo varindi veTestamende Yekare.

<sup>323</sup> Zvino tave kurarama mune rimwe zera. Kubwinya! Oo, ndinoda zera rino! Hamuridewo here? Zvino, Mwari vane

chigaro chetsitsi nhasi chinoda kurindwa. Munozvitenda here izvozvo? Chigaro chetsitsi chinowanikwa kupi? Mumoyo wemunhu. Chakaura papi mumoyo wemunhu? Pazuva rePentekosti apo Mweya Mutsvene (unova Mwari) wakapinda mumoyo wemunhu. Ndizvo here? Zvino, ngatizvinyorei izvi pasi apa, uye mogadzirira kuzvidhirowa kana muchida. Pentekosti, P-e-n-t, ndichaisa Pentekosti. Ichi ndicho chigaro chetsitsi, Mweya Mutsvene. Toisa muno...Ndokuudzai chii, kuti zvinyatsova zvakakodzera, ngatiisei pano “Njiva” inoreva kuti...shiri, maona. Zvakanaka, kuchengetedza chigaro chetsitsi, zvino Mwari vane varindi vechigaro chetsitsi here nhasi? Zvino izvo...Zvino, tarisai kunaka kwemadhirowerwo azvo.

<sup>324</sup> Ndakange ndakagara hangu rimwe zuva ndikaona izvi, ndakabva ndangosvetuka ndokumhanya ndichitenderera nokutenderera-tenderera cheya, ndichiti, “Kubwinya! Kubwinya! Kubwinya! Kubwinya,” ndichitenderera, ndichitenderera. Charlie, ndinotoita zvakanyanya kupfuura zvandinoina mumasango imwe nguva. Hanzvadzi Nellie, kana ndikaita saizvozvo, munondidzinga mumba menyu nokukasika. Huh? Oo, ndakangova nenguva yakabwinyiswa. Zvino, tarisai kuti chaive chii, zvakaitwa naShe.

<sup>325</sup> Zvino, Pentekosti, mushure mePentekosti, vakanyora Bhuku re (Chii?) Mabasa eMweya Mutsvene, M-a-b-a-s-a. Ndizvo here? Mabasa anotanga nei, chinhu chekutanga kupinda muruponeso? Mabasa 2:38. Hechino chekupedzisira, kuvapo. Ndizvo here? “Vose vakazadzwa neMweya Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi. Ipapo Petro akasimuka akavaparidzira mharidzo. Vakati, ‘Tingaita sei? Tichapinda sei mazviri?’ Akati, Mabasa 2:38, ‘Tendeukai, mubhabhatidzwe mumwe nemumwe wenyu, Zita raJesu Kristu.’”

<sup>326</sup> Zvino, rangarirai, Mwari vane varindi vechi—vechigaro ichi chetsitsi. Ndechipi chigaro ichi chetsitsi chavanorinda? Zvakanaka. M-a-t-e, Mateo, kumabvazuva; Ruka, Ruka; Marko; naJohane. Ese maEvhangeri avo mana anosimbisa Bhuku raMabasa rinouya, anorichengetedza nenzira yese yaungada kuriona nayo.

<sup>327</sup> Ngatingotorai rimwe chete, rimwe chete bedzi, hatina nguva. Ndine makumi maviri kana kupfuura akanyorwa pano, asi ngatingotorai rimwe chete pachidzidzo ichi cheruponeso. Tichawana nguva yekunamata here? Kwete, yave one o'clock, saka ndinofungidzira kuti hatizoiwana kunze kwekunge mese muchida kunamatira vanorwara. Zvino, ndine...ndine nguva yakawanda. Maona? Zvakanaka.

<sup>328</sup> Zvino, cherechedzai izvi! Mateo, Marko, Ruka, naJohane, chii ichocho? Nhamba yepanyika, yemaVhangeri, mana. Zvakanaka, cherechedzai.

<sup>329</sup> Zvino, Mateo 28:19. 28, zvino, ndipo pamuri kuenda imi hama dzevehutatu, 28:19. Zvakana. Mateo, pachikamu chokupedzisira chechitsauko, akati, “Endai naizvozo, mudzidzise marudzi ose, muvabhabhatidze muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene”; asi Pentekosti ndokubva yauya, zvino Petro Petro ndokuti “Tendeukai, mubhabhatidzwe nemuZita raJesu.”

<sup>330</sup> Pane chatsveyama ipapo. “Mateo, ndiwe here murindi uya wesuwo rekumabvazuva?”

<sup>331</sup> Suwo rakadii? Suwo chii? Jesu. Jesu akati, “Suwo rakamanikana.” Ndizvo here? Panoperengerwa here... Panoperengerwa sei, k-u-m-a-n-i-k-a-n-a kana k-u-t-w-a-s-u-k-a? *K-u-m-a-n-i-k-a-n-a* zvinoreva “mvura,” “mvura ndiro suwo.” Unopinda sei? “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu mubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu,” zvinokiinura masuwo. Eyi! Fiyuu!

<sup>332</sup> “Oo, asi, Hama Branham, muna Mateo 28:19 zasi uko.” Ndizvozo chaizvo. “Asi, Mateo, ndiwe murindi waro here?”

“Chokwadi, ndini murindi waro akazara.”

<sup>333</sup> Zvino tora Mateo 1:18 uone zvainotaura, uone kana ichirinda—ichirinda izvi. Onai kana Mateo 1:18 iri kurinda Mateo 1...28 naMabasa 2:38. Onai kana ichirinda ipapo!

*Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva sekudai: . . .*

“Hevano! Mwari Baba, Mwari Mwanakomana, Mwari Mweya Mutsvene,” vanoedza kutaura kudaro.

*. . .kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva sekudai: Apo . . .mai vake Maria vakanga vatsidzirana naJosefa, vasati vasangana, akaonekwa ava nemimba yoMweya Mutsvene.*

Upi wacho? Izvi zvinovaita vose vaviri Mumwe!

*Uye izvi zvaka . . .zvose . . .zvakaiva, kuti . . .Uye tarira, . . .*

*Zvino Josefa murume wake, zvaakanga ari munhu wakarurama, . . .asingadi kumunyadzisa paruzhinji, wakafunga kumuramba nenzira iyi.*

*. . .tarira, mutumwa waShe, achiburuka, ndokuuya paari (Munoziva.) ndokuti, Josefa, Mwanakomana waDhavhidhi, usatya kutora Maria mukadzi wako: nokuti icho chakagamuchidzwa mukati make ndecheMweya Mutsvene. (Maona?)*

*Uye achazvara Mwanakomana, . . .vagogumutumidza zita rinonzi JESU: . . .*

*Izvozvi . . .zvose . . .zvakaiva, kuti zviitike . . . nomuporofita, . . .*

Izvo, *mhandara* ichabata pamuviri... (Isaya 9:6)...  
*mhandara* ichabata pamuviri, uye... *ichazvara*  
*mwanakomana*, uye *vachatumidza zita rinonzi*...  
 [Ungano inoti, “*Emanueri*.”—Mupepeti]

334 Anoririnda here? “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, izvi zvoga: madunhurirwa eZita rimwe chete iroro. Saka murindi anomira ipapo kuti aritsigire. Mazvibata here? Oo, ini zvangu! Zvino, vangani vanozviziva izvozvo? Hezvinoi izvi! Murindi.

335 Zvino, ngatingo...Ndine mamwe akawanda eruponeso, kutora mamwe aya. Asi zvino kana tichizova nemutsara wekunamahirwa muchinguvana, kwemaminiti angangoita gumi ngatimboedzai chimwewo chinhu pano kweminiti. Ngatitorei mamwe Magwaro zvino. Ndakazvinyora papi? Hepanoi paari. Zvakanaka.

336 Zvino ngatitorei tione kana Mateo kumusoro kuno zvino achizorichengeta kuitira kupodza kwaMwari. Torai mapenzura enyu nezvimwe zvino, muri kunyora here izvi pasi? Zvakanaka. Muone kana Mateu achipatsanura... achizoririnda. Ngatitorei Mateo 10:1.

337 Ngatitorei tione kana Johane...rimwe chete kana maviri, ngatitorei maviri, kana rimwe chete kana maviri ezvimbori iwo aya, Johane 14:12, na15:7.

338 Tione kana vari kurinda kupodza kwaMwari vakakomba Chigaro chaMwari choushe! Marko 16, Marko 11:21 na22.

Ruka 10:1 kusvika ku 12, uye Ruka 11:29 kusvika ku 31. Ngationei mashoma awo, tione kana vachirinda, tione kana vachichengetedza kodzero yekupodza kwaMwari zvimwe chete sokurinda kwavanoita suwo rerubhabhatidzo muZita raJesu. Tinogona kuzvitora tichipfuura nemune rimwe nerimwe rawo. Ndizvozvo.

339 Zvino ngatimboedzakerai tione Mateo 10:1. Ingozarurai kumashure zvino kuti ti...uye tichazovhara mune mamwe maminiti mashanu, gumi, kana atowandisa, Ishe vachitendera. Zvakanaka, ngatitorei Mateo 10, tione kana Mateo akarinda Mabasa avaapostora.

340 Maifunga kuti—kuti Mwari havaise murindi paShoko raVo? Chionai kana nzombe, shumba, munhu, chapungu zvisina kugara pamasuwo iwaya panyika izvozvi? Heano maVhangeri, maVhangeri mana. Maona? Uye, munocherechedza, nzira yose yaanofamba nayo anoenda akananga mberi. Haapikisane pachawo, anogara rimwe pamwe rimwe. Maona? Mumwe anoenda nohungwaru hwomunhu; mumwe wacho anoenda nokumhanya kwechapungu; mumwe wacho mufundisi... Mumwe muevhangeri, kubhururuka semuvhangeri, maona; mumwe wacho mufundisi; mumwe wacho akadzikama; mumwe wacho akangwara. Munoono, rakarindwa kumativi ose, Mwari

vachirinda Vhangeri iri roMweya Mutsvene! Ritende, hama! Zvakanaka.

<sup>341</sup> Zvino ngatitorei Mateo 10:1.

*Zvino wakadanira kwaari vadzidzi vake vanegumi nevaviri, akavapa simba . . . (Hmm!)*

Vakaungana muimba yepamusoro,  
Vose vachinamata muZita raKe,  
Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene,  
Zvino Simba rokushumira ndokuuya;  
ZvaAkavaitira zuva iroro  
Anokuitirawo zvimwe chete,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

<sup>342</sup> Oo, ingonyaradzai mwana kweminiti zvino. Ingoteerera, nyatsoteerera:

*. . . uye akavapa simba pamusoro pemweya yetsvina, . . .*

<sup>343</sup> Vafundisi vazhinji vanongorega mweya yetsvina ichigara muhechi make; mapfekero emadzimai, maitiro, mapati emakasa, mitambo yemadhaiza, madhanzi, zvirairo zvemasupu, zvese . . . Oo, nhai vedu!

*. . . pamusoro pemweya yetsvina, nekuibuditsa, nekuporesa kurwara kwose nemhando dzose dzehosha.*

<sup>344</sup> Muri kuona murindi uya akagara paghedhi iri? Murindi weEvhangeri anotsigira bhuku iroro raMabasa rakanyorwa!

<sup>345</sup> Zvino, ndakanzwa mumwe mudzidzisi mukuru nguva shoma yapfuura, akati, iye . . . mumwe . . . murume mukuru, murume akanaka, ndakasangana naye, ndikamugwinha chishanu, hama yakanaka. Akati, “Asi Mabasa avaapostora aingova mapango nembariro zvekunze zveChechi.” Huh! Nemamwe manzwi, aive nemapango nembariro zvekunze *kuno*, maona. Apo, Mabasa evaapostora aive mukati, uye maEvhangeri aya ndiwo mapango nembariro zvekunze zvekuRibatanidza pamwe nekuRidzivirira. Munoono kuti pfu—pfu—pfungwa dzemunhu dzinogona kuita chero chinhu. Ndingadai ndakafungawo chinhu chimwe chete dai vasiri iVo. Maona?

<sup>346</sup> Mapango nembariro zvekunze, Pentekosti yakanga isiri iyo mapango nembariro zvekunze zveEvhangeri. Mavhangeri mana ndiwo mapango nembariro zvekunze zvekutsigira Pentekosti! Mushure mekunge vamisa mapango nembariro zvekunze izvi, Pentekosti yakazovepo. Ndizvo here? Chii chakatanga kunyorwa, Bhuku raMabasa here kana kuti—kana kuti vaapostora? Vaapostora. Jesu akafamba achiita mabasa uye achifanotaura izvo zvaizouya, uye Mateo, Marko, Ruka, naJohane, ivo varindi vana vakauya vakanyora zvese zvavakaona zvichiitika, vachizvitaure sezvazvingori, kuti zvaizoitika sei, chii

chaizoitika. Zvino pakarepo vakaRiisira mapango nembariro zvekunze zvakapoterredza, zvino herino Richiuya! Amen! Mateo, Marko, Ruka, naJohane, ndiwo mapango nembariro zvekunze, kana kuti basa revarindi vanochengetedza temberi huru, Chigaro choushe, Ropafadzo rePentekosti.

<sup>347</sup> Kwete sangano rePentekosti, hama, hanzvadzi, vari uko kunze kwechinhu chacho chose, uh-hum, kure kumashure kupfuura mamwe machechi. Vari kure zvikuru kupfuura maLutherani. Lutherani yakaramba iri nani pane zvavakaita, uye ndizvozvo, nezvimwe zvakano daro. Ndizvo chaizvo, Gene, nokuti, zvino, handina kuona Jesu ari kunze kwechechi yeLutherani, ari kuedza kupinda, asi achiedza...nokuti ndinofunga kuti haAna kumbova mukati pekutanga pachu. Asi A—Akanga ari muchechi yePentekosti akadzingirwa kunze. Ndizvozvo.

Zvino, Mateo 10:1.

<sup>348</sup> Zvino ngatiendei kuna Johane 14:12 uye tione kana—kana—kana Johane achizotsigira nekurinda zvinhu zvakakosha zvePentekosti. Muna Johane, chitsauko 14 uye ndima 12, Jesu achitaura:

*Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Uyo anotenda kwandiri, mabasa andinoita iye achaaaitawo zvakare; uye makuru kune aya achaaaita; nokuti ndinoenda kuna Baba vangu.*

<sup>349</sup> Oh, hama, gedhi riya apo, pakanga pakagara chapungu ipapo nokuti ndiyo shumiro yemuvhangeri, munoziva, kubhururuka sechapungu. Kumhanya zvikuru, kuenda kumusoro munyika yechiporofita kumusoro uko, munoono, anogona kuona zvinhu uye agotaura zvinhu zvakanga zviripo, zviripo, nezvichauya. Maona? Akagara ipapo akaririnda, akati, “Mabasa aNdinoita!” Tarisai chapungu ichi, munoono.

<sup>350</sup> Heino shumba, muranda. Jesu akavapa simba. Uye AnoRichengetedza, Anochengetedza Mabasa 2:38. Anomutsigira ipapo chaipo, shumba iyoyo.

<sup>351</sup> Hepanoi panouya kumhanyisa kweEvangeri, nechapungu ichi, chichiti, “Mabasa aya andinoita imi muchaaaitawo. Mazhinji kudarika aya muchaaaita,” ndokubhururuka nyenika yose naRo! Senjiva yaive nemudiwa wayo akagurwa musoro, ndokudururirwa paari, ropa rikasaswa pasi, richidanidzira, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha,” kuchenesa ane maperembudzi. Hongu.

<sup>352</sup> Zvino, ndine rimwe ipapo, Johane 15:7. Ngativhurei kuchitsauko 15, ndima 7:

*Kana muchigara mandiri, iko zvino, nemashoko angu... (kwete shoko reseminari)... mashoko angu*



*achigara mamuri, muchakumbira zvamunoda, uye muchazviitirwa.*

353 Ndizvo here? Zvino Vhangeri iroro rakarinda ipapo. Ropafadzo rePentekosti iri rinorindwa naJohane neEvangeri yake; Rinorindwa naMateo, Evhangeri yake.

354 Zvino, ngatidzikei kune Evhangeri inotevera, Marko, chitsauko 16, tione kana Marko akarinda Ropafadzo rePentekosti iri. Marko, chitsauko 16. Zvino, ngatitangirei pano neche apa. . .mushure. . .panotaura nezverumuko. Zvino, ngatiendei pasi kusvikira tasvika pa—pandima 14 yaMarko 16:

*Pashure wakazviratidza kuna vanegumi nomumwe vagere pakudya, akavatsiura napamusoro pokusatenda kwavo nohukukutu hwemoyo yavo, nokuti Havana kutenda vaya vakanga vamuona shure kwokunge amuka.*

355 Havana kutenda avo vaiedza kuvaudza shoko. Munoono, ndozvazviri nhasi. Vanhu vane huchapupu hweMweya Mutsvene; vanhu vakati, “Hazvina maturo, iboka revaumburuki vatsvene.” Zvino Akavatsiura pamusoro pekuoma kwemoyo wavo, munoono, nekusatenda kwavo; vakanga vaMuziva mukumuka kwaKe kuvakafa.

*Zvino akati kwavari, Endai munyika yose, muparidze evhangeri kuzvisikwa zvose.*

356 Chii? Kuparidza. . .iri. . .kune Vhangeri rimwe chete; varindi vana. “Paridzai Vhangeri iri kuzvisikwa zvose!” Zvino, rangarirai, Ari kutora vose vaviri, varindi vose vana (Mateo, Marko, Ruka, naJohane), munoono, “Paridzai Evhangeri kuzvisikwa zvose!”

*Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa; asi uyo asingatendi achatongwa.* (Munoono, unofanira kupinda murubhabhatidzo urwu pano.)

*Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa; . . . uyo asingatendi achatongwa.* (Oo, hama, tenda, ndapota!)

*Uye. . .(Chibatanidzo, kubatanidza mimwe mitsara pamwe chete). . . Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; . . .*

357 Saka, zvino, ngationei, Methodististi inoti kudini? “Kana uchigona kudaniidzira, nekurarama hupenyu hwakanaka.” VeBaptisti vanoti, “Ingova nokutenda wobhabhatidzwa.” VeEpiscopalian vanoti, “Mira semuEpiscopalian, saizvozvovo, wokotama kana kudeketera kuchiitwa.” MuKatorike anoti, “Taura ‘Kwaziwai, Maria.’” MuPentekosti anoti, “Joinha sangano redu. Bhapatidzwa muZita ra ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’” Hezvo ka izvo. Maona?

*. . . zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; Muzita rangu. . .(Hmm. Kwete “Baba, Mwanakomana, Mweya*

Mutsvene” pana izvozvo.) . . . Muzita rangu vachadzinga madhimoni; *vachataura nendimi itsva;*

*Vachabata nyoka; . . . kunyange vakanwa chero chinhu chinouraya, hachingavakwadzi; vachaisa maoko avo pamusoro pavarwere, uye vachapora. (Ameni! Oo, hama!)*

<sup>358</sup> Zvino dzokerai kundima 11, zvino tave kuzogadzirira kuvhara. Mateo 11, uye ndine 20 ne21, Jesu achitaura. Ose aya ndiJesu ari kutaura, zvino, hakuna kana rimwe chete rawo asi kuti ndiJesu ari kutaura, rimwe nerimwe rawo.

Zvino ava *mangwana, vakati* ivo . . . pavakasvika pedyo ne*Bhetania, akaziya* nenzara:

*Zvino akati achiona muonde . . .*

<sup>359</sup> Ndipo paAkataka muti (ndiMateo 21). ndine . . . :12, ndapota ndiregerereiwo. Marko 11:21 ne 22:

*Zvino Petro akarangarira akati kwaari, Tenzi, tarirai, muwonde wamakataka* munzira . . .

*Zvino Jesu akapindura akati kwaari, Ivai nokutenda muna Mwari.*(Maona?)

Nokuti *zvirokwazvo ndinoti kwamuri*, (saka, zviri mukati) . . . *ndinoti kwamuri*, Kuti ani naani *anoti kugomo iri, Simudzwa, ukandwe mugungwa; asingapokane mumoyo make, asi . . . achitenda kuti izvo zvaanoreva zvichaitika; anogona kuva nazvo . . . achawana chero chaanoreva.*

<sup>360</sup> Vakomanaka, gedhi rekumaodzanyemba rinorindwa nenzombe. Suo rokuchamhembe rinorindwa neshumba, suo rokuchamhembe . . . Ndinoreva suwo rekumabvazuva. Uye suwo rekuchamhembe rinorindwa nechapungu chinobhururuka, Johane, muvhangeri. Zvino chiremba kurutivi *urwu*, Ruka, munhu.

<sup>361</sup> Zvino, ngationei zvinotaurwa naRuka. Torai Ruka, chitsa-1 . . . Ndinotenda kuti tina Ruka 10:1 kusvika 12, ndiko ku—ndiko kutumwa. Imi mose munoziva kuti chii, asi . . . Ruka, chitsauko 10, uye 1 kusvika 12. Zvakanaka, taigona kuenderera mberi nekuzviverenga zvese, asi isu hatizove nenguva yekuzviita. “Endai nenzira dzenyu . . .” Ndichatangira pandima 3:

Endai nenzira dzenyu: *tarirai, ndinokutumai samakwayana pakati* pemhumhi.

*Musatora chikwama, kana hombodo, . . .*

<sup>362</sup> Maona, “Musaende muzita rerimwe sangano. Imi endai sezvaNdinokutumai. Maona? Musaende muine tarisiro yekuti muchawana zana rezviuru zvemadhora parumutsiro urwu;

kana musingadaro, musaenda. Maona. Gadzirirai mbuserere dzenyu.” Akati, “Endai kwaNdiri kukutumai.” Maona.

*Musatakura chikwama, kana hombodo, kana shangu: . . . musakwazisa munhu panzira.*

363 “Musamirapo muchiti, ‘Ndichaenda uko ndione kuti . . . ava vari kuita zvakadii . . . ava vari . . .’ Chingoendai kwacho kwaNdakutumai. Musava nehanya nomumwe munhu.”

*Zvino paimba ipi neipi yamunopinda, . . . muti, Rugare ngaruve neimba ino.*

*. . . kana mwanakomana worugare achinge aripo, rugare rwenyu rwuchadzokera . . . rwuchazorora pamusoro payo: kana kusina, rwuchadzokera kwamuri.*

*Zvino garai munguva iyoyo, garai muimba iyoyo (waro), muchidya nokunwa zvavanopa: (Zvino, zvese zvinhu izvi pamusoro “pekusadya nyama, nezvimwe zvakadaro.” Maihwee, zvangu! Maona?) nokuti mubati wakafanirwa nomubairo wake. Musapota-pota nedzimba.*

364 Moenda navaJones nhasi, pakudya kwemanheru, uye moenda ne—nevamwe vaviri vanotevera pazuva rinotevera, nevamwe vaviri vanozotevera. “Imi garai ipapo!”

Ndosaka pandinoenda mumusangano, munoziva, sei ndichigara muhotera chaimo, ndogara imomo, ndimo chaimo mandinowana rugare. Maona? Musapota-pota nedzimba!

*Uye guta ripi neripi ramunopinda, imomo kana vakakugamuchirai, idyai izvozvo zvaiswa pamberi penyu:*

*Uye poresai varwere—poresai varwere varimo, muchiti kwavari, Ushe huri . . . Mwari hwaswederwa kwamuri.*

365 Asi zvino, zvakanaka, regai ndiverenge ndima inotevera:

*Asi muguta ripi neripi ramunopinda, kana vasingakugamuchirei, endai nenzira yenyu kunze . . . kweguta mune . . . zuva . . . rimwe chete, . . .*

*Kunyangwe guruva chairo reguta, rinonamatira pa—patiri, isu . . . (Regai tione zvino.) . . . Kunyangwe . . . Uye . . . Kunyangwe neguruva reguta renyu, rakanamatira patiri, tinorikuhumurira kwamuri: zvisinei hazvo muzive chinhu ichi, kuti ushe hwaMwari hwaswederwa kwamuri.*

*Asi ndinoti kwamuri, Sodhoma richarerukirwa nezuva iroro, kupfuvura guta iroro.*

366 Oo, hama, nevimbiso yechokwadi iya yakaropafadzwa! Kana vasingaone, vasingakugamuchirei, endai mberi, mongoti, “Zvakanaka, kana musingandide, ndinongopukuta guruva,

kubva pashangu dzangu, ndobva ndatobuda.” Nemamwe mashoko, itii, “Handina chandatora; kana ndakadya chimwe chinhu, ndichakubhadharai, zvino ngatiendererei mberi.” Akati, “Zvirokwazvo...” Uye rimwe nerimwe remaguta aya kwavakaenda vakasagamuchirwa, rimwe nerimwe rawo rakanyura uye haachipo nhasi. Neguta—guta rose rakavagamuchira, richakamira kusvika zuva rino. Hezvoka izvo.

<sup>367</sup> Zvino, rimwezve, tozovhara. Ngationei, tine 10. 11:29 kusvika 31, Ruka 11:29 kusvika 31, zvino tiri kuzovhara. Oo, ndinozvida iZvi!

*Zvino vazhinji vakati vachiunganira . . .*

<sup>368</sup> Ngationei, ndine . . . NdiRuka, Ruka 11:29 here uyu? Hongu, ndinodaira ndiyo. Hongu:

*Zvino vazhinji vakati vachiunganira kwaari, akatanga kuti, Ichi chizvarwa chakaipa: chinotsvaka chiratidzo; asi kuchava . . .kuri . . .hakuna chiratidzo . . .chichapiwa kwachiri, asi chiratidzo chomuporofita Jona.*

*Nokuti Jona sezvaakanga ari chiratidzo kuna vaNinevhe, saka . . .zvakare zvichaita Mwanakomana womunhu kuchizvarwa ichi.*

*Mambokadzi wezasi achasimuka . . .pakutongwa na . . .nechizvarwa ichi, uye achachipa mhosva: wakati abva kumigumo yenyika kuzonzwa Kuchenjera kwaSoromoni; zvino, tarirai, mukuru kuna Soromoni ari pano.*

*Varume veNinevhe vachasimuka pakutongwa nechizvarwa ichi, uye . . .vochipomera mhosva: nekuti vakatendeuka pakuparidza kwaJona; zvino, tarirai, mukuru kuna Jona uri pano.*

<sup>369</sup> Ndiri kuti kudii zvino? Tichivhara, ndichatongosiya zvimwe zvacho zvese. Asi, mukuvhara, ndinoda kutaura izvi nekuti ndakuchengetai kwenguva refu. Ko Ari kuti kudii pano? “Richasvika zuva iro chizvarwa chakaipa, cheupombwe,” (Zvino rangarirai!) “chichatsvaka chiratidzo. Uye chino ichi chizvarwa chakaipa uye choupombwe.” Zvino Akati, “Chizvarwa ichocho chichagamuchira chiratidzo.” Tarisai kuti chinozvinangisa sei neBhaibheri rose, icho chiratidzo chaJona. “Jona akava mudumbu rehove mazuva matatu nousiku hutatu; saizvozvowo Mwanakomana womunhu anofanira kuva ari mudumbu re—renyika mazuva matatu nousiku hutatu.” Chichava chii? Chiratidzo cherumuko. Maona? Chiratidzo cherumuko chichaitika muchizvarwa chakaipa cheupombwe, uye zvakaikwa muBhuku raMabasa. Jesu amuka kubva kuvakafa, akapinda muna Petro, Jakobho, naJohane, nevaapostora, uye vakaita

Bhuku iri reMabasa (akanga asiri mabasa evaapostora), aiva mabasa eMweya Mutsvene waishanda *muvaapostora*.

<sup>370</sup> Haasi munhu nhasi; Mweya Mutsvene uri kushanda nemumunhu, kana vanhu, maona, unoita basa. Haasi munhu; munhu anongova mudziyo, munooona, asi Mweya Mutsvene ndiwo Mafuta ari mumudziyo iwoyo. Maona?

<sup>371</sup> Uye tarisai zvavakaita, tarisai zviratidzo zvavakaita zvaJesu. Vakatozovacherechedza nekuti... Va—vakanga vari vanhu vasingazive, vasina kudzidza, Petro naJohani. Asi vakatozovacherechedza, vakambenge vaina Jesu! Vakaita zvinhu zvaAkaita. Saka, munooona, Bhuku rose riri muBhaibheri, rose... mabhuku mana, maEvhangeri mana anorinda Ropafadzo rePentekosti neGwaro rose kutsigira chaizvo zvavakataura. Uye zvino Mabasa avaapostora anosimbisa nhasi pamwe nemaVhangeri mana kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi. MunoMuda here?

Vakanga vakaungana mukamuri iyoyo  
yepamusoro,  
Vose vachinamata muZita raKe,  
Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene,  
Uye simba rokushumira ndokuuya;  
ZvaAkavaitira nezuva iroro  
Achakuitira zvimwe chetezvo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

<sup>372</sup> Regai ndirwuimbe:

Vakanga vakaungana mukamuri yepamusoro,  
Vose vachinamata muZita raKe,  
Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene,  
Uye simba rokushumira ndokuuya; (Ndiro  
ratinoda nhasi.)  
ZvaAkavaitira nezuva iroro  
Achakuitira zvimwe chetezvo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

Vanhu ava vangasava vakadzidza, (Kwete...  
Sezvakaita Petro, Jakobho, naJohane.)  
Kana kuganza nemukurumbira wenyika,  
Vose vakagamuchira Pentekosti yavo,  
Vakabhabhatidzwa muZita raJesu;  
Uye vari kutaurira zvino, zvese kure-kure  
nekumativi ese,  
Simba rake richiri rimwe chetero, (Zvimwe  
chete sezvaraingova.)  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

Ndiri mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo;  
 Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,  
 Oo, ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti  
 ndiri mumwe wavo.

Oo, uyai, hama dzangu, mutsvage ropafadzo iri  
 Rinochenesa moyo wako kubva pachivi,  
 Richatangisa mabhero emufaro kuti arire  
 Uye nekuchengeta mweya wako uchibvira;  
 Oo, uri kubvira zvino mukati memoyo wangu,  
 O, Zita raKe ngaribwinyiswe,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara nokuti ndinogona kutura kuti  
 ndiri mumwe wavo; (Hareruya!)  
 Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

<sup>373</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Zvinonyengera vanhu vazhinji ivavo. Vano... Vanhu vazhinji kunze uko mumugwagwa vanoenda kuchechi, ndevemumachechi, vakanyengerwa sezvakaitwa Evha pakutanga. Havazive musiyano.

<sup>374</sup> Oo, huya utore Muti weUpenyu! Zvino, panzvimbo yemaKerubhi... Zvino, ndinoda kutura chimwe chinhu. Panzvimbo yekuti maKerubhi aya arinde Chigaro choushe ichi, ari kunze kuno achitsvaka, achiedza kuunza vanhu, kuvarinda kuti vaende paChigaro choushe, achiedza kuvaunza vachipinda napasuwo, vachidzokera kuMuti woUpenyu zvakare kuti vatore Uyu. Jesu akati, “Ndini Chingwa cheHupenyu chakabva kuna Mwari chichibva Kudenga. Uyo anodya Nyama yaNgu nokunwa Ropa raNgu ane Hupenyu Husingaperi uye Ini ndichamumutsa nezuva rokupedzisira.” Ndizvozvo. Oo, ndinofara kwazvo!

<sup>375</sup> Vangani vari kurwara mukamuri ino? Ngationei maoko enyu, simudzai maoko enyu. Zvakanaka. Vangani vane... Ndizvo here... Nda—ndanzwisisa here Billy? Ari papi? Apa makadhi ekunamatirwa here? Wadaro here...? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Zvakanaka, ndiani ane... [Chibenga chisina chinhu patepi.]

<sup>376</sup> Zvino, tarisai kuno uku, imi mose. Zvino, ndizvo zvazvinongoita kana tauya pasi peKubwinya pano, munoona. Maona? Maona? Kunouya... Chiedza chiri pano. Uri kufamba pano, unoona. Zvino, tarisai, chingori—chingori chadzera, chadzera chete, ichocho, munoona. Handicho Chiedza chacho. Hechino Chiedza chakaremba ipo pano, munoona, pano pane

mutdzimai uyu. Ndangosvika pandaChiona uye ndikafunga kuti Changa chiri pamusoro pemumwe munhu.

<sup>377</sup> Zvino, muri kuona chimwe chete asi ndiri kuona zviviri. Chimwe chacho ndechepanyama, uye Chimwe chacho ndechepaMweya. Pane murume agere panze apa, mumutsara uyu akatarisa uko kune Chiyedza icho. Chamubata. Anobva kuSeymour, Indiana, uye ane...akaoma mitezo. Kana muchitenda, changamire, Mwari vanokupodzai pakuoma mitezo uku. Amen! Tendai zvino!

<sup>378</sup> Munotenda here nemoyo wenyu wese? Zvino kana Ishe Mwari, Musiki wematenga nenyika, vakanditendera kuita chimwe chinhu chinoratidza kwauri kuti ndiMwari, zvino muchatenda nemoyo wenyu wese? Chinhanho chenyu—chenyu chinhanho ndechekuhuta-huta chakakonzerwa ne—ne—nekuguma kubereka. Munotenda here kuti Mwari vachakuporesai? Hamusi vekunowo zvakare.

<sup>379</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...dambudziko renyu nderei? Uye, uye mukudaro, kuti Vanozokupodzai? [Chibenga chisina chinhu patepi]...vanogona kukuporesai, nekuti hamusi imi muri kuda kuporeswa, mwanakomana wenyu. Maona? Ari kuVirginia. Munotenda here kuti ndinogona kukuudzai dambudziko rake, nerubatsiro rwaMwari? Ane maronda mudumbu. Ndizvozvo. Zvakare ane rimwe dambudziko paari, haana kuponeswa. Uye muri kumunamatira. Zvino, Mai Baker, chidzokerai kuSomerset mugotenda nemoyo wenyu wese, Jesu Kristu achamupodza. [Chibenga chisina chinhu patepi]...?...anokupodzai, munoMugamuchira here seMupodzi wenyu? Kana maigona...[Chibenga chisina chinhu patepi]...murapi. Pauro akati imwe nguva...[Chibenga chisina chinhu patepi.]

<sup>380</sup> Iyi unganu yevanhu vanyatsoteerera kusvika masikati ano, Ishe, zvino, Ishe Mwari, ndinonamata kuti tsitsi dzeNyu nekunaka zvigozorora pavari.

<sup>381</sup> Satani, ndinokupikisa nemuZita raJesu Kristu, buda muvanhu ava! Vanyatsotivira pakuteerera kueVhangeri. Hauchagoni kuramba wakavabata. Regai simba radhiyabhore rakasunga vanhu ava, ribve!



*ZVAKAZARURWA, CHITSAUKO CHECHINA CHIKAMU III* SHO61-0108  
(Revelation, Chapter Four Part III)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZECHIZARURO CHAJESU KRISTU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Ndira 8, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)